

# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**
Оксана ХЕТАГУРОВА

**Редакция**
Ответственный секретарь – Асланбек КАСАЕВ
Редактор отдела прозы – Борис ГУСАЛОВ
Редактор отдела поэзии и драматургии – Батрадз КАСАЕВ
Редактор отдела критики и публицистики – Зара АЙЛАРОВА

**Редакционный совет**
Гастан АГНАЕВ, Руслан БЗАРОВ,
Зелим ВАТАЕВ, Клавдия ДЖУСОЕВА,
Станислав КАДЗАЕВ, Елизавета КОЧИЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Анжела КУДЗОЕВА, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2019

# МАХ ДУГ

7

2019

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал мыхуыры цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

**Сæйраг редактор**
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

**Редакци**
Бæрнон секретарь – КАСАТЫ Аслæнбег
Прозæйы хайады редактор – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи æмæ драматургийы хайады редактор – КАСАТЫ Батрадз
Критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор – АЙЛАРТЫ Зарæ

**Редакцион совет**
АГЪНАТЫ Гæстæн, БЗАРТЫ Руслан,
УАТАТЫ Зелим, ДЖУСОЙТЫ Клавæ,
КЪАДЗАТЫ Станислав, КОСТЫ Лизæ,
КЪУСРАТЫ Анатоли, КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ, ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2019

# НОМЫРЫ ИС:

**РЕДАКТОРЫ НЫХАС** ........................................................................ 5

**КАРЗ ХÆСТЫ ФÆНДÆГТЫЛ – УÆЛАХИЗМÆ** ...................... 7

**ПРОЗÆ ÆМÆ ПОЭЗИ**
ДЖИМИТЫ Æхсар. Царды цоппай. *Мысинæгтæ* ........................... 14
ДЖУСОЙТЫ МАРАТ: 60 АЗЫ.
ДЖУСОЙТЫ Марат. *Æмдзæвгæтæ* ................................................. 45

**АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД**
БАСИТЫ Барис. *Таурæгътæ* ............................................................ 54

**РУХС НОМ**
ÆЛБОРТЫ ХАДЗЫ-УМАР: 80 АЗЫ.
ÆЛБОРТЫ Хадзы-Умар. *Æмдзæвгæтæ. Уац* .................................. 60

**«МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ**
Аллонистон: ивгъуыды сурæттæ .................................................... 65

**ÆРЫГÆТТЫ ÆРМДЗÆФ**
БЕТЕТЫ Фатимæ. *Æмдзæвгæтæ* ....................................................... 90

**ДРАМАТУРГИ**
ДЖЫККАЙТЫ Шамил. Санаты Сем. *Комеди* (кæрон) .................. 97

**ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ**
МАЛИТЫ Васо. Сурмейы хæдзар. *Романæй сæргонд* ................. 123

**МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ** ................................................ 143

## *Редакторы ныхас*

# ХЪЫСМÆТ, ÆВИ ГАБОЛАЙЫ МИТÆ?!

*Фæзæгъынц, лæг, дам, куы райгуыры, уæд йæ хъысмæт йæ ныхыл фыст вæййы. Уый, чи зоны, æмæ афтæ у. Фæлæ лæгæн бирæ хъуыддæгтæ йæхицæй, йæ алыварс æмдзæрин цы адæмимæ кæны, уыдонæй аразгæ сты, зæгъгæ, куы зæгъæм, уæд нын æнæбындур ныхас нæ уыдзæн.*

*Æцæгæлон адæм дæр арæх свæййынц искæй хъысмæт-араздæжытæ. Куыдæй? Ам зæрдыл æрбалæууы Хостыхъоты Зинæйы уацмыс «Уыцы чызджы писмотæ»-йы хъайтар Габола: «Габолайы хуызæттæ алырдæм дæр арæхсынц. Искæуыл цъыф бакалын куы бахъæуы, уæд се 'взæгтæ къæдз белтæ фестынц. Дæ сæрыл дын æнæнхъæлæджы ахæм цъыфы обау ацамайдзысты, æмæ йæ бынæй рабадын дæр дæ бон нал бауыдзæн...».*

*Хъыгагæн, лæджы «цардараздæжытæ» фылдæр хатт Габола æмæ йæ хуызæттæ вæййынц. Нæ батыхсын кæндзысты сæхи, исты хабарыл дзургæйæ, рæстдзинад бацагурыныл, хъуыддаджы уæлцъæрттæ ссивынц. Равзарынц æнцондæр фæндаг: газетты уа, Интернеты, цъыф афтæ æнæвгъау калынц, æмæ, адæймаг цæрæнбонты цы мæсыг амадта рæстуд æмæ сыгъдæг зæрдæйæ, уый сæм нымады дæр нæ цæуы.*

*Цæмæн стæм ахæмтæ?! Хæлæгæй мард чи уа, уый йæ зæрдæйы маст суадзын æндæр хуызы цæуылнæ зоны?! Ныхасæй ис адæймаджы амарæн, ныхасæй ис адæймагыл базыртæ ныссадзæн, ныхасæй ис авд дуары байгом кæнæн, уыдонимæ зæрдæйы дуар дæр. Фæлæ нæ æцæгæй дæр сафы хæлæгдзинад! Æхсæв нæ фынæй нæ уадзы, бон – размæ цæуын! Къостайы «кæрæдзи уарзгæйæ цæрут, ме 'фсымæртæ» хъуамæ уыдаид нæ иудзинады тырыса, фæлæ уый дæр айдагъ ныхасæй баззад.*

*Уый худинаг æмæ аллайаг хъуыддаг нæу? Бæгуыдæр у!*

*Габолайы миниуæг цъæх мигъау æртыхст æгас Ирыстоныл дæр æмæ ма суанг нæ литературон журналтæм дæр фæхæццæ: систы хахуыргæнæнты фæрæзтæ, фæнды нæ æви нæ, уымæй мах ничи фарста. Сæ къуырф фыссæн сисæй цъыф кæуыл бакалдтой, уыдонæй биратæ абон, хъыгагæн, æгас нал сты. Дзæнæт – сæ бынат. Уыдысты, Ирыстон сæрыстыр кæмæй у, ахæм хъæбултæ. Абон сæ мах курæм стыр хатыр. Фæсмойнаг кæй стæм, æмæ мæрдтæм дæр фехъуысæд. Фæлæ цы уыдис, уый уыдис. Махæн нæ абоны нысан у, нæ ивгъуыд зæрдыл даргæйæ, фидæны фæлтæртæ уыцы цъæх мигъæй бахъахъхъæнын.*

*Табу Хуыцауæн, рæзы нæм ныфсфидар кæмæй стæм, ахæм кæстæртæ. Фæнды сæ царды рæстдзинад æдæрсгæйæ агурын, сæ фыдæлты уидæгтæм здæхын, хи фæндаг равзарын, æмæ та æцæгæй дæр æууæнк æмæ ныфс æрбауылæн кодта зæрдæйыл.*

# КАРЗ ХÆСТЫ ФÆНДÆГТЫЛ – УÆЛАХИЗМÆ

*2020 азы 9 майы бирæ бæстæты цæрджытæ сбæрæг кæндзысты фашистон Германы ныхмæ тохы Стыр Уæлахизы 75 азы юбилей. Уыцы боны кадæн, журналы гом кæнæм сæрмагонд рубрикæ «Карз хæсты фæндæгтыл – Уæлахизмæ». Уымæй нæ журналы автортæ æмæ кусджытæ арынц, Фыдыбæстæйы, Стыр хæстмæ Ирыстонæй фæцу æмæ ма ʻрцуйы фæндагыл цы цæхæрцæст гуырдтæ ацыд, уыдоны рухс нæмттæ.*

*Рæстæджы цинтæ, хъыгтæ æмæ царды уавæртæ æвдисæг – адæмон сфæлдыстад. Зынгæдæр бынат дзы ахсынц зарджытæ. Зындгонд композитор Виктор Долидзе йæ уац «Ирон адæмон музыкæ»-йы фыста: «Фыццаг хатт куы фехъуыстон къорд ирон адæмон зарæджы, уæд мæ уырнгæ дæр нæ кодта, ахæм хæдбындур мелодитæ адæмæн сæхи æхсæнæй рацыдысты, уый».*

*Ирон адæмы бæрзонд идеалтæ, знагимæ тохы æхсар æмæ лæгдзинад æвдисын – ахæм у зарджыты мидис, сæ хъуыды. Бирæ зарджытæ фæзынд, Фыдыбæстæйы Стыр хæст куы райдыдта, уæд. Уыдон абон дæр цæрынц адæмы 'хсæн, систы сын уарзон.*

## ЧЫЗГ ÆМÆ ЛÆППУЙЫ ЗАРÆГ

*Чызг:*
Мæ уарзон стъалы,
Германы хæстæй мын кæд ссæудзынæ
Æмæ мын хибарæй
Дæ сусæг ныхæстæ кæд фæкæндзынæ?
Мæ зæрдæ æнæ дæу
Бынат куы нæ ары æппындæр йæхицæн,
Иунæг минуты бæрц
Мæ рæзгæ зæрдæйæ нæ комыс фæхицæн.
Æнæхатыр знаг,
Мæ уды тæригъæд йæ фæдыл æфтыд уа,
Уарзоны уындæй мæ

Цыппар азы дæргъы æнæ хай фæкодта.
Кæд уыдзæн уыцы бон,
Кæд мæм ссæудзынæ, мæ зæрдæдарæн?
Дæхи аххос уыдис:
Цæмæн мæ æвзæрстай царды æмбалæн?
Сыгъдæг уарзондзинад
Зæрдæйы къултæ æнгом æлвасы,
Хæрзбон уал, мæ уарзон,
Мæ сусæг писмо дæм поезд фæласы.

*Лæппу:*
Мæ зæрдæфæлæууæн,
Судзгæ уарзондзинад мæ риуы нæ мæлы.
Уæззау тохы бон дæр
Æфсæддоны зæрдæ дæ уындмæ куы бæллы.
Мæхи дæр куы фæнды
Дæуимæ ныхæстæ, зæрдæйы уарзон,
Фæлæ тохы арты
Мæ хæстон æмбæлтты æз куыд ныууадзон?
Нанайы рæсугъд чызг,
Нæ сабыр дугæн та йæ рæстæг æрцæудзæн,
Тыхсгæ ма кæ, мæ бон,
Къæвдайы фæстæ та хурбон скæндзæн.
Æнхъæлмæ кæс, чызгай,
Знаджы æфсæдтæн лæгау цæф ныккодтам,
Дысоны изæр дын
Берлины стыр уынджы ирон симд æркодтам.
Куы зоныс, мæ дуне,
Уарзондзинадæй хистæр у нæ бæстæ,
Фæуæлахиз стæм,
Сырх Æфсады руаджы – æххæст нæ хæстæ.

*Чиныг «Ирон адæмон сфæлдыстад», Дзæуджыхъæу, 1949.*

## МАМСЫРАТЫ ХАДЖУМАРЫ ЗАРÆГ

Кæрон дæр нæ уыди йæ тохы фæндæгтæн,
Фæринк кардæй знæгты цæгъдгæйæ.
Хаджумары рухс ном йæ тохы хæлæрттæн
Сæ зæрдæты баззад цæргæйæ, гъей!

Зымæг дæр булæмæргъ ратæхы уæд сæрдæй,
Нæ мидбылхудт уымæн æвдисæн, гъей!
Æдас вæййы тохы хъæбатыры зæрдæ,
Уæд сонтæй куыд басæтты низæн, гъей!

Дзæбидыры дзугæн цы хатæн ис хохы,
Йæ раздзæуæг цъититæм бафты.
Йæ дзыллæйы сагъæс кæй бацæуы тохы,
Дывæрæй уый кадыл бафты, гъей!

Æрттивгæйæ, хурæн йæ хъару нæ фæуы,
Йæ тынтæ ныппырх вæййынц фæзты.
Цæхæрцæст Хаджумарæн баззад уæлæуыл
Йæ зарæджы намыс йæ бæсты, гъей!

*«Ирон зарджытæ Фыдыбæстæйы Стыр хæсты хъæбатыртыл». Чиныг сарæзта Хаханты Дудар. – Орджоникидзе: Ир, 1990.*

## АВД ÆФСЫМÆРЫ ЗАРÆГ

Хуссары хоры адаг ныккæнут, Гæбутæ,
Фæззæджы æхсынæнтыл.
Диссаджы тохы зарæг ныккæнут, лæппутæ,
Гæздæнты ’фсымæртыл.
Хъæдгæстæ ’мæ зыгъарджытæн –
Хæснаджы Хъæрмæдон.
Шамиль бадзуры: «Хъæубæстæн æмæ ныййарджытæн

Загътам фæстаджы хæрзæбон».
Нæ зæрæстæттæ –
Æксабиты –
Ног арæзтад и.
Дзæрæхмæт бадзуры: «Нæ зæрæдтæ
Æмæ нæ сабитæ,
Де уазæг, парти!»

Тæгæрдонæй сæ бæхтæ фæластой
Æмæ хæмпæлæй хосгæрстытæ скодтой.
Махарбег бадзуры:
«Мæ хæдонæй мын мæ цæфтæ фæбастой,
Бæмбæгæй мын компрæзтæ фæкодтой».

Мæхæдæг базонин, Цæгæраты бæхæй мæ
Хорхæссæн куы уаид.
Мæхæмæт бадзуры:
«Цæвут сæ, лæппутæ, мæ дæлармы цæфæй мæ
Хорз æхсæн куы уаид».

Хасанбег бадзуры:
«Гæздæнты æфсымæртæ
Фыдыбæсты хæсты
Авдæй сæ сау туг ныккалдтой».

Фыйййаджыдон ахæццæ Елхоты нарджытæм.
Хадзысмел бадзуры:
«Ныр нын чи хъусдзæн нæ ныййарæг æмæ
Нæ хоты хъарджытæм!»

Цæгаты нарæг
Сæ сынты раз ныккæрдæм.
Гæздæнты авд æфсымæрæн сæ кады зарæг
Сæ цырты раз ныккæнæм.

*Зарæг скодтой Куырттаты хистæртæ Цæгæраты Созырыхъойы разамындæй. ЦИГСИИ–йы архив, фольклорон хайад, папкæ № 124, инв. 410. «Ирон адæмон сфæлдыстад», хрестомати. Сарæзта йæ Калоты Георги. Орджоникидзе, 1975.*

# ХЪАЛÆГАТЫ ТÆТÆРИЙЫ ФОНДЗ ФЫРТЫ ЗАРÆГ

Куырттаты комы – фыдохы сау барæг.
Хъалæгаты Тæтæрийы фондз фыртыл
Хъæдгæрон скодтой тохы зарæг, гъей!

Карцайы сæрмæ Дзывгъисы гæнæхтæ.
Дзамболат бадзуры йе ’фсымæртæм:
«Нæ арæнæй фæцыди фæдисы гæрæхтæ, гъей!»

Дыгуры комы, дам, Фæсналы – бæрæгбон.
Хъазан бадзуры: «Мах куы загътам
Нæ уарзон бæстæйæн фæстаджы хæрзæбон, гъей!»

Дайраны бынмæ – Дзæуыджы цъæх фæзтæ.
Мæцыхъо бадзуры: «Мах нæ ратдзыстæм
Германы фашисттæн нæ Фыдыбæстæ, гъей!»

Уаддымгæ куы сыста – хæхтæ дæр ракалдзæн.
Мысост бадзуры: «Нæ иунæг хо ныл,
Иронвæндаггæнгæ, кæуынæй йæхи амардзæн, гъей!»

Мызуры бын, дам, худисæн гæнæхтæ.
Тæтæрхъан бадзуры: «Мах фæкæндзыстæм
Нæ фыдызнæгты удисæн гæрæхтæ, гъей!»

Зæрæстон фæзæй иу æвзар ысзындис...
Фондз æфсымæры ныййарæг Хангуассæ бадзуры:
«Мæ фондз хъæбулæй хæстæй иу дæр нал ыссыди, гъей!»

Фыййагдоны былыл – сау пысыратæ.
Æрыдонæй горæтмæ фæндагыл Тæтæрийы
Фондз фыртæн ныссагътам сау тырысатæ, гъей!

*Зарæг сарæзтой Хъæдгæроны колхозонтæ. ЦИГСИИ-йы архив, фольклоры хайад, папкæ № 124, 410. «Ирон адæмон сфæлдыстад», хрестомати. Сарæзта йæ Калоты Георги. Орджоникидзе, 1975.*

# ÆХСАРАТЫ ЭНВЕРЫ ЗАРÆГ

Райгуыræн бæстæ нæм тохмæ уæд фæсидт,
Нæ сахъ фæсивæд, ой, ой!
Нæ бон мæйдарæй нæ ивæм, ой,
Мæ бон, Æхсараты хъæбатыр Энвер, гъей!

Тархъæды бæлас кæд æмæ акалдтой цæджындзы уæд тыххæй.
Мæ уарзон æмгæрттæ, ой, ой, Фыдыбæсты
Хæстмæ фæцыдысты нæ царды цæрыны уæд тыххæй,
Мæ бон, Æхсараты хъæбатыр Энвер, гъей!

Махæн ахæм цардуарзон æмгæрттæ
Нæ дуджы уæд фæрцы, ой, ой!
Фыдызнаг дæ цæфтæй йæ туджы куы мæцы, ой!
Мæ бон, Æхсараты хъæбатыр Энвер, гъей! Ой, тох!

*«Ирон зарджытæ Фыдыбæстæйы Стыр хæсты хъæбатыртыл». Чиныг сарæзта Хаханты Дудар. – Орджоникидзе: Ир. – 1990.*

# ДЗОТТИ ЛАЗÆРИ ЗАР

Раседуй карз тохмæ нæ бæстæ
Нæ болат фурттæмæ мадау, ой, ой!
Лæгисæр багъудæй, ой, рацотæ,
Æзнæгти содзетæ зингау, ей!

Гермайнаг нæ гъæутæ ку содзуй,
Сабити е артмæ калуй, ой, ой!
Сау берæгъ уæззау цæф ку есуй,
Сау берæгъ мæлæтмæ цæуй, ой!

Дур-Дури сæри уæд базмалдæй.
Таргъæдæй æ сифтæн æваст, ой, ой!
Дзеди фурт фертæстæй æ мадæй,
Æзнæгтæй ку иста æ маст, ой, ой!

Лазæр уæд Донбасси будурти
Æзнæгти буройнæ кодта, ой, ой!
Уæлахез æдæрсгæй æ къохти
Æфсадæн сæ разæй хаста, гъей!

Зонун, мæ адæм, зонун, мæ бæстæ,
Æзнаг ке уодзæнæй дæрæн, ой, ой.
Размæ, цæветæ æзнæгти хъартæ!

*Радзырдта йæ Гулчеты Епо Майрæны фырт, 59-аздзыд, Ныффыстой йæ Хъазбегты Н. æмæ Папасимеониди Н., 1988 аз, г. Дигора.*

## ЦÆБИТЫ ГАГУЫДЗЫ ЗАРÆГ

Наргомы Ганисы гæнæхтæ,
Гъæйтт-мардзæ, нæ фæсивæд,
Нæ арæнтæй фæцыдис дæлæ,
Нæ арæнтæй фæдисы гæрæхтæ.

Цъæйы хæхты сын – нæзыйы фæрстæ.
Цæбиты Гагуыдз бадзуры йе ’мбæлттæм:
«Мах нæ ратдзыстæм не знæгтæн
Нæ Фыдыбæстæ».

Уыналы суадон – æхсæрдоны хуызæн.
Гагуыдз бадзуры: «Мах нæ цæхæрцæст
Уаритимæ бырсдзыстæм
Не знæгтæм æхсæв боны хуызæн».

Сæ галы цармæй сын гæбæт ызгъæр.
Гагуыдз бадзуры: «Цомут, æмгæрттæ,
Æрлæууæм сæ размæ не знæгтæн,
Кæннод æгады цардæй – мæлæт хуыздæр».

*Радзырдта йæ Лазарты Хъайсын. Ныффыста йæ Кокойты Тæтæрхъан, 27 август, 1953 аз, Хъæдгæрон.*

*ДЖИМИТЫ Æхсар*

# ЦАРДЫ ЦОППАЙ

*(Мысинæгтæ)*

Уый уыдис Фыдыбæстæйы Стыр хæсты хæд фæстæ. Мæ фыдыфсымæр Гыдто нæ цæхæрадоны тыдта картофы дидинджытæ æмæ мæм фæдзырдта:

– Æхсарбег, хæстæгдæр ма мæм æрбацу.

Æз æм бацыдтæн æмæ йын загътон:

– Æз Æхсар хуыйнын.

Уый мыл фæхъæр кодта:

– Цавæр Æхсар дæ, æз дыл Æхсарбег ном сæвæрдтон. Уый дæ фыд коммунист у æмæ бегты нæ уарзы, фæлæ дæ искуы бахъæудзæн дæ ном бегимæ.

Стæй мын, йæ къухы цы дидинджытæ уыд, уыдон, хицæнтæ кæнгæйæ, зæхмæ æппæрста нымайгæйæ:

– Фондз картофы, авд картофы, дыууæ картофы, – калд сæ куы фæцис, уæд мын загъта: – Дæ мад ацы цалдæр бынæй скъахдзæн къæртайæ фылдæр.

Уый та куыд, зæгъгæ, йæ куы бафарстон, уæд мын ахæм дзуапп радта:

– Абонæй фæстæмæ дæ зæрдыл бадар: халсартæн дæр сæ уæлдай дидинджытæ куы тонай, уæд сæ тыллæг уыдзæн бирæ фылдæр.

Æз уæд фæныфсджындæр дæн æмæ та йæ бафарстон:

– Гыдто, уæ дыргъдоны та кæрдо бæласæн йæ иу къалиуыл фæткъуытæ цæмæн зайы?

Уый мын афтæ:

– Куыд адæмæн, афтæ зайæгойтæн дæр ис бауи кæнæн. Мæнæ мын æхххуысхъом куы фæуай, уæд дæ кæрдо бæлæстыл дæр зайдзæн фæткъуытæ, æхсынцъыйыл – чылауитæ, фæлæ уый кæд уыдзæн?! Æз та иу къухæй зивæг кæнын райдыдтон ахæм лæмбынæг куыстытæм. Уыцы куыст та хуыйны пырсип кæнын.

– Гыдто, хæсты куы нæ уыдтæ,уæд дæ цонг цæмæн бахуыскъ?

– Уый дын афтæ æнцонты нæ фæуыдзынæн дзырд, фæлæ дын æй бæлвырд радзурдзынæн, мæнæ иумæ пырсип кæнын куы райдайæм, уæд.

1946 азы уалдзæг. Иу райсом, хурмæ куыд бадтæн, афтæ Гыдто

кæцæйдæр фæзынд æмæ мæм фæдзырдта. Йæ къухы уыд кæттагæй хызын, æмæ мæм æй радта:

– Абонæй фæстæмæ дæу фæуæд.

Хызын разынд æнахуыр уæззау, æмæ æз хорзау нал фæдæн. Ныккастæн æм, æмæ дын дзы разынд цыргъ фæрæт, цыдæр зылын хырх, хæцъилы цыдæр лæхъир змæст сæнары тæфгæнаг, цалдæр зылын карды, иуæн дзы йæ кæрон уыд уасæджы къоппайы хуызæн. Фæлæ мæм æппæты диссагдæр фæкастысты цалдæр къуыбылойы гæны цъæрттæй – мах ехсытæ цæмæй быдтам, ахæмтæ, фæлæ хусæй. Цыдæртæ ма дзы уыд, фæлæ мæ ферох сты. Гыдто мыл схъæр ласта:

– Рæвдз сæ фæстæмæ хызыны бавæр, уæртæ дæ фыд æрбацæуы, æмæ ныл мæгуыры бон акæндзæн.

Æз хызын мидæмæ бахастон æмæ йæ кæфойы бын бакодтон. Рацыдтæн æмæ дурыл æрбадтæн. Мæ фыд куы ‘рбахæццæ æмæ йæ бæх бæласыл куы бабаста, уæд Гыдтомæ дзуры:

– Цы хорзыл æй ардауыс дæ хъаны?

Гыдто йын загъта:

– Уæртæ ме скъæт мæрзын, æмæ мын фаджыс хæссынмæ аххуыс кæн, зæгъгæ йын лæгъстæ кæнын, фæлæ мын нæ комы.

Уæд мæ фыд бидаркæйырдæм фездæхт ехс агурæг, фæлæ æз тигъмæ алыгъдтæн. Гыдто рацыд тигъмæ æмæ мæ сæхимæ акодта. Цардис махæй иу хæдзар уæлдæр. Æцæгæйдæр, се скъæты дуармæ уыдис дыууæ бедрайы фаджысимæ.

Уый фæстæ уыдис, æвæццæгæн, 1 Май, æмæ нæ скъолайы мæт нæ уыди. Лæппутæ къуыбыртыл хъазыдысты стыр дуры сæрæй гæпп кæнынтæй. Уыдонæй мæм иу хъæр кæны, цæмæ, дам, ма ссыдтæ, дæлæ, дам, дæм де ‘рдхорд æрцæуы, зæгъгæ. Мæстæй-иу мæ мардтой, Гыдтойы хъан-æхххуырст, зæгъгæ. Иумæ-иу куы куыстам, уæд та мæм-иу хæлæг кодтой. Цыдæр диссæгтæ, дам, ын дзуры.

Æцæгæйдæр, сæ цæхæрадæтты кæрæтты æрцæйцыд. Æз йæ размæ рауадтæн, æмæ йæ куы бафарстон, кæдæм цæуыс, зæгъгæ, уæд мын загъта:

– Абон æмæ райсом мæй амоны пырсип кæнæн бонтæ, æмæ дзы фæпайда кæнæм.

Хызын мын рахæссын кодта, æмæ лæппутæ хызын куы федтой, уæд нæ фарсмæ æрæмбырд сты. Фæлæ сын Гыдто загъта:

– Æз Æхсарбеджы кæнын пырсип кæнынмæ. Уый уын æй фæстæдæр бацамондзæн, ныр ацæут æмæ хъазут.

Мах ацыдыстæм цæхæрадæтты кæрæтты уæлæмæ æмæ

бахызтыстæм Петкæйы дыргъдонмæ. Мæн схизын кодта æмæ мын æртасын кодта чылауи бæласы къалиу. Уый йыл ныххæцыд æмæ мæм дзуры:

– Æрхиз æмæ мæм къуыбылой ратт.

Æз æм æй куы радтон, уæд дзы уый иу тагыл дæндагæй ныххæцыд, къуыбылой та зæхмæ æрæппæрста. Гæны кæрон бабаста къалиуыл æмæ мæм дзуры:

– Къуыбылой сис æмæ гæны кæрон бабæтт дæлæ уыцы къодахыл.

Æз афтæ бакодтон, æмæ уæд уый къалиу суæгъд кодта. Къалиу ма иучысыл уæлæмæ ссыд, фæлæ йæм Гыдто хорз æххæссыд. Бацагуырдта зылын хырх æмæ дзы къалиу алыг кодта. Бацагуырдта хæцъилы тыхт æмæ дзы йæ къухы æнгуылдзтыл систа змæст къалиуы лыг бынат сæрдынмæ. Бацагуырдта æнахуыр кард æмæ бацыд æндæр бæласмæ.

Уымæй дæр ралыг кодта къалиу æмæ йæ ‘рбахаста иннæ бæласы размæ. Райста уыцы æнахуыр кард æмæ дзы къалиу йæ астæуыл дих кæнын райдыдта. Дих куы фæци, уæд ын, уасæджы къоппайы хуызæн цы кард уыд, уый фазы мидæг фæцавта æмæ йæ змæлгæ-змæлын рахæлиу кодта. Иннæ кардæй цы къалиу алыг кодта æмæ æрбахаста, уый кæрон дыууæрдыгæй ацыргъ кодта æмæ, кард цы къалиуы уыд, уырдæм æй бахаста.

– Мæнмæ хъус ныр лæмбынæг: мæнæ æз ацы къалиу тъыссын иннæ къалиуы зыхъхъыры, фæлæ мæ кард нæ уадзы. Бамбæрстай, цæмæн мæ хъæуыс, уый? Æз тъысдзынæн ацы къалиу, ды та кард фелвасдзынæ зыхъхъырæй.

Афтæ бакодтон, æмæ йæ уæд нытътъыста иудзæвгар, стæй ма фæцархайдта цыдæртæ æмæ йæ байсæрста, хæцъилы цы змæст уыд, уымæй. Гæны къуыбылой мын райхалын кодта. Иу хал дзы фæхицæн кодтон, æмæ мæм дзуры:

– Иу кæрон дзы мæнмæ ратт.

Радтон æм синаджы кæрон, æмæ йыл уый ныххæцыд дæндагæй, кæм баиу кодта къалиутæ, уымæй гыццыл бындæр. Мæнмæ та сдзырдта:

– Ныр ды гæны зил къалиуы алыварс, æцæг æй æлхъивгæ кæн, стæй йын йæ кæрон балхынцъ кæн.

Сау чылауийы къалиуыл баиу кодтам урс чылауийы къалиу. Уый фæстæ мæм дзуры:

– Ауай, æмæ уæртæ хæдзары сынтæджы бын дурыны къуымæл, æмæ дзы рахæсс.

Бацыдтæн хæдзармæ æмæ сынтæджы бын дынджыр дурынæй къуымæл рауагътон æмæ йæ рахастон. Æз ын къусмæ уадзын, уый мæм дзуры:

– Æгъгъæд у, уыйас бануаздзынæ – уый дæхицæн уагътай.

Æз нæ куымдтон, æмæ мын Гыдто уæд афтæ бакодта, дон кæстæрæй нуазгæ у, зæгъгæ. Бануæзтон.

– Амæй фæстæмæ мæм афтæ куы хъусай, уæд цардæй истытæ базондзынæ. Мæ цонгæй мæ фæрсыс, æмæ дын æй кæд ацы уалдзæг нæ фæуин дзырд..

Йæ ныхас райдыдта афтæ:

– Мæнæ Фыццаг Дунеон хæстæй фæстæмæ нæхимæ чи ссыд, уыдоны зондахаст сси бынтон æндæрхуызон. Æппæлыдысты фæсарæнты цæрджыты цардæй. Загътой-иу: «Иугыццыл ахæм цардæй ацæр!»

Уыдæттæм хъусгæйæ, æз дæр бахæлæг кодтон ахæм цардмæ. Цæмæн мæ хъæуы ахæм цард, дæ кæстæр дыл хъæр кæм кæна. (Ома, мæ фыд йæ кæстæр уыд, æмæ уый тыххæй афтæ дзырдта). Иу фæссихор Дабегимæ ацыдыстæм доны фалæмæ, Гæбисы куыройы бакомкоммæ цигантæн цы цатыртæ лæууыд, уырдæм. Иу цатыры цурæй нæм æнæдаст лæг цыдæртæ дзырдта, фæлæ йæ мах не ‘мбæрстам. Йæ къухы уыд цыдæр лæдзæггонд, фæздæг чи калдта, ахæм. Йæ иу кæронæй та йæ фæздæг, цатырмæ цыма амыдта, уыйау апырх кодта æмæ та нæм дзуры: «Фенын уæ фæнды, цæфхæдтæ бæхтæн куыд кæнæм, уый?».

Дабег ын загъта: «Нет». Уый ныл фæхæцыд æмæ нæ цатыры фæмидæг кодта. Цалдæр лæгæй архайдтой арты алыварс. Æнæдаст лæг иуы къухæй райста стыр дзæбуг æмæ йæ мæнмæ радта. Къаддæр дзæбуг кæмæ уыд, уый æркъупп кодта сырхзынг æфсæйнаг. Æнæдаст лæг мын мæ фарс æрбасхуыста æмæ мын æфсæйнагмæ амоны, цæв æй, зæгъгæ. Æз дæр æй уыцы иу цæф ныккодтон, æмæ йæ иу æрдæг кæдæмдæр къуыммæ батахт. Цалынмæ йæ агуырдтой, уæдмæ къуымы кæттаг ссыгъд. Бæстæ хъæрæй байдзаг. Æнæдаст лæг нæ æддæмæ ракодта æмæ загъта:

– Фыдбылыз сарæзтат, æмæ уæ райсом ам бакусын хъæудзæн.

Дыккаг бон мын Дабег нал бакуымдта, ды басыгътай кæттаг æмæ ды ацу, зæгъгæ. Ацыдтæн иунæгæй. Æнæдаст лæг уым нæ уыд. Куы бафарстон, кæм ис, зæгъгæ, уæд мын бамбарын кодтой, нæ барон, дам, хъæуыхицау у. Ды дæр, дам, æм барон, зæгъгæ, дзур. Раззаг бон, дынджыр дзæбуг кæмæ уыд, уый мæ цатырмæ бакодта æмæ,

дзæккор дзæбугæй куыд кусын-цæвын хъæуы, уыдæттæ мын амыдта: «Ды гыццыл дзæбуджы иу къуырццæн кæндзынæ зына-нæзына цæф, уымæн æмæ æфсæйнаг вæййы фæлмæн. Дыууæ къуырццы куы æркæна, уæд æй ды æркъуыр хъавгæйæ, æртæ къуырццы фæстæ – тыхджындæр цæв, уæд нал атæхдзæн æмæ ницыуал басудздзынæ», – æмæ ныххудт.

Уалынмæ барон дæр фæзынд. Куы йæ бафарстон, кæм уыдтæ, зæгъгæ, уæд мын ахæм дзуапп радта:

– Мах стæм уæгъд адæм æмæ цæрæм, куыд нæ фæнды, афтæ, мæнæ Европæйы куыд у, афтæ.

Мæхинымæр ахъуыды кодтон, мæнæ мæм Европæ йæхæдæг æрбацыд, зæгъгæ. Барон мын загъта:

– Кæттаг не ссардтон, æмæ дæ лæвар кусын хъæуы цыппар боны. Де ʻмбалы бæсты дæр.

Æртæ боны куы бакуыстон, уæд мын барон загъта:

– Ахсæв цæугæ кæнæм, æмæ дæ бон кусын хъæуы. Уый та амоны афтæ: махимæ ацæудзынæ æмæ, кæм æрлæууæм, уым бон бакусдзынæ, стæй уæд сæрибар дæ.

Хорз, зæгъгæ, загътон, нæ ахъуыды кæнгæйæ. Раст дæн нæхимæ, æмæ Гæбисы куыройы раз мæ размæ фæцис иу цигайнаг. Уый йæ иу къухæй хæрдмæ ацамыдта, иннæ къухæй та Елхотырдæм. Ома, дам, мæй куы скæса, уæд араст уыдзыстæм уыцырдæм. Барон уый размæ се ʻппæтæн дæр фехъусын кодта, æз семæ кæй цæуын, уый.

Æрбаздæхтæн нæхимæ æмæ нæ дыууæ кæрты дæр уæлдай дзаумæттæ бафснайдтон. Уæдмæ мæй дæр скаст. Куы бацыдтæн табормæ, уæд чъибиткæтæ лæууыдысты иу даргъ рæнхъæй. Барон бадзырдта иу лæппумæ æмæ йын цыдæртæ фæдзырдта.

Лæппу мæ акодта æмæ мæ сбадын кодта дыккаг чъибиткæйы разæй, бæхтæрæджы фарсмæ. Æхсæв-бонмæ фæцыдыстæм. Базыдтон далæ Кæсæджы хъæутæй иу, стæй ма базыдтон, Стъараполы бынмæ куыд æхсæвиуат кодтам, уый дæр. Цас фæцыдыстæм дыккаг бон, нæ зонын, фæлæ бахæццæ стæм, уырыссагау кæм нæ дзырдтой, ахæм ранмæ. Æрбынат кодтам иу змисджын ран. Фыццаг бон нæ куыстам. Сылгоймæгтæ сæ сывæллæттимæ цыдæр æрбаисты æмæ изæры рухсæй фæзындысты. Семæ æрбахастой картæфтæ, хъæдындзтæ, суанг ма кæрчытæ дæр. Сывæллæтты акодтой кæрчытæ ахсынил ахуыр кæнынмæ. Уыцы изæр кæрчытæн сæ сæртæ фæрæтæй акъуырдтой.

Фыццаг бон бакуыстон мæ бегарайы хæс. Бароны бафарстон, ныр

кæцырдæм ацæуон, зæгъгæ. Уый ныххудт:

– Дæуæй уæгъдибар адæймаг нæй: нæй дын хæдзар, нæй дын бинонтæ, нæй дын куыст, нæй дæм æхца. Цы ма дæ хъæуы, ацу, кæдæм дæ фæнды, уырдæм. Фæлæ дæм цы дзæбуг радтон, уымæй хуыздæр никуы ницæуыл фæхæст уыдзынæ…

Афтæмæй семæ баззадтæн. Уыцы бæстæ хуыдтой хахолтæ– Украинæ. Уым фестæм 3-4 мæйы. Араст стæм дардæр æмæ бахæццæ стæм иу ранмæ, цигантæ цин кодтой, уымæн æмæ се ‘взаг уыдис иухуызон. Иу къуыри дзы куы ацардыстæм, уæд нын иу райсом барон загъта:

– Абон нæ кусæм. Кæнæм бæрæгбон, æмæ нæм уыдзæн уазджытæ.

Бон-изæрмæ иууылдæр сæ ног дзаумæтты кафыдысты æмæ зарыдысты. Мæнæн иу чызг æрбахаста дзаумæттæ: цъындайæ шляпæйы онг. Фæстæдæр æндæр чызгимæ æрбацыд, æмæ мын мæ дзаумæттæ скæнын кодтой, стæй мæ кафын ахуыр кодтой, изæры дæ кафын хъæудзæн, зæгъгæ. Уыцы бонæй даргъдæр бон мыл никуы скодта. Бафæлладтæн æмæ цатырмæ ацыдтæн, фæлæ мæм уайтагъд фæзындысты, барон дæм дзуры, зæгъгæ. Ацыдтæн, æмæ барон цавæрдæр арæзт адæймагимæ лæууы чъибиткæйы раз. Баввахс æм дæн, æмæ мæм диссаджы быд æмæ арæзт ехс радта. Æз лæууын, ехс мæ къухы, афтæмæй сæ разы, æмæ мæм æнæзонгæтæй, сæ хицау, æвæццæгæн, дзуры:

– Эй, цыган?

Æз æм нæ фæкастæн, æмæ мын уæд уый бамбарын кодта, уыцы ехс абонæй фæстæмæ мæн кæй у æмæ дзы нып мæхи цæвын кæй хъæуы, уымæн æмæ мæм куы дзырдта, уæд æм нæ акастæн. Стæй ма бафтыдта:

– Ехс дын у мæ фыццаг лæвар, дыккаг лæвар та мæнæ ацы чъибиткæ, фæлæ дын бар ис, æмæ сæ ма райсай. Æртыккаг лæвар та дын æнæисгæ нæй, æмæ дæ уæд æртæ лæвары иумæ бахъæудзысты. Цæуылнæ мæ фæрсыс æртыккаг лæварæй?

Æз ницы дзырдтон, фæлæ йæхæдæг загъта:

– Æртыккаг лæвар абон райсомæй нырмæ демæ ис.

Æз ын загътон:

– Мемæ ницы ис.

Уæд мын уый афтæ:

– Уæдæ дын уыцы дзаумæттæ кæм уыдысты, стæй дыл сæ чи скодта?

Йæ къухтæ хæрдмæ систа, æмæ чызг йæ разы фегуырд. Чызджы

мæм æрбакодта æмæ йæ мæ разы æрлæууын кодта, стæй та йæ къухтæ хæрдмæ фæхъил сты, æмæ хъазт-чындзæхсæв райдыдта . Уый уыдис бароны чызг.

Æз банхъæлдтон, æмæ мын æй лæвар кæнынц куыд бинойнаг.

Тынг фæрæдыдтæн уымæй, æмæ чызгмæ бавнæлдтон. Уыцы лæг мыл фæтъæлланг ласта, фæстаг хатт ма йыл андзæвыдтæ, зæгъгæ. Уый фæстæ мын загъта:

– Абонæй фæстæмæ у дæ бæрныгонд, æмæ йыл искæй къух куы андзæва, уæд дæтдзынæ дзуапп, цы ехс дæм ис, уымæй. Æрмæстдæр бароны бон у чызгмæ бавналын.

Кæд тынг нæ бацин кодтон ме 'ртæ лæварыл, уæддæр мæ цард аивта хуыздæрырдæм. Алцæмæй дæр нæ чъибиткæ уыд дзаг: хæринагæй, дзаумайæ, суанг ма дыууæ авджын дурыны диссæгтæй: сызгъæринтæ æмæ æндæр цыдæртæ, адæм кæй æрæмбырд кодтой, уыдонæй. Бароны бинонтæ сæ рахæсс-бахæсс фæкодтой, стæй сæ чъибиткæйы бафснайдтой. Мæ ног цард райдыдта чъибиткæйы. Мæ хуыссæн – уæле, бароны чызг та – бынæй. Уыцы бæстæйы фæцардыстæм фондз мæйы бæрц. Æмæ араст стæм хурыскæсæнмæ. Цас фæцыдыстæм, нæ зонын, фæлæ нæ, арæнтыл хизгæйæ, кодтой æрмæстдæр нымайгæ. Барон-иу цал загъта, уал-иу ауагътой. Мæ цардæй хъаст нæ кодтон, фæлæ мæ цигантæ мæстæй мардтой, ахæм уæззау кусæг лæг æнæ усæй цæры, зæгъгæ. Иу хатт æхсæвы куыддæрæй райхъал кодтон чызджы, æмæ мæ бароныл сардыдта. Райсомæй барон æрæмбырд кодта таборы адæмы æмæ сын бамбарын кодта: ацы лæг нын не 'гъдау халы, æмæ йын стæрхон кæнæм. Иу зæронд ус размæ рацыд æмæ загъта:

– Ды йын æй нæ балæвар кодтай æмæ фæдзур лæвар кæнæгмæ.

Ууыл ахицæн æмбырд. Фæрсын райдыдтон, хорз кæй зонын, уыцы цигайнæгты, æмæ мын уыдон загътой, уыцы лæг куы 'рбацæуа, уæд дæ амардзысты, зæгъгæ. Æз сæ бафарстон, уæдæ, зæгъын, куыд кæнон. Фылдæр мын дзырдтой:

– Алидз.

Æмæ ралыгъдтæн. Цас фæцыдаин, уый дæу цæмæн хъæуы, фæлæ далæ горæт Ростов кæй хонынц, уырдæм æрбахæццæ дæн. Базармæ бацыдтæн, исты хæринаг самал кæнон, зæгъгæ. Уым уыдис бирæ цигайнæгтæ æмæ дзы иу – хъæздыг арæзт дзаумайæ – мæ фæстæ рацу-бацу кодта. Æз уый нæ бамбæрстон, фæлæ хæринæгтæм кæй кæсын, уый куы базыдта, уæд мæм æрбацыдис æмæ мыл цинтæ кæнын райдыдта. Стæй мæ йемæ ахуыдта базары къуыммæ. Уым бадтысты

цигантæ æмæ хордтой. Æрбадын мæ кодта уым æмæ мын мæ разы хæринæгтæй айдзаг кодтой. Хæрын нæма райдыдтон, афтæмæй мæ алыварс алæууыдысты иу авд-астæй. Цалынмæ хæрдмæ стадтæн, уæдмæ мæ бæндибæстытæ скодтой, æвæццæгæн, мæхæдæг цы рæхыстæ арæзтон, уыдонæй. Мæ хæринæгтæ мын батыхтой æмæ мæ сæвæрдтой, тарантац цы бричкæ хуыйны, уым. Уым мын мæ къухтæ суæгъд кодтой æмæ мын мæ хæринæгтæ мæ разы æрæвæрдтой. Иу мын дзы загъта:

– Хæргæ кæн, дард фæндагыл дæ бахъæудзæн цæуын.

Дыууæ-æртæ боны фæстæ бахæццæ стæм иу табормæ. Мæн рахизын кодтой тарантацæй æмæ мæ сбадын кодтой æндæры. Æмæ та фæцыдыстæм иу уыйас, раст кæуылты лыгъдтæн, ууылты. Цал тарантацы аивтон, мæгъа, фæлæ иу æхсæв бахæццæ стæм, кæцæй ралыгъдтæн, уыцы табормæ. Барон лæппутæн раарфæ кодта, мæнмæ ницы сдзырдта. Фæлæ мæ бакодтой, раздæр цы чъибиткæйы цардтæн, уым, фæлæ чъибиткæ уыд афтид. Райсомæй æрбацыд, мæлæтæй тас мын кæмæй уыд, уыцы лæг, æмæ барон æрæмбырд кодта табор. Мæнмæ бадзырдта æмæ мын загъта:

– Ды дæ маринаг, фæлæ мах ныр хъæугæ кæныс, кусыс дыууæ-æртæйы бæсты, æмæ дын хатыр кæнæм. Ныр цæрдзынæ бароны чызгимæ нæ, фæлæ æндæр сылгоймагимæ.

Хъæрæй загъта:

– Цæрут иумæ, æцæг уæ фæстæ сывæллон куыд нæ уа, афтæ.

Мæнæн дæр, стæй сылгоймагæн дæр загъта:

– Куыд загътон, афтæ кæнут.

Уыцы ран дзæвгар рæстæг фæцардыстæм. Куыстон бирæ, æмæ мæ æппæлыдысты, цин кодтон, фæлæ мæ рæбыны ницы уыд. Мæн та хъуыд æхца, цæмæй нæхимæ афтид армæй ма ацæуон. Уыцы рæстæджы барон æмбырд кодта лæппуты. Тыхджындæр чи уыд, уыдоны иннæ табортæй дæр. Ме ‘рдхорд цигайнаг мын сусæгæй загъта, æхца кусынмæ сæ кæй æрвиты. Æз served бароnmæ бацыдтæн æмæ мæхи ныффыссын кодтон. Уый уæд ахахх кодта æртæйы. Уыдыстæм дæсæй фылдæр, æмæ нæ сбадын кодта иу сæвджын чъибиткæйы. Хицау нын нæхицæй равзæрста, цалдæр æвзаджы хорз чи зыдта, ахæм. Барон йемæ бирæ фæныхæстæ кодта, стæй араст стæм. Иу ран стыр доны был фæлæууыдыстæм цалдæр боны. Стæй былмæ æрбацыд дынджыр, уæртæ мæзджыты бæрзæндæн нау, йæ фæздæг калгæ. Мах, æнæхъæн чъибиткæйы бадгæйæ, æд бæхтæ йæ хуылфмæ бахаудтам. Фæцыдыстæм къорд бонтæ, æмæ та нæ доны былмæ

раргъæвтой. Нæ хицаугондмæ цыдæр шляпæджынтæ кæдæмдæр цæуыны тыххæй æрбацыдысты. Уый фæстæ дзы иу сбадт немæ разæй, æмæ цалдæр боны фæцыдыстæм хъæдты, цъымараты, стæй иу гыццыл доны былгæрон æрбынат кодтам. Дыккаг бон нын иннæ шляпæджынтæ æрбаластой æнахуыр сасиртæ, мæнæ махмæйы кæфойы хуызæттæ. Æмæ ма – фæрæттæ æмæ дзæкъултæ, хæринаг. Иу дзы баззадис немæ. Уыцы лæг нын загъта:

– Мæгуыртæ-гæвзыктæ, фæлæ иу-цалдæр къуыримæ ииуылдæр хъæздгуытæй агæпп ласдзыстут.

Куывд скæнын кодта, нæ фаг фæкафыдыстæм, фæзарыдыстæм. Райсомæй нæ акодта доны былмæ. Уым нын байуæрста, цыдæриддæр æрбаластам, уыцы дзаумæттæ, стæй нæ акодта, доны былгæрæттæ-былгæрæттæ цæугæйæ, уæлæмæ. Иучысыл куы ауадыстæм, уæд бел райста æмæ донмæ ныххызт. Иуцъус дзы куы ацархайдта, уæд махмæ дзуры:

– Федтат, уæ куыст цы уыдзæн, уый?

Дарддæр райста, белæй къаддæр чи уыд, ахæм къуырфдæр дзаума, æмæ дзы донæй систа змисы змæст. Стæй йæ фæстæмæ ныккалдта. Афтæ бакодта къорд хатты. Фæстагмæ систа змæст æмæ йæ кæфойгонды ныккодта, доны йæ æрдæгмæ аныгъуылын кодта æмæ йæ ратил-батил кæнын райдыдта, йæ къухæй дæр-иу æй иуæй-иу хатт азмæста. Уæлæмæ нæм схызт æмæ нын, кæфойы цы змис баззадис, уый фенын кодта. Дарддæр нын бамбарын кодта, кæй кæм æрлæууын кæна, уым иу санчъех дæр иуварс ма ацæуæд, кæннод, дам, ам баззайдзыстут. Алкæйдæр нæ æрлæууын кодта хицæнæй.

– Кусын райдайут, æцæг кæрæдзимæ хъæр ма кæнут. Исчи уæм куы æрбацæуа, уæд йемæ ныхасы ма бацæут. Алчидæр уæ змис æмбырд кæнæд хицæнæй. Уымæн æмæ уæ мызд уыдзæн уымæй аразгæ.

Афтæ райдыдта нæ америкаг цард. Цалдæр мæйы фæстæ нын бамбарын кодтой, нæ куыст сæ зæрдæмæ нæ цæуы, зæгъгæ, æмæ, дам, уæ мызд уыдзæн æмбис къаддæр. Нæ хицау нын загъта, мæ бон уын ницы у, æмæ, дам, сбунт кæнæм. Сбунт кодтам: цалдæр боны нæ куыстам. Æмæ нæм уæд æрбацыд шляпæджынтæй иу æмæ нын загъта:

– Баныхас кодтам хицауадимæ, æмæ уын уæ бакуысты мыздмæ дæтты æхца æрмæст фæндаггаг ардыгæй уæхимæ.

Уыйадыл гæвзыккæй æрхæццæ стæм нæ табормæ. Нæ бакаст хорз уыд, æмæ ииуылдæр æнхъæл уыдысты, дуне мулк сластам, зæгъгæ.

Ме ‘мбал сылгоймаг дæр цин кодта, фæлæ мæ бафæрсын нæ уæндыд, цы лæвæрттæ йын сластон, уымæй. Иу бон мæм цигайнаг зæронд ус æрбацыд æмæ, дам, æри, дæ усæн цытæ æрбаластай, уыдон – æз æм сæ ратдзынæн, зæгъгæ, стæй, дам, мæхи лæвæрттæ дæр æри.

– Цавæр лæвæрттæ уæ хъæуы, куы ницы бакуыстам, уæд?!

Уый фæстæ мын сапон дæр нал лæвæрдтой мæхи æхсынмæ. Æз дæр ралыгъдтæн. Цыдтæн-иу доны былтыл æмæ æнхъæл уыдтæн, æнæкæрон у, фæлæ ‘рбахæццæ дæн, кæм ныффæтæнтæ ис, уырдæм. Уый та разындис Сау денджыз. Сахары-иу хаттæн айхъуыстон уырыссаг ныхæстæ. Иу бон хæрæндонмæ бацыдтæн, æмæ, мæ хæлафы даргъ фадыгæй æхца куыд истон, афтæ мæм дыууæ æнæдаст лæджы æрбацыдысты æмæ мæ фæрсынц:

– Ды цигайнаг дæ?

Æз сын загътон, кавказаг дæн, зæгъгæ. Мах дæр, дам, Кавказæй стæм, Батумæй. Фæбадтыстæм хæрæндоны, æмæ мын сæ хъизæмæртты тыххæй бирæ фæдзырдтой, стæй мын загътой:

– Мах кусæм иу хъæздыг румынагмæ, цæмæй нын æхца бафида нæхимæ ацæуыны фаг. Кæд дæ фæнды, уæд махимæ рацу. Æртæ боны йеддæмæ нæ нал хъæуы кусын.

Хъæздыгæн аræзтой æнахуыр къултæ йæ уæрмæн, цæмæй йæ фæрстæй дон ма хъара мидæмæ. Ацыдтæн семæ. Змæнтын хъуыд ставд змис фæнычы хуызæн рыгимæ, æмæ уымæй кодтой къул. Се ‘ртæ боны куыст сын æз иу бонмæ сызмæстон. Уæд нæ румынаг æндæр лæгмæ акодта. Уымæ дæр уыд ахæм кусинаг. Цыппар бонмæ йæ фестæм. Цы ‘хца нæм æрæмбырд, уымæй нæхи адастам, балхæдтам ног дзаумæттæ суанг шляпæйы онг. Фæстагмæ цы лæгмæ куыстам, уый нын, футт-футт чи кодта, ахæм наумæ, теплоход æй хуыдтой, балхæдта билеттæ суанг Батуммæ.

Уым нæ æртæйы дæр пъæлицæйæгтæ акодтой сæ кусæн бынатмæ. Уым ме ‘мбæлттæм сæ къамтæ æвдисынц æмæ сæ аластой кæдæмдæр. Мæн баппæрстой иу агъуысты. Разынд дзы алыхуызон адæм, цигайнæгтæ дæр. Цалдæр боны фæстæ цигайнæгты сæ барон акодта. Уыдоны ацыды фæстæ æртæ боны рауад, æмæ мæм пъæлицæйаг иу лæджы æрбакодта æмæ йæ фæрсы сæхи æвзагыл. Уый йæ сæр разыйы тылд кæны, æмæ йæ пъæлицæйаг ауагъта. Сахаты фæстæ фæзындысты иу-цыппар-фондз æнæдаст лæджы, семæ уыд, уырдыгæй цигайнæгты чи акодта, уыцы барон дæр. Уый сын загъта, æз Батуммæ Румынæй кæй æрбацыдтæн. Уыцы лæгтæ бацин кодтой æмæ мæ уырдыгæй федде кодтой. Иу хъæумæ

мæ аластой, табор кæм лæууыд, ахæм быдырмæ. Дыккаг бон мæ сæвæрдтой чъибиткæйы æмæ мæ æндæр таборы балæуууын кодтой. Иу ныхасæй, мæнæ мæ фыццаг хатт куыд бахæццæ кодтой, афтæ та ныр дæр мæ зонгæ таборы балæууыдтæн. Бацин мыл кодтой, афтæ дзæбæх арæзтæй мæ куы федтой, уæд. Фæлæ сæ цин бирæ нæ ахаста. Фæзындис мæ хæрзгæнæг, лæвæрттæ мын чи кодта, уый. Æмæ мын адæмы раз загъта:

– Ды уыдтæ цыппар-фондз лæджы аргъ куысты мидæг, фæлæ хорздзинад кæй не ‘взарыс, уый тыххæй амæй фæстæмæ уыдзынæ æрдæг лæг, уый дæр фондз бонмæ.

Бадзырдта баронмæ æмæ йын бирæ цыдæртæ фæдзырдта. Барон ацыд, æмæ мын цы чъибиткæ балæвар кодта, уый баластой, цы чъибиткæйы цардтæн, уырдæм.

Уыцы лæг мын загъта:

– Дæ лæвар чъибиткæйы ма цæрдзынæ фондз боны.

Стæй фæдзырдта, мемæ иу цатыры чи куыста, уыдонмæ æмæ сын загъта:

– Суд ахицæн, æмæ æххæст кæнут нæ тæрхон.

Чъибиткæ уыд цæттæ, æмæ мæ ме ‘мбæлттæ систой хæрдмæ æнцонæй. Иннæ чъибиткæйæ сæм дзæбугтæ æмæ сырх-сырхид æфсæйнæгтæ слæвæрдтой æмæ мæ мæ дыууæ цонг æмæ мæ дыууæ къахæй уым байтыгътой. Куыд дын æй бамбарын кæнон, мæ уавæр цавæр уыдис, уый. Фондз боны афтæ ауыгъдæй фæдæн. Зылдис мæм, мæ ус кæй хуыдтон, уый. Фондз боны фæстæ мæ райстой уыцы ранæй, æмæ дын уый дзуапп дæ фарстæн: «Дæ цонг цæуылнæ кусы?».

Сырхзынг æфсæйнаг кæм бахъыгдæрдта, ахæм ран мæ уыцы лæг ныххойын кодта, ома, дам, дзы æрдæг лæг рауайа. Уый фæстæ та мæ уыцы лæг радта æндæр табормæ, амæн, дам, йæ цонг бахус кодтам, æмæ, дам, æй аласут уемæ Турчы бæстæм, пысылмон кæй у, уый тыххæй. Турчы мын бынæттон таборы барон загъта:

– Кусыны лæг нæ дæ, æмæ ацу дæ дард хæдзармæ, мах уырдæм тагъд нæ бахæццæ уыдзыстæм. Æз рараст дæн хъæмæ, афæдзы бæрц фæцыдтæн, фæлæ уый у ацы радзырдæй диссагдæр, æмæ абон дзырд нæ фæуыдзынæн. Æндæр хатмæ банхъæлмæ кæс.

Мæнæй ма рох дæр фæцис, фæлæ мæм, уалдзæджы бæлæстæ дидинæг калын куы райдыдтой, уæд фæдзырдта æмæ мæ раздæр ахуыдта Петкæйы цæхæрадонмæ. Уым мæ схизын кодта, рагуалдзæджы чылауийыл къалиу кæуыл баныхæстам, уымæ.

Къалиуыл мæ бахизын кодта æмæ йæ бастыл фæхæцыд, мæн та бынмæ æрхизын кодта. Æз æргæпп ластон. Уый уæдмæ йæ дæндæгтæй фæхицæн кодта хæцъилæн йæ кæрон æмæ мæм дзуры:

– Райхал хæцъил кæрæй-кæронмæ.

Æз хæцъил куы райхæлдтон, уæд басты бын разындис тымбыл, уый уыдис дыууæ къалиуы кæм баиу кодтам, уыцы бынат. Стæй мæ Гыдто фæстæмæ схизын кодта, æмæ йæм къалиутæ мæ уæзæй тасын кодтон. Уый сын сæ дидинджытæ тыдта, кæмæй æмбис, кæмæй æппындæр нæ. Уæд, дам, чылауитæ уыдзысты стырдæр æмæ адджындæр.

Афтæ фæархайдтам æппæт бæлæстимæ дæр, пырсип кæуыл скодтам, уыдонимæ. Уыцы бонты мын цытæ фæдзырдта, уыдон иууылдæр нæй ныффыссæн, фæлæ дзы уæддæр фыссын цыдæртæ.

Гыдто мын райдыдта йæ дарддæры хæтæнты тыххæй ахæм цауæй:

– Турчы циганты таборы кой дын кодтон, æмæ мæ иу бон, цæугæйæ, иу ракъахта, æмæ сын схъæр кодтон, ирон кæй дæн, уый. Уыйадыл мæ тæрынвæнд скодта æмæ мын загъта:

– Ацу дæ хæдзармæ.

Æз ма таборы фæстиæттæ кодтон, фæлæ мын уый загъта:

– Кæд дæ фæнды, уæ дæ æз аласдзынæн иу ранмæ, ирæттæ кæм ис, уырдæм.

Æз сразы дæн, æмæ мæ уый фæласта суткæйы бæрц иу хъæумæ. Уыдис дзы тъæпæнсæр хæдзæрттæ. Сæ уæлæ хæмпæл зад. Цалдæр хæдзармæ мæ баласта, фæлæ дзы иуы дæр ничи разындис. Стæй мæ быдырмæ аласта, уым уыдис сæнæфсиртæ сагъд. Ссардта иу зонгæ лæджы æмæ йемæ бирæ фæныхас кодта, федтон æй æхца дæтгæ, йæ роны йын сæ атъыста. Барон мын загъта:

– Ам æнцад бад, – æмæ уыцы лæджы кæдæмдæр аласта.

Бадын къудзийы рæбын, æмæ мæм иу сылгоймаг хæстæг æрбацыдис, фæлæ мæм ницы дзуры, къухæй мын цыдæртæ амыдта. Бамбæрстон, кæдæмдæр мæ кæй кæны, уый, æмæ йæ разæй араст дæн. Тигъмæ бахæццæ стæм. Кæцырдæм цæуон дарддæр, уый нæ зыдтон æмæ йæм цигайнагау сдзырдтон. Уый фæстæмæ лидзынмæ фæцис. Æз йæ фæстæ тæхын æмæ йæм хъæр кæнын иронау:

– Фæлæуу-ма, кæдæм лидзыс?

Уый æвиппайды фæлæууыд æмæ мæм æрбазгъордта, йæхи мыл æрбаппæрста, цинтæ кæнгæ, ирон дæ, ирон дæ, зæгъгæ, афтæмæй.

Æз нæма бамбæрстон хабар, афтæмæй уый зæххыл атылд æмæ йæхи хойын райдыдта. Тыххæйты йæ слæууын кодтон æмæ йын йæ

къухтыл ныххæцыдтæн. Афтæмæй йæ мæ разæй фæкодтон, ды разæй цу, зæгъгæ. Бацыдыстæм иу кæртмæ, æмæ мæ аууоны æрбадын кодта.

Ам бад, макуыдæм ацу, зæгъгæ, мын бафæдзæхста, йæхæдæг цыдæр фæцис. Изæры, барон мæ цы лæгмæ баласта, уый æрбацыд, йемæ сылгоймаг бирæ сывæллæттимæ. Йæ фыццаг фарст уыдис:

– Ирон дæ? Кæцæй дæ, кæмæй дæ?

Дзуапп ын куы радтон, уæд мын афтæ:

– Кæд ирон дæ, уæд цигайнагау цæмæн дзурыс?

Æз дæр ын загътон:

– Æмæ сымах туркагау цæмæн дзурут?

Уый бахъуыр-хъуыр кодта æмæ загъта:

– Цæмæн мæ хъуыдысты ацы капеччытæ, мæхицæн сæрниз цæмæн скодтон, мæнæ мыл цигайнаджы сайд куыд æрцыд!

Уыцы изæр мæм не сдзырдта. Бахæрын мын кодта, хуыссæн мын бакодтой, сæ хæдзарæй уыд дæлбазыргонд, æмæ уым. Æхсæвы мæм сæ хæрæг æрбавнæлдта æмæ мын мæ хæлафы фадыг феууылдта. Райсомæй йæ фæрахаф-бахаф кодтон æмæ йæ афтæмæй скодтон. Бахæрын мын кодтой, æмæ ацыдтæн быдырмæ кусынмæ. Хæдзары хицау Ахмæт мæ бафарста, цы куыстмæ рæвдздæр дæ, зæгъгæ.

Æз ын загътон:

– Мин таборы мæнæй хуыздæр стыр дзæбугимæ ничи архайдта, æмæ мын мæ къух баронты бароны судмæ гæсгæ бахус кодтой, куыд æй уыныс, афтæ. Ныр та алы куыстмæ дæр мæ ныфс хæссын.

– Кæд афтæ у, уæд ма дæлæ уыцы сæнæфсиры къалиу бабæтт, дæргъмæ цы бæндæн цæуы, ууыл.

Æз систон дыууæ цыбыр бæндæны къоппæй æмæ сæ мæ роны атъыстон. Систон къалиу æмæ йæ мæ уæрагмæ бæндæнмæ балхъывтон, цыбыр бæндæн ыл æрбавæрдтон æмæ йын йæ иу кæрон, дæндагæй хæцгæйæ, иннæ кæрон къухæй æрæлхынцъ кодтон. Иннæ гыццыл бæндæн бабастон дæлдæр.

Ахмæт ныххудт æмæ мын, ме уæхск æрхойгæйæ, загъта:

– Мæн ахæм бинойнаг хъуыд.

Æз æй нæ бамбæрстон, фæлæ бон-изæрмæ фæкуыстон. Изæрæй мæхи ныхсадтон. Ламазы фæстæ мæм Ахмæт бадзырдта. Бадт цыдæр æнахуыр стъолы раз, йæ разы дыууæ стыр тæбæгъы дзидзайы хæйттимæ. Ахмæт мæм дзуры:

– Кæд, ацы тæбæгъы цы ис, уыдон бахæрай, уæд дæ уадзын ам, кæд – нæ, уæд афардæг у, æз уыцы лæгæн ратдзынæн йе ‘хца фæстæмæ.

Ӕххормаг лæгæн къусы дзаг цы бахæрын хъуыд. Иу ныхасæй, ныууыгъта мæ, стæй мын загъта:

– Куыд хæрыс, афтæ куы кусай, уæд, чи зоны, æмæ дын цæуыны фаг æхца æрæмбырд кæндзынæн. Ӕцæг мæ ныр æхца ма агур.

Бацин кодтон, фæлæ кусынмæ куы ацыдыстæм, уæд иу лæг æрбацæйцыд нæ рæзты, стæй та – фæстæмæ. Бирæ фæлæууыд кæронæй, стæй Ахмæтмæ бадзырдта æмæ йын бирæ цыдæртæ фæдзырдта зæхмæ амонгæйæ. Ахмæт йæ къухтæ тылдта, фæлæ йæм ницы дзырдта.

Бон ахицæн. Изæры тигъмæ бадтæн, æмæ мæм Ахмæт фæдзырдта йæ агъуыстмæ. Ӕрбадын мæ кодта, æмæ мæ цард уыцы минутæй фæстæмæ афæлдæхт бынтондæр, суанг ма, æнæкъух кæй дæн, уый дæр ферох кодтон. Ахмæт мын, сабыргай дзургæйæ, бамбарын кодта, абоны лæг ын цытæ дзырдта, уыдон. Уый йын радзырдта:

– Ахмæт, дæ уазæг иу бон дæ чызджы фæндагыл адæмы раз йæ быны куы скодта, хорз æмæ ма йæ бынæй тыххæй алыгъд, уæд æй дысон дæ фарсмæ куыд æрбадын кодтай?

Ахмæт мын загъта:

– Ам бад, цалынмæ æз æрбацæуон, уæдмæ.

Ӕмбисæхсæв æрбацыд æмæ мын бамбарын кодта, цæмæй, дам, ма фæхудинаг уон, уый тыххæй хъуамæ мæ чызгимæ бацæрай.

Къуырийы фæстæ, дам, иумæ цæрын райдайдзыстут, æмæ цæрдзынæ, цалынмæ уын лæппу райгуыра, уæдмæ.

Ӕз схъуыр-хъуыр кодтон:

– Афтæ куы загътай, фæндаггаг мын ратдзынæ, уæд уый куыд у?

– Ӕмæ мах ам минтæй куы цæрæм, уæд дæуæн цы уыдзæн? Къуыри дын дæттын, æмæ кæд дæхи дасыс, уæд дæ бар ис. Райсом та дын дæ хæлаф аивдзыстæм.

Ӕз райдыдтон хъуыдытæ кæнын фæлидзыны тыххæй. Цалдæр æхсæвы-иу сыстадтæн, фæлæ та-иу кæрты сылгоймæгтæй исчи разынд. Чи-иу йæхи гæрстæ æхсæг скодта, чи та фыс æлвынæг. Иу æхсæв афтæ дæр бакодтон: сыстадтæн æмæ сабыргай рацыдтæн кæртмæ, рахизæны та сылгоймаг архайдта хæсгардимæ фысы уæлхъус. Ӕз ын йæ къухæй хæсгард райстон, фенон æй цыргъæй, зæгъгæ, æмæ дзы фысы сæрæй иу чъепп фæкодтон. Радтон хæсгард, хорз цыргъ у, зæгъгæ. Райсомæй уыцы фысы федтон æнæ ‘лвыдæй. Уæд мæ ныфс нал бахастон лидзынмæ. Къуырийы фæстæ Ахмæт æрæмбырд кодта сыхаг лæгты æмæ хорз фæбадтысты. Чи мæ бабын кодта, уыцы лæг дæр уыдис уым. Мæн та сын уырдыглæууæг скодта, абонæй фæстæмæ мæ сиахс у, зæгъгæ.

– Стæй дæ ныр кусын хъæудзæн дыууæйы бæсты, дæ ирæды аргъ бакусынæн. Мыздмæ ма æнхъæлмæ кæс, цалынмæ мын бындар фенын кæнай, уæдмæ.

Цæрынтæ байдыдтон, мæнæ мæм æппæты разæй цы сылгоймаджы рарвыста, нæхимæ йæ ракæн, зæгъгæ, уыимæ. Æцæг мæ уæгъд рæстæг зылдтæн хъæугæрæтты, кæрдæджытæ агургæ. Æрхъуыды кодтон мæ раздæры цард цигантимæ, зæронд цигайнаг усы ныхæстæ. Уый мын тынг зæрдиагæй амыдта алцытæ. Иу хатт мын загъта: дæ бынмæ цы чызг хуыссы (цатыры), уый дæ хуыссын нæ бауадздзæн, æмæ уын цæмæй цот ма уа, уый тыххæй пайда кæн кæрдæджытæй. Фенын мын кодта цалдæр кæрдæджы, æмæ, дам, уыдонæй пайда кæн, кæд дæ мæлын нæ фæнды, уæд. Ома нын баронты хицау афтæ загъта:

– Цот уын куы фæзына, уæд уæ мæлæт.

Хъæуы алыварс разынд ахæм кæрдæджытæ. Цардыстæм иннæты хуызæн, фæлæ афæдз нæма рацыд, афтæ Ахмæт мæсты кæнын райдыдта æмæ мын загъта:

– Къуырийы фæстæ дын усæн уыдзæн мæ кæстæр чызг.

Уыимæ дæр фæцардтæн цасдæр, æмæ дын цы кæнон дæргъвæтин ныхæстæ. Ахмæтмæ-иу исты куы сдзырдтон, уæд мыл-иу йæхи сцагъта:

– Уæдæ ма цæй пысылмон дæ?!

Уый йæ цæмæй зыдта, ам мын цас цот ис, уыдæттæ. Афтæ мæ бадомдта, цæмæй йæ чызджытæй искæмæн бындар фæзына. Фæцардтæн цыппаримæ дæр, фæлæ никуы æмæ ницы. Йæ кæстæр чызгимæ фæцардтæн æртæ азы. Кæрдæджытæ сæ куыст кодтой. Дарддæр цы уыдзæн, уый не 'мбæрстон. Сæнæфсир цæхæрадæттæ кæй уыдысты, уый иу райсом æрбацыд æмæ мæ йæ фарсмæ сæвæрдта уæрдоны, дæлæ дæ фыды бидаркæйы хуызæн, æмæ фæцыдыстæм дыууæ боны. Кæдæм бахæццæ стæм, уым уыдис сæнæфсиры быдыртæ. Уый фæныхас кодта цыдæр лæгимæ, стæй мæм бадзырдта ахæм ныхæстимæ:

– Ам дæ уадзын, æмæ мæ сæнæфсиртæм куыд зылдтæ, афтæ куы зилай, уæд æхцайы ленк кæндзынæ.

Уæд ын æз загътон:

– Дæ бон мын кæд баххуыс кæнын у, уæд мæ уыцы доны фале фæкæн.

Уый мын загъта:

– Ды уыцы доны фале куы фæуай, уæд Кавказы балæудзынæ. Мæнæн та Ахмæт афтæ нæ загъта.

Уыд зымæгмæ хæстæг, æмæ мæ кæй бар бакодта, уыцы лæг цин кодта, мæн, дам, ахæм лæг куы хъуыд рагæй дæр, къухæй дзæбæх чи арæхсы, зæгъгæ. Чи мæ баласта, уый мæ феппæлыд. Ай, дам, иу къухæй дæр фондз лæджы бæрц кусы, зæгъгæ. Цин кодта: йæ зæххытæ йын ссæдз бонмæ бацæттæ кодтон зымæгмæ, афтæмæй йæм йæ сыхаг æрбацыдис. Бирæ йын фæлæгъстæ кодта, мæ хуыммæ дæр æй рауадз, цы улупа дзы дарыс, уый дæр ын æз бафиддзынæн, зæгъгæ, фæлæ уый не сразы. Уæд мын мæ ног хицау загъта:

– Ахсæв дæм исчи куы æрбацæуа, уæд дуар макæмæн бакæн: уыдон вæййынц къæрныхтæ, æмæ дæм бирæ æхца ис, зæгъгæ, стигъынмæ æрбацæудзысты.

Æцæгдæр, æхсæвы дыууæ хатты дуар æрбахостæуыд. Райсомæй мæм хицау æрбацыд æмæ мæ цыппарцалхоны гуыффæйы, дыууæ быны кæмæн уыд, уым дыууæ быны æхсæн бахуыссын кодтой. Уæле та сæвгæдтой сæнæфсиры чыргъæдтæ, æмæ араст стæм кæдæмдæр. Изæры цыдæр хидмæ бахæццæ стæм, æмæ нæ хидыл нал уагътой, æрæгмæ у, зæгъгæ. Мæ хицау семæ фæныхæстæ кодта, æмæ нæ ауагътой. Райсомæй уыдыстæм хидæн йæ иннæ фарс. Бацыдыстæм цыдæр базармæ, æмæ уым равдæлон кодтой чыргъæдтæ. Байгом кодтой дыккаг бын, æмæ æз дæр зæхмæ æрхызтæн. Мæ хицау уымы хицауæн загъта: «Мæнæ дæм æвæрын мæ чыргъæдтæ, уæй сæ кæндзæн мæнæ ацы лæг». Мæнæн та загъта:

– Хорз лæг дæ, фæлæ дæ ардыгæй уалдзæгмæ куыд дарон нæхимæ?! Мæнæ дын дæ фæллой, æмæ сæ ауæй кæн æхцайыл фæндаггагæн. Ницы хъаст дæ кæнын, фæлæ дæ хиды ацырдыгæй фæкодтон, цæмæй дын уæхимæ æнцондæр цæуæн уа.

Уыдон ацыдысты фæстæмæ. Базары хицау мæ фæрсы мæ гæххæттытæй, чи дæн, кæцæй дæн, уыдæттæй. Æмæ йын цы загътаин?

Уæй кæнын нæ зыдтон, æмæ мæм æрбакодта иу цыдæр мæллæг лæппуйы, æмæ уый цыдæртæ хъæр кæнын райдыдта. Уый фæстæ чыргъæдгай райдыдта уæй кæнын. Гыццыл-иу чи æлхæдта, уымæн дæр-иу чыргъæд балхæнын кодта. Æмбис уæй фестæм, æмæ мæ роны æхцатæ бæрæг дарын байдыдтой, афтæ æртæ пъагонджыны мæ фарсмæ алæууыдысты æмæ мæ семæ акодтой. Бирæ мæ фæрафæрс-бафæрс кодтой, зыбыты бæгънæг мæ скодтой, кæд ма йæм мидæгæй искуы æхца ис, зæгъгæ. Мæ дзаумæттæ куы скодтон, уæд мæм æрбакодтой иу пъагонджыны, уыдонæй, дæлдæр чи уыд, ахæм æмæ йын загътой:

– Акæн æй, кæцæй йæ ракодтай, уырдæм, æмæ уæй кæнæд йæ чыргъæдтæ.

Ракодта мæ уынгмæ, æмæ æнæнхъæлæджы мæ дзыхæй цæмæ схаудта, æнæрай фæут, цы мæ ракæн-бакæн кæнут, зæгъгæ.

Пъагонджын мæм æрбалæбурдта æмæ мæ ратил-батил кæны: исты ма зæгъ, исты ма зæгъ, зæгъгæ, мæ баййардта. Æз ын фæкодтон, цы дын зæгъон, зæгъгæ. Уый та мæм фæлæбурдта, æмæ цæуджытæ æрæмбырд сты, ома пъагонджынæн аххуыс кæнæм. Уый ныххудт æмæ сæм дзуры:

– Ирон у, мæ бæстаг.

Адæм фæхæлиу сты. Уый мæ фæрсы, кæцæй дæ ракодтой, уый мын бацамон, зæгъгæ, æмæ рæвдз цом.

Бæргæ рæвдз бахæццæ стæм, фæлæ афтид къуым баййæфтам: уæйгæнæг дæр, чыргъæдтæ дæр – нал. Ссардта базары хицауы, æмæ йын уый радзырдта: уæйгæнæг, дам, æхца мæнмæ лæвæрдта, æмæ йæ æз арвыстон, мæнæ ацы лæджы ацу æмæ балхæн, зæгъгæ. Ууыл та гæвзыккæй агæпп кодтон.

Æбадтыстæм уым æмæ бирæ фæныхæстæ кодтам. Уымæ диссаг каст, æз дзургæ-дзурын иуæй-иу ныхæстæ цигайнагау куы дзырдтон, уый. Куы базыдта, æнæ капекк дæн, уæд мæ хæрæндонмæ акодта. Стæй базармæ бацыдыстæм, æмæ хицауы фæрсы, чи мæ баласта базармæ, уымæй. Уый йын загъта:

– Иу ирон иннæ былæй, цигантимæ баст чи у, ахæм, йæ цæрæнбынат ын нæ зонын. Кæд ма сæнæфсиртæ ацы аз æрбаласа, уæд ын фехъусын кæндзынæн, рох мæ не стут.

Уæд пъагонджын ирон базары хицауæн загъта:

– Дæ хорзæхæй, ацы лæджы хъæуы, ахсæв кæм арвита, ахæм бынат. Кæд дæ бон у, уæд мын мæ курдиат сæххæст кæн.

Уый йæ къухтæ хæрдмæ фæкодта æмæ загъта:

– Дæ курдиат мæнæн æххæст кæнинаг у æмæ уыдзæн æххæст.

Ирон ацыдис, æмæ изæры базары хицау мæн æрбахуыдта иу уатмæ. Стъолыл – цыдæр хæринæгтæ. Дуæрттæ, рудзгуытæ сæхгæдта æмæ сæхимæ ацыдис. Æз бахордтон æмæ æхсæв-бонмæ фæхъуыды кодтон мæ цардыл, уæлдайдæр та – мæ цигайнаг цардыл. Райсомæй мæм æрбацыд ирон пъæлицæйаг, æцæг æй нал базыдтон: уыдис мæнæй мæгуырдæр дзаумæтты. Уыдис ыл нымæтхуды хуызæн шляпæ. Акодта мæ иу цалдæр километры, æмæ, дам, ам цæрæм цыппар ирон хæдзарæй, зæгъгæ. Изæры мæ акодта æндæр ирон хæдзармæ, ома хæдзар, зæгъгæ. Уартæ нæ хæдзар уый раз галуаны

хуызæн зынид, ахæм ныллæг уыд. Бинонтæ сæхæдæг дзæвгар, æмæ ма мæн дæр семæ ныууагъта. Нæлгоймаг-хистæр мæм ницы дзырдта, фæлæ мæ зæронд ус фæрстыты бын фæкодта. Мæ мыггаг ын куы загътон, уæд йæ къух ауыгъта æмæ загъта:

– Сымах мыггаджы мах мыггаджы хуызæттæ нæ уыд, фæлæ ды ардæм кæцæй æрбафтыдтæ?

Цы йын загътаин?! Цыдæртæ йын фæдзырдтон, фæлæ мын уый мæ иу ныхасыл дæр нæ бауæндыд. Иу къухæй, дам, сæнæфсиры куыст куыд кодтай. Стæй, дам, дын цот та куыд нæ рацыд, кæд дын уал бинойнаджы уыд, уæд.

Дис кодта ууыл дæр: цавæр ирон, дам, дæ ам йæхицæн æххуырст скодта.

Æз сын бамбарын кодтон:

– Уый хорз лæг уыдис, фæлæ йæм æхца нæ уыд, æмæ мын сæнæфсир рарвыста мемæ, дыууæ бæхы цас фæрæзтой, уыйбæрц чыргъæдты. Дарддæр хабар зоны, ардæм мæ чи æрбакодта, уый æмæ йæ фæрсут. Мæн та хъæуы нæхимæ цæуын, æмæ æхxуырсты дæр цæуын, цыфæндыйæ дæр ацæуыдзынæн.

Уыцы ныхæстæ куы загътон зæронд усæн, уæд мæм нæлгоймаг разылд æмæ мын загъта:

– Кæд, дæ къæбутыл цы гæлæбу ис, уый уыныс, уæд Кавказы хæхтæ дæр фендзынæ. Арæнтæм кæд бахæццæ уай, уæд ма дæм дзы кæд исты разына сæ цъуппытæй, æндæр арæнтыл хизыны кой мауал скæн. Фæлтау дæхи цигайнаг схон, æмæ ма кæд уыдонимæ ацæуай.

Мæнæн мæ хуыз фæлыгъд уыцы ныхæстæм, æмæ мæм сылгоймаг дзуры:

– Цæмæн дæм фæкастысты нæ лæппуйы ныхæстæ хъыг, уый цал азы тох кæны, æмæ йæ нæ уадзынц, дæу та чи ауадздзæн?

Цы йын хъуамæ загътаин. Бирæ бинонтæ уыдысты æмæ тарстысты, ома сæ æз та ма кæцырдыгæй хъуыдтæн. Уый сын бамбарын кодтон, æмæ пъагонджынмæ фæхабар кодтой.

Уый æрбацыд æмæ мæ бафарста:

– Цы куыст кæнын у дæ бон?

Æз ын загътон:

– Алцы куыст дæр.

– Уæдæ дæ æртæ боны фæстæ акæндзынæн æндæр ранмæ. Кæнæ ам цæр æнæ кусгæйæ, æз уæ хæринаг хъуаг нæ ныууадздзынæн.

Æртæ боны фæстæ æрбацыд иу лæгимæ афицеры дарæсы, уый иронау нæ дзырдта. Фæлæ уыдис цыдæр стыр хицау æмæ мæ цалдæр

боны фæстæ аласта æндæр хъæумæ. Кæд сахар уыд, уæддæр æй нæ базыдтон. Хъæумæ хæстæг – иу хæдзар, мæнæ махмæйы хуызæн, стыр кæрты рæбын. Кæрт уыд сындз телæй æхгæд. Афицер, чи мæ æрбаласта, уый загъта уымы афицерæн:

– Мæнæ дын «вечный охранник». Цæрдзæн ам. Йæ усы йын райсом æрбаласдзысты. Хæринаг хъуаг сæ ма уадз.

«Охранник» хъахъхъæнæг кæй амоны, уый бамбæрстон, фæлæ усы хабар нæ бамбæрстон. Мæ дыууæ усы сты Кавказы, æмæ мын дзы кæцыйы æрбаласдзыстут, зæгъгæ, сæ бафарстон. Уый мын загъта:

– Тасолтан дын æрбарвитдзæн.

Тасолтан-номæй рахуыдта, мæнæ фæстагмæ цы бинонтæм уыдтæн, уыдоны лæджы.

Фыццаг машинæйы афардæг ис, æз иннæ афицеримæ баззадтæн. Уый разил-базил акæны æмæ мын ме уæхск æрхойы, молодец, молодец кæнгæ. Цыдæр къоппытæ систа æмæ дзы сæ мидæг цы уыд, уыдон æфсæйнаг тæбæгъы æрæвæрдта цъупдзагæй. Стæй дзæкъултæй систа хыссæйæ, дæлæ мæ мад хæнкъæлтæ цæмæй фæкæны, ахæмтæ, гыццыл тыппырдæртæ. Бахордтам сæ, уыдисты дзидзайы фыхтæ дуне цæйдæртимæ. Стæй та цымдтам цай цыдæр кæрдæгæй. Фæбадтыстæм, цалынмæ талынг кæнын нæ райдыдта, уæдмæ. Талынг кæнын куы райдыдта, уæд мæ ракодта æддæмæ. Йæ къухы суджы æхсидавтæ. Иу дзы мигæнæны атылдта æмæ йæ ссыгъта. Дуарыл уæлейæ ауыгъд уыдис фæтæгены цырагъ, фанар дæр æй хонынц, ахæм, æмæ йæ æхсидавæй ссыгъта. Ацыдыстæм æхгæд къуыммæ, æмæ та уым дæр бæрзонд хъилыл ауыгъд цырагъ ссыгъта. Афтæ цыппар къуымы дæр. Агъуысты мын радзырдта:

– Уыцы цырæгътæ куы судзой, уæд сæм хæстæг чи бацæуа, уый маргæ у. Ахæм у нæ закъон.

Фæамыдта мын, мæ куыст цы уыдзæн, уыдæттæ. Æз, дам, сымах уадздзынæн ам бон, æхсæв та уыдзынæн уемæ. Сымах цæрдзыстут бинонтæй, æз уæ ницы хъыгдардзынæн, зæгъгæ, хицау уын скæндзæн гæххæттытæ, куыд бинонтæ стут. Афтæ уый баныхас кодта Тасолтанимæ.

Æз ын цы зыдтон, цæуыл баныхас кодтой æнæ мæн. Дыккаг бон æрбацыдысты пъагонджын ирон, Тасолтан æмæ йæ чызг. Тасолтан мæм бадзырдта æмæ мын загъта:

– Нæ мады зæрдæмæ фæцыдтæ куыд æмбаргæ адæймаг. Æмæ Кавказмæ нал ацæудзынæ, фæлæ дын мæнæ нæ лæппуйы руаджы дæ мæлæты бонмæ ам хæдзар. Нæ мады номæй та дын мæнæ чызг.

Æз æй бафарстон, ацы пъагонджын чи у æмæ мын цæмæн æххуыс кæны, зæгъгæ.

Уый мын загъта:

– Уый у мæ лæппу. Ацы чызг та – йæ хо. Æххуыс та дын уымæн кæны, æмæ ам мах гыццыл стæм æмæ, кæрæдзийæн куы не 'ххуыс кæнæм, уæд уый у не сæфт. Ды та цæрдзынæ паддзахы хæдзары, æмæ дын мызд дæр хорз фиддзысты. Афтæ мын инæлар загъта, уый уын чызгимæ гæххæттытæ дæр скæндзæнис. Дæхи фæзминагæй равдис. Махæй дæр рох нæ уыдзынæ.

Афтæ райдыдтам уыцы хæдзары цæрын. Иу хатт мæ афицер (лейтенант, дам, мæ хон) йемæ кæртмæ рахуыдта. Уым дæгъæлæй байгом кодта æнахуыр дуар, дæлæ уæ уæрмы дуары хуызæн, хæрдмæ йæ схъил кодта. Бынмæ ныххызтыстæм, æмæ ма уым цалдæр раны хъилы руаджы байгом кодта царгонды дуæрттæ, цæмæй рухс ма уа, уый тыххæй. Уым уыдис асыччытæ, къоппытæ, голджытæ, стæй стыр агæй конд мигæнæнтæ. Голджыты размæ бацыд æмæ йæ сæр тилын байдыдта. Цы кодтай, зæгъгæ, йæ куы бафарстон, уæд мын, зæхмæ ацамонгæйæ, уымæл змис равдыста. Уыцы голджыты та уыдис топпыхос. Хус ран змис алæгъз кодтам æмæ голджытæ уырдæм хæссын райдыдта. Мæн хæстæг нæ уагъта, ома, иу къухæй цытæ кæндзынæ, зæгъгæ. Æз æм нæ байхъуыстон. Уый цалынмæ иу голлаг хаста, уæдмæ-иу æз дыууæ ахастон. Стæй йын загътон:

– Ды сæ амайгæ кæн, æз та – хæсгæ.

Афтæ сæ бафснайдтам хус ран. Дарддæр æрзылдыстæм æппæт лæгæттыл дæр, фæлæ алы ран дæр хорзыл банымадта. Хæдзары бирæ цыдæртæ фæфыста иу бæзджын чиныггонды. Афтæ зылдыстæм алы бон дæр уæрмытыл. Уыцы стыр кæрты та уыд бирæ уæрмытæ. Хæринаг – зестæй конд къоппыты мидæг (консервтæ сæ хуыдта). Мæ бинойнаг разынд дæсны хæринаггæнæг æмæ нын кодта бон дыууæ хатты тæвд хæринæгтæ. Иу хатт нæм æрбацыдысты дыууæ афицеры æмæ нæхионимæ фæзылдысты. Уыдон сæхи чингуыты цыдæртæ фыстой. Куы цыдысты, уæд уыдон дæр стъолыл бæзджын тетрады фæфыстой дуне цыдæртæ. Куы ацыдысты, уæд мæ хицау уыцы чиныг райста æмæ мын загъта:

– Дæ мызд-улупа дын кодтой. Стæй, дам, мæнæ чызгæн дæр хъæуы фидын, хæринагæй уæ кæй æфсады, уый тыххæй.

Афтæ бонтæ цыдысты. Иуахæмы æрбацыд, инæлар кæй хуыдтой, уый бирæ æнахуыр бричкæтимæ. Уыдысты иугай бæхтимæ, сæ гуыффæтæ чъибиткæты хуызæн бæзджын кæттагæй. Иу дзы уыд

ændærхуызон, стæй дыууæ бæхимæ. Мæ хицау инæлармæ бæзджын чиныг дæтты, уый йæм дзæвгар фæракæс-бакæс кодта. Цыдæртæ ма дзы фысгæ дæр ракодта. Хицауимæ бирæ фæныхæстæ кодта, стæй мæнмæ бадзырдта æмæ мын загъта:

– Цу-ма, уæртæ уыцы бæхты сифтындз тарантацы.

Æз бацыдтæн æмæ дыууæ бæхы аивтыгътон тарантацы, цигантæм куыд кодтон, афтæ. Уый ницы дзырдта, фæлæ дисæй мард. Йæ къухтæ-иу кæрæдзиуыл ныцъцъыкк ласта. Сыстад æмæ мæ хицауимæ агъуыстмæ ацыд. Раздæхтысты, æмæ мæ хицауæн, чызгмæ амонгæйæ, сабыргай цыдæртæ дзырдта, фæлæ дзы æз ницы бамбæрстон.

Цалдæр боны фæстæ бричкæты сæвгæдтой голджытæ æмæ къоппытæ. Стыр æртæ авджы та сæвæрдтой тарантацы. Уымæн йæ хуылф уыд дыууæ дихы. Разæй дзы дыууæ адæймагæн – хуыссæн бынæттæ. Голджытæ уыдысты, дыгай путтæ кæм цыд, ахæмтæ. Агъуыстмæ мæм бадзырдта инæлар. Уым уыд мæ хицау дæр. Инæлар мын загъта:

– Æз мæ салдæттыл не 'ууæндын, æмæ мæнæ цы фыстытæ бакастæн, уый амоны: ды алцыдæр зоныс, æмæ, чиновниктæ цы ныффыстой, уый бакæндзыстæм. Дæ бинойнагæн йæ гæххæттытæ сты цæттæ, ныртæккæ сæ лейтенантмæ ратдзынæн. Дæуæн дæ гæххæттытæ сты конд æмæ уыдзысты хызыны. Дзургæ дæр дæм уый тыххæй бакодтон, æмæ дын уыцы хабар фехъусын кæнон. Ныр та мæм байхъус лæмбынæг. Ды цæуыс мемæ, дæлæ æмбисонды обæуттæ кæм ис, уыцы бæстæм. Ды скъæрдзынæ мæ тарантацы бæхты, дæ фарсмæ баддзæн афицер, афтæмæй. Иннæ афицер та уыдзæн мидæгæй мемæ. Æмæ дæ зæрдыл бадар: дæ фарсмæ цы афицер баддзæн, уымæн йæ бон у дæу амарын, истæуыл дыл куы фæгуырысхо уа, уæд. Кæд нæ хъуыддæгтæ хорз ацæуой, уæд тагъд раздæхдзыстæм. Дæуæн алидзæн никæдæм ис, уымæн æмæ дæ гæххæтт ис мæнмæ. Уым нæ хъуыддæгтæ куы нæ рауайой, уæд нæ ацæуын бахъæудзæн дарддæр.

Иу бон ма фестæм нæ бынаты, уымæн æмæ зылдыстæм нæ уæрдæттæм. Алкæй дæр фæндыд цæлхытæ фылдæр сæвæрын, фæлæ дыууæ цалхæй фылдæр æвæрын нæ уагътой афицертæ. Æз райхæлдтон цыппар цалхы æмæ сæ бафснайдтон, зынгæ куыд никæцæй кæной, афтæ, гуыффæйы бын, фæстаг дыууæ цæлхыты астæу. Инæлар мæм хæцыд, дæ цæлхытæ цæуылнæ сæвæрдтай,

зæгъгæ, фæлæ йын лейтенант бацамыдта, цыппар цалхы кæм уыдысты, уый. Инæлар бахудт æмæ лейтенантмæ дзуры:

– Ай æцæг цигайнаг куы у. Йæ гæххæтты дæр цигайнаг фыст у, афтæ загъта Тасолтан. Уый тыххæй йæ ракодтон бæхтæ скъæрæгæй.

Араст стæм нæ дард фæндагыл. Иуæй-иу ран цыдыстæм, донæн нæм-иу йæ кæрон кæм нал зынд. Цалдæр боны фæстæ ныххæццæ стæм нæ бынатмæ. Инæлар æмæ йе ‘мбал афицер ацыдысты кæдæмдæр æмæ уыцы æхсæв нал фæзындысты. Дыккаг бон æрбацыдысты машинæйæ. Семæ уыд цалдæр афицеры диссаджы дарæсы. Фæзылдысты нæ уæрдæттыл æмæ дзы иуæй-иутыл цыдæр донæй бапырх кодтой. Уыдон ацыдысты, мах та араст стæм иу стыр доны былтыл, æнахуыр бæлæстæ кæм зад, ууылты. Бахæццæ стæм иу змисджын зæхмæ, æмæ уым разындис, кæцæй рацыдыстæм, уым цы уæрмытæ уыдис, ахæмтæ. Уым равдæлон кодтам, бæрæггонд чи æрцыд, æрмæстдæр уыцы бричкæтæ. Уыдис дзы тынг тæвд, æмæ инæлар афтид бричкæты фæстæмæ рарвыста. Мах та, дам, цæуæм дарддæр. Бирæ фæракал-бакал кодта йæ гæххæттытæ æмæ сын се ‘мбис радта, фæстæмæ чи здæхт, уыцы афицертæй иумæ. Иннæтæ йæ хызыны бафснайдта. Мах араст стæм доны былтыл дæлæмæ. Иннæтæ та – уæлæмæ. Цас фæцыдыстæм, нæ зонын, фæлæ иу бæстæм бахæццæ стæм, æмæ нæ цæлхытæ сæттын райдыдтой, уымæн æмæ нæ фæндагыл къæдзæх дуры муртæ арæх уыдис. Мæн бахъуыд цалцæггæнинаг цæлхытæм зилын. Афтæ бахæццæ стæм нæ бынатмæ. Æцæг пысылмæттæ, дам, ам цæрынц. Иу сылгоймаг дæр дзы йæ цæсгом не ‘вдыста. Ныхасмæ дæр нæ лæууыдысты. Уым нын нæ ласинæгтæ цингæнгæ бафснайдтой. Нæ хицау нын æртæ боны фæллад уадзынæн радта, фæлæ æз арæзтон даргъ къæбæлтæй цыбыртæ, ома фæстаг цалхы къæбæлæй-иу рауад раззаг цалхы къæбæл. Уæдмæ лæгтæй иуæй-иутæ хъуыр-хъуыр кæнын райдыдтой.

Уæд нын хицау-инæлар загъта:

– Мæ бон уын у фенын кæнын пехуымпар æмæ дзуæртты ингæнтæ, стæй диссаджы ламазгæнæн бынат.

Ацыдыстæм, æмæ, ныллæг хæхтæ кæм уыд, ахæм ран федтам пехуымпары ингæн, йæ фарсмæ та – дыууæ дзуарæн къаддæр ингæнтæ. Инæлар нæ акодта иу фæндагыл, æппындæр кæм ницы задис, ахæм быдыртыл. Æз, дам, уын Мæзджыт-харам фенын кæнон йæ зындгонд дуримæ. Суткæ æмæ æрдæг фæцыдыстæм æмæ бахæццæ стæм, Дзæм-дзæмы суадон кæм ис, уыцы сахармæ. Мæккæ йæ хуыдтой. Суадоны раз разынд иу стыр æнахуыр хæдзар,

йæ алыварс – стыр æхгæд кæрт. Уыцы хæдзарæн йæ бындуры иу къуымы æвæрд уыд, мæнæ диссагæн цы дуры кой кæнынц, уый. Адæм куыд дзырдтой, афтæмæй дур лæууы зæххæй метры бæрц уæлдæр. Дзæм-дзæмы донæй нæхи дæр, нæ бæхты дæр байсæрстам. Рараст стæм. Ныр цыдыстæм – дон дæр нæм зынд. Стæй фæндаг дæр фæхуыздæр. Куы схæццæ стæм, уæд мын инæлар мæ гæххæтт фенын кодта, æмæ йæ радта лейтенантмæ. Радта мын, раздæр цы бæстæйы уыдтæн, Мысыр æй хуыдтой, уыдоны æхцатæй, стæй, Мæккæ кæй хуыдтой, уыдоны æхцатæй дæр. Инæлар мын загъта:

– Хорз арæхсыс æмæ мæнæ лейтенантмæ бакус æхца, цалынмæ фæндаггаг бакусай, уæдмæ. Стæй дæ Тасолтан дæр рох ма уæд, ирæд дзы дарыс. Ныр дæм гæххæтт ис, æмæ ссардзынæ, Кавказмæ чи цæуа, ахæм табор, семæ арæнтыл ахиздзынæ. Иунæгæй ма ацу.

Цас рæстæг рауад, чи зоны, фæлæ-иу нæм чи æрбафтыд, уыдоны-иу фæрсын райдыдтон, кæд уæ исчи циганты табор федта, зæгъгæ. Фæлæ никуы æмæ ницы. Иу æхсæв, мæ бинойнаг кæй хуыдтон,уый афтæ куы зæгъид:

– Ме ‘фсымæр уыд ам æмæ зоны циганты таборы рæсæнуат, фæлæ йæ мæнæн нæ загъта. Дæумæ та мæ фыдимæ сты мæсты, бындарæй сæ фыдæнхъæл кæй кæнæм, уый тыххæй. Уæртæ лейтенанты бафæрс, кæд ын таборы хабар ракодта.

Цы æфсонæй йæ бафæрсон, уый нæ зыдтон æмæ æрхъуыды кодтон. Бацыдтæн æм йæ агъуыстмæ æмæ йемæ дзурын райдыдтон инæлары тыххæй. Куыд хорз лæг у, уыдæттæ йын дзырдтон æмæ, зæгъын, куы ‘рбацæуа, уæд мын бацамондзæн, циганты табор кæм æрбынат кодта, уый.

– Нæ йæ бафæрсдзынæ. Уымæн æмæ, дæу цы хъæуы, уымæй мæн хъуамæ фæрсай.

– Æмæ йæ ды цæмæй зоныс, цигантæ кæм æрбынат кодтой, уый? Ардыгæй куы никуыдæм цæуыс.

– Хъус уæдæ. Мæнæ дæ бинойнаджы æфсымæр уыд ам, æмæ, дам, Комтийы ис циганты табор.

Комти та цы у, зæгъгæ, йæ бафарстон, æмæ мын уый ацамыдта йæ чъылдыммæ, уæртæ уым ис Комти, зæгъгæ.

– Цæуын æм хъæуы иу суткæйы бæрц.

Æз ын загътон, акæн мæ, зæгъгæ, фæлæ мын уый бамбарын кодта, нæ дыууæйæн цæуæн кæй нæй, уый. Лейтенант мын загъта:

– Æз дын ссардзынæн æмбал, æцæг ын ратдзынæ Мæккæйы æхцатæ.

Ǽз сразы дæн. Иу къуырийы фæстæ мæм лейтенант бадзырдта. Ǽз æй бамбæрстон, æмбал мын кæй ссардта, уый. Ме ‘хцатæй иу бамбæхстон, паддзахы ныв дзы къабайы æмæ кæлмæрзæны кæй уыд, уый тыххæй. Уыцы лæг мæм хорз фæкаст, æмæ йыл бауухæндыдтæн. Радтон ын æхцатæ. Акодта мæ сæхи цæрæнбынатмæ. Ǽмбисæхсæв араст стæм нæ фæндагыл. Цыдæр къуыбырты сæрты дæр-иу ахызтыстæм, уый сæ хуыдта хæхтæ. Уагæр ма Кавказы хæхтæ куы фенид, уæд уыдон та куыд схонид. Бахæццæ стæм табормæ, æмæ сæ барон разындис æрыгон лæппу . Циганты бафарстон, хистæртæ уæм куы ис, уæд уый баронæй куыд сæвæрдтат, зæгъгæ. Фæлæ мын ницы дзуапп радтой.

Ме ‘мбал мæ баронмæ бакодта, æмæ мæ уый фæрсынтæ райдыдта. Ǽз, цæмæй йæ бауырна, цигайнаг дæн, уый тыххæй мæ ронæй фелвæстон мæ гæххæтт. Уый йæ куы айста, уæд æм кæсгæ дæр не ‘ркодта, афтæмæй йæ зæхмæ аппæрста, цигайнæгтæм гæххæтт нæ вæййы, зæгъгæ. Барон мын бамбарын кодта, иу-ссæдз боны фæстæ кæй цæудзыстæм Кавказы бæстæм Батумыл кæнæ Бакуйыл. Фæтарстæн Батумы койæ æмæ баронæн загътон:

– Бакуйыл куы цæуат, уæд мæ-иу ам ма ныууадзут. Ǽртæ лæджы бæсты дын кусдзынæн дынджыр дзæбугæй иу къухæй дæр.

Уый мæ бакодта, цалхы чъилтæ кæм кодтой, уырдæм. Радта мæм дзæбуг, æмæ цигайнаг райста тæвд даргъ æфсæйнаг. Гыццыл дзæбугæй æртæ къуырццы æркодта, уæд æй æз уыциу цæф ныккодтон, æмæ æфсæйнаг дыууæ дихы фæцис. Уый ныххудт æмæ загъта, сабыр цæф æй хъуыд, зæгъгæ. Ǽз ын афтæ зæгъын:

– Ǽртæ къуырццы фехъуыстай æви нæ?

Уый мын загъта:

– Хъæуыс мæ. Ныр ацæут уæхимæ, æз дæ ссардзынæн.

Фæстагмæ ма мын загъта:

– Дæ гæххæтт дæ бабын кæндзæн.

Бонтæ нымайын райдыдтон, уæдæ кæд æрбацæудзæн, зæгъгæ. Фæлæ уый нæй æмæ нæй. Тасолтан хабар зыдта, фæлæ мæм нæ хыл кодта, уымæн æмæ зыдта, арæнтыл хизгæйæ, цигайнаг уæвгæйæ, гæххæтт куы равдисай, уæд ам кæй æрбалæудзынæн.

Хуыздæр цæстæй мæм райдыдта кæсын, йæ лæппу дæр нæм арæхдæр цæуын райдыдта. Фæлæ мæм циганты барон æрбарвыста, цæугæ кæнæм, зæгъгæ. Лейтенантæн уыцы хабар æхсызгон кæм уыдаид, фæлæ мын ме ‘хца бафыста, феппæлыдис мæ. Ǽхца дыууæ дихы акодта æмæ дзы иу дих сылгоймагæн радта, суанг ма балцы

æхцаты æрдæг дæр. Афтæмæй таборы иунæгæй балæууыдтæн. Таборимæ цæуынтæ байдыдтам. Ахæм фæндæгтыл никуы цыдтæн. Фæндæгтæ-иу уыдысты лæгъз, ам та – къуыбыртæ æмæ дзыхъхъытæ. Иухатт арæнтыл мæ гæххæтт мæ ронæй æрхаудта, æмæ фæцæйбын кодтон, фæлæ барон сгарæг æмæ ме ‘хсæн алæууыд. Куы раирвæзтыстæм, уæд мын ме ‘хцайæн се ‘рдæг бацагуырдта, кæннод, дам, афонмæ къалатийы бадис, зæгъгæ. Дыккаг бонæй фæстæмæ та мын хæринаг дæр нал лæвæрдта, æхца дæм ис, æмæ дæхæдæг истытæ ‘лхæн, зæгъгæ. Кæй чъибиткæйы бадтæн, уый мын бамбарын кодта:

– Бароны ном кæд хæссы, уæддæр ын амоны, уæртæ дыккаг чъибиткæйы цы зæронд ус цæры, уый.

Бахæццæ стæм арæнтæм. Амы адæмыхатты персайнæгтæ хуыдтой, æмæ уым æрбынат кодтам. Кæсагхæрдæй дзы æфсæст уыдыстæм, æмæ барон цин кодта. Фæлæ йæ цин бирæ нæ ахаста: арæнтæм хæстæг æрбынат кодтат, зæгъгæ, нæ тæрыныл систы. Доны былтыл – уый уыд Хъаспы денджыз – цæуынтæ байдыдтам æмæ Бакумæ хæстæг æрбынат кодтам. Уым дæр нæ хуыздæр хæринаг – кæсаг. Устытæ дзы фыхтой хъæрмхуыпп. Мæнæн дæр дзы цалдæр хатты бахæрын кодтой.

Дуканийы мæ иу лæг бакъуымы кодта, ды цигайнаг куы нæ дæ, уæд семæ цæмæн дæ, зæгъгæ.

Æз æм мæ гæххæтт равдыстон, æмæ мын афтæ:

– Аппар æй, адæм зонынц, цигайнæгтæм гæххæтт кæй нæ вæййы, уый. Дæхиуыл ма ардау адæмы.

Æз дуканигæсмæ фæцæйлæвæрдтон æхца, æмæ мыл уый ныхъхъæр кодта:

– Ам, ахæм æхцатæ кæмæ ис, уыдоны ахсгæ кæнынц æмæ сæ ауындзынц.

Цы ‘лхæнынмæ хъавыдтæн, уыдон мын балхæдта, стæй мын хæрæндоны бахæрын кодта. Куы анызтам цыдæр хъæбæр нозт, ай, дам, сомихы нозт у, зæгъгæ, уæд ын куы зæгъин, ирон кæй дæн. Уый мæ фарста:

– Мæнæ ацы хæхтæн сæ кæцырдыгæй ирон дæ?

Æз æй не ‘мбæрстон, æмæ мын уæд загъта:

– Цы хъæуы цардтæ, уый-ма мын зæгъ. Æз, ардыгæй райдай, Дербентæй райдай, Грознайæ райдай, Старапъол æмæ суанг Бетъырбухы хъæутæ дæр зонын.

Æз ын куы фæкæнин, Зилгæйæ, зæгъгæ.

Уый мын ме уæхск æрхоста æмæ мын афтæ:

– Мæнæ ам исты куыстмæ бацу æмæ билеты фаг иу къуыримæ бакусдзынæ. Билет балхæндзынæ, поезды сбаддзынæ æмæ Тлатты хъæуы станцæйы рахиздзынæ, уæ хъæуы тæккæ раз.

Æз ын загътон:

– Ам мæ æнæ гæххæттæй кусынмæ чи айсдзæн?

– Уæдæ дыргъы куыст кæнæ зæххы куыст зоныс? Ам ныртæккæ сæнæфсир зымæгмæ цæттæ кæнынц, фæлæ ды сæнæфсиртæн иу къухæй цытæ кæндзынæ? Райсом мемæ цом, æмæ дын хъалагъуры бынат искуы ссардзынæн, – ууыл цыдæр æрбаци.

Дыккаг райсом табормæ хæстæг лæууыд, æмæ сæм бацыдтæн. Уый мæ цыдæр мишинæйы сбадын кодта æмæ иу-дæс-фынддæс километры фæстæ рахызтыстæм. Фистæгæй ма ацыдыстæм иу-фондзсæдæ метры æмæ уым иу кæрты дуар бахостам. Ракаст нæм сылгоймаг æмæ нын загъта, йæ лæг куысты кæй ис, уый. Иугыццыл ма ауадыстæм, æмæ дзы – стыр сæнæфсир цæхæрадæттæ. Уым архайдтой адæм. Ме ‘мбал цалынмæ, кæй агуырдта, уымæ лæууыд, уæдмæ иу зæронд лæгæй райстон хæсгард æмæ, асиныл лæугæйæ, сæнæфсиры къалиутæ лыг кæнын райдыдтон. Фæлæ кард къуымых уыд, æмæ æрхызтæн зæхмæ. Кæсын, æмæ мæм иу лæг йæ къух тилы . Уый цæугæ-цæуын цыдæртæ дзырдта. Æз дæр йæ фæстæ бахæццæ дæн ме’ мбалмæ. Уыдон кæрæдзийæн хъæбыстæ кæнынц, стæй мæм разылд æмæ мæм дзуры:

– Ай дыл къух куынæ ис, уæд кæдæм сбырыдтæ? Хæсгард та ратт йæ хицауæн, фæлæ йын æй цæмæй сцыргъ кæнон?

– Куыд æй сцыргъ кæндзынæ? – дисы бацыди.

Рахæссын кодтон сигæц-цыргъгæнæн æмæ йæ мæ дыууæ уæраджы ‘хсæн балхъывтон. Хæсгард иуырдæм, иннæрдæм дауын райдыдтон, стæй йæм æй радтон, æмæ дзы къалиу ацъыкк ласта, уæд ме ‘мбалимæ бацыд, æз, асиныл лæугæйæ, кæм лыг кодтон, уыцы бынатмæ, хæрдмæ скаст æмæ мын загъта:

– Цæй-ма, фенын мын кæн, куыд лыг кодтай, уый.

Æз асин æндæр ран сæвæрдтон æмæ, мæ сæрæй рагъхъæдыл æндзæвгæйæ, бахсæстон мæ алыварс къалиутæ. Уый дисæй амард æмæ ме ‘мбалы фæрсы, чи дын у, зæгъгæ.

Уый йын бамбарын кодта, билеты фаг мæ ‘хца кæй бакусын хъæуы, уый. Сразы ис мæн æхсæдæгæй райсын æмæ мын загъта:

– Райсом дæ паспортимæ ‘рбацу æмæ кус, хæсгард дын ратдзыстæм.

Афтæ та мæ хъуыддагæй ницы рауад, махмæ, дам, куыстмæ æнæ паспортæй нæ исынц, зæгъгæ. Уæдмæ таборы барон фæдис самадта, нæ лæг алыгъдис, зæгъгæ. Изæрæй мæм барон æрбацыдис зæронд усимæ, æмæ ус баронæн загъта:

– Уадз æй, цалынмæ Дербентæй ахизæм, уæдмæ, уым нын тæссаг нал уыдзæн, æмæ йæ уæд арвитдзыстæм, кæцырдæм æй фæнды, уыцырдæм.

Уым ма фестæм цалдæр боны, стæй денджыз-денджыз рараст стæм лæгъз фæндагыл. Схæццæ стæм уыцы Дербентмæ, фæлæ нæ уым лæууын нæ бауагътой, æмæ уæлдæр ацыдыстæм. Куыд бамбæрстон, афтæмæй ацы табор ам лæууыд кæддæр, æмæ дзы ахуыр кодтой хорз æфсæйнаг кæрдтæ аразын. Уый æфсонæй мын барон загъта:

– Дæ куыст нæ нал хъæуы ам. Мах араздзыстæм хæсгæрдтæ, хъаматæ æмæ æндæр лыстæг дзаумæттæ, ды та дæ хъару ‘взар æндæр таборты.

Афтæ иунæгæй аззадтæн Дагестаны хæхты астæу. Дыууæ ‘хсæвы ма уым фæдæн зæронд усы сусæгæй, уый фæстæ базыдтон, нæхирдæм фæндаг кæм ис, уый æмæ уырдæм æрбацыдтæн. Цæуынтæ байдыдтон æмæ иу бон бацыдтæн фæндагмæ хæстæг иу дуканимæ, исты хæринæгтæ самал кæнон, зæгъгæ. Мæ туркаг æхцатæй иу уæйгæнæгмæ балæвæрдтон, уый йæ йæ дзыхы акодта, æмæ йæ дæндæгты къæс-къæс ссыд. Цыдæр мын ацамыдта æмæ, цыма хæринагмæ бацыд, афтæ цыдæр фæцис. Æз дæр катайы бацыдтæн, кæд та уый дæр пъæлицæйагмæ азгъордта, фæлæ банхъæлмæ кастæн. Фæзындис иу æнæдаст ацæргæ лæгимæ. Ме ‘хца мын фæстæмæ радта. Æмæ мæ уыцы лæг сæхимæ акодта. Бахæрын мын кодта цыдæртæ, стæй бæзджын цай, ай, дам, хъалмыхъхъаг цай у. Куы дзы схуыпп кодтон, уæд мæм афтæ фæкаст, цыма нæхи сарайы бадын, æмæ, дæлæ Гæбисы куыройы раз цы дидинджытæ зайы, уыдонæй фыхтой цай, æцæг доны бæсты уыд ног дыгъд æхсыр. Уый мæ ницæмæй фарста, афтæмæй мæ даргъ бандоныл цыдæр нымæттыл бахуыссын кодта. Уый фæстæ мын афтæ зæгъы:

– Æри мæм ныртæккæйы æхца, æз æй моллойæн бакæсын кæнон, цы фыст дзы ис, уый.

Æз æм æй радтон. Куы райхъал дæн, уæд мын мæ разы æрæвæрдта зæгæлы хуызæн, æцæг ыл сæр нæ уыди. Систон æй, æмæ ратас-батас кодта. Лæг мын афтæ зæгъы:

– Уый де ‘хца у, æмæ дын цас æрласа барæныл, иу ахæм æхца дын

æз фондз хатты фылдæрæй ратдзынæн нæхи ‘хцайæ.

Æз ме ‘хцатæ стъолыл æрæппæрстон, æмæ дзы уый равзæрста æртæ кæнæ цыппар, æвзаргæ та сæ кодта дæндагæй. Изæрæй куы бахордтам, уæд мын мæ къæхтæ ныхсын кодта иу чызгæн. Ламаз куы скодтон, уæд мыл уыцы чызг скодта цыдæр халаты хуызæн æмæ мæ агъуыстмæ хуыссынмæ бакодта, ам æхсæвиуат бакæн, зæгъгæ. Иу-цалдæр боны фæстæ мæм лæг рахаста гæххæтт, тетрады цъарæй бирæ стырдæр, кæцыйы уыдысты цыдæр хæххытæ æмæ хъæутæ: Далаково, Зилгæ, Брут, Заманхъул, Кæрдзын, Елхот, Мыртазатæ. Фæракæс-бакæс æм кодтон, фæлæ йæ не ‘мбæрстон, цæмæ йæ æвдисы мæнмæ, уый. Куы йæ бафарстон, уæд мын радзырдта:

– Æз ацы хъæуты вæййын дыууæ-æртæ азы иу хатт æмæ адæмæн сæ архайæн гæрзтæ цалцæг кæнын. Мæнæ ацы зæгæлæй æз цал хъуывгъаны, цал тасы баныхасдзынæн, уый ды æмбаргæ дæр нæ кæныс. Бафæрс ма-иу дæ хъæуы, Абыкуыр уын цал тасы баныхæста, уымæй. Абыкуыр та мæнæ æз дæн. Ныр зивæг кæнын райдыдтон, фæлæ мын æххуыс кæны мæнæ мæ гыццыл чызг Рай. Тæригъæд ын фæкæнын, уæззау хызын куы фæхæссы, уæд. Сымахмæ дæр нæ тагъд хъæуы. Аргуыданы, стæй мын Елхоты ис хорз фысымтæ. Ныр мын Зилгæйы та ды куы суаис фысым, уæд мæ гыццыл чызг цин кæнид. Дæ разæй æппындæр куы нал цæуы. Мæнæ райсом сахарæй пост чи ласы, уый фæстæмæ куы раздæха, уæд дæ аласдзæн æмæ дын билет райсдзæн поездмæ, сбадын дæ кæндзæн æмæ дын бамбарын кæндзæн, Тлатты хъæу – Беслæны станцæйы дæ цæмæй рахизын кæной поездæй. Уырдыгæй дæм Зилгæ зындзæн. Æцæг мын зæгъ, кæцырдыгæй цæрыс, уый. Хосонты зоныс, уæд уыдонæй амон.

Æз ын бацамыдтон: хъæумæ бацæуæны æртыккаг хæдзар фыццаг уынджы. Иу цалдæр боны фæстæ нæм фæзынд машинæ æхгæд гуыффæимæ. Хорз ыл сæмбæлд Абыкуыр машинæйы хицауыл, æмæ бирæ фæныхæстæ кодтой, мæнмæ амонгæйæ. Хицау мæ сбадын кодта фæсте æмæ мыл æфсæйнаг дуар æрбахгæдта. Абыкуыр мæм раздæр æрбацыд æмæ мын загъта:

– Билеты фаг æм æхца радтон, æмæ дын раздæр куыд загътон, афтæ уæхимæ балæудзынæ.

Уыцы лæг нæ фæсайдта, æмæ мæ æцæгæй дæр Беслæны станцæйы рахизын кодтой, æмæ нæхимæ ‘рцыдтæн.

Дис кодтой иууылдæр æмæ кæрæдзимæ дзырдтой:

– Йæ цонг не змæлын кæны, уæд уый цы у, цæмæн афтæ кæны? Ме ‘фсымæрæй фæстæмæ мыл иууылдæр цин кодтой. Ничи мæ

ницæмæй фарста. Æцæг сын сæ ныхæстæ хъуыстон:

– Ау, æмæ Амырыкы куы уыд, уæд цæй гæвзыккæй æрбацыд?!

Цы сын дзырдтаин… Мæ дыууæ бинойнагæй мыл ничи атигъ ис, æмæ, куыд уыныс, афтæ цæрын, фæлæ мæ хъуыддæгтæ рæстмæ нæ кодтой.

Æрмæстдæр цалдæр азы фæстæ Абыкуыр фæзынд стыр чызгимæ. Бирæ цинты æмæ хъæбысты фæстæ Абыкуыр загъта:

– Цалынмæ ам уæ хъæуы кусын, уæдмæ мæ чызджы уæхимæ цæрынмæ бауадзут, уымæн æмæ æз баззайын, бон кæмæ фæкусын, уыдонмæ.

Рай, афтæ хуыдта йæ чызджы, цард ам махимæ, æцæг-иу ныууад дæллæгтæм дæр. Цас боны бакуыстаид Абыкуыр ацы хъæуы, фæлæ мын иу бон афтæ:

– Мыртазатæм цæуын æнæ Райæ æмæ фæзилдзынæн тагъд.

Фæзынд дыууадæс боны фæстæ, æмæ сæхимæ ацыдысты. Æцæг йæ кусæн дзаумæттæн сæ фылдæр ам ныууагъта – иннæ аз нæ ардæм хъæуы, зæгъгæ. Уæд-иу мæ зæрдыл æрлæууыдысты, æнæхъæн афæдзы дæргъы мын уыцы Рай мæ къæхтæ куыд æхсадта æмæ мæ разæй куыд нæ цыд. Ныр ме ‘мбæрц сырæзыд æмæ цæхæртæ калы. Цымæ, фарстон-иу мæхи, Абыкуырмæ цы пълæнттæ ис йæ чызджы тыххæй.

Уыцы хъуыды мæ сæрæй нæ цух кодта. Фæзынд Абыкуыр, куыд загъта, афтæ, афæдзы фæстæ. Бынтон æндæрхуызон дардта уый йæхи, æмæ йæ бафарстон, цæмæн хъуыр-хъуыр кæныс, зæгъгæ. Уый мын бамбарын кодта, мæ чызг, дам, æнæхъæн аз нывыл хæргæ дæр нал кæны, чындзы ацу, зæгъгæ йын йæ мад бакой кодта, æмæ, дам, мæн цигайнаг йеддæмæ ничи хъæуы. Дæуæн та дæхи цот уымæй хистæртæ сты…

Цы йын загътаин, фæлæ йын уайдзæфгæнæгау бамбарын кодтон, йæхæдæг аххосджын кæй у: цæмæн-иу ын æхсын кодта алы ‘хсæв мæ къæхтæ, цæмæн ын æфснайын кодта алы æхсæв æмæ райсом мæ хуыссæн, мæ дзаумæттæ. Ныр дæ чызджы фæндон зоныс, мæнæн дæр æй бамбарын кодтай, фæлæ мæнмæ ницы ис, сымахмæ та ирæдæн бирæ мулк хъæуы бафидын йæ бæсты.

Абыкуыр тобæ-тобæ кæнын райдыдта æмæ сдзырдта:

– Мæн дæуæй ницы хъæуы, æрмæстдæр Рай уæд амонддждын. Гъе, афтæмæй Рай бацис мæ бинойнаг. Иууылдæр æй райдыдтой хонын Райкæ.

Æз Гыдтойы афарстон:

– Æртыккаг ус дын уыд?

Уый мын куы зæгъид:

– Æз дын мæ хабæрттæ цыбырæй фæдзырдтон, фæлæ дзы ме 'мкъæйттæй æвддæсæн сæ нæмттæ хъуыды кæнын, иннæты нæмттæ мæ ферох сты. Цот мын нæ уыдис иуæй дæр, уымæн æмæ, о, куы дын дзырдтон (кæрдæджытæй хосты тыххæй). Фæлæ цæмæй мæ ныхæстæ фæуон, уый тыххæй ма мæм иу чысыл байхъус. Скъоламæ цу æмæ хорз ахуыр кæн, науæд дын царды размæ фæндаг нæ уыдзæн. Мæнæ мемæ цы куыстытæ кодтай, уыдон дæр дæ ахсджиагæй бахъæудзысты кæддæриддæр. Дæ зæрдыл сæ бадар, æцæг. Зæгъ-ма, цæмæй бæласыл фæткъуытæ хорз æрзайа, уый тыххæй цытæ кæнын æмбæлы?

Æз ын радзырдтон, йæхæдæг мын цытæ амыдта, уыдæттæ. Хорз сæ бахъуыды кодтай, фæлæ дын мæхи тыххæй цы радзырдтон, уыдон дæ зæрдæмæ ма айс, адæмы хуыздæрты фæзм, æмæ дæ лæг рауайдзæн. Дæ фыд ныр дæр ма ахуыр куы кæны…

Мæ фыд Дæхцыхъо ахуыр кодта Грознайы агрономты сæрмагонд скъолайы. Гыдто цард уæд Райкæимæ æндæр хæдзары. Арæх-иу мын дзырдта:

– Æхсарбег, мæн фæзм, æмæ дæ царды фæндаг уыдзæн дæргъвæтин.

Æз уый фæндагыл нæ ацыдтæн, фæлæ мыл йæ ныхæстæ иууылдæр æрцыдысты. Тынгдæр дзы бахъуыды кодтон, афтæ мын куы загъта, Æхсарбег ном ма дæ искуы æхсызгонæй бахъæудзæн, зæгъгæ.

Иу заман уыдтæн Мæккæйы, æмæ мæ фыдæбæттæ нæ Иунæг Стыр Хуыцауы номыл куы фесты, уæд мæ изæры фарстой:

– Цы ном дын саккаг кæнæм: Абдулла, Соломон æви куыд? Æз сын загътон:

– Гыццылæй мыл ном сæвæрдæуыд – Æхсарбег, æмæ ныр та мæ ном у Æхсар.

Уæд æмбырды уынаффæйæ баззадтæн Æхсарбег-хадзыйæ.

Гыдто райгуырдис 1871 азы Гисойы хæдзары, уыд Хъуыссæты хæрæфырт. Уыдис ын æфсымæр æмæ дыууæ хойы. Иннæ хабæрттæ зонут, фæлæ ма уый фæстæ, йæхæдæг кæй нæ дзырдта, мæнæн дæр уыцы хабæрттæй мæ бон у зæгъын.

Цардис ам нæ сыхы иунæгæй, æмæ йæ мæгуыр хуыдтой, кæд æй йæ дыууæ бинонтæ дæр рох нæ кодтой, уæддæр. Йæ цæрæнбынат цæмæй заууатмæ ма 'рцæуа, уый тыххæй, нæ хъæуы фарсмæ цы цæрæнбынат уыд, Гæны завод, уырдыгæй æрбакодта дыууæ сылгоймаджы, иу – хистæр, иннæ – зынгæ кæстæр, мæ цæрæнбынатмæ мын базилут,

зæгъгæ. Фæкуыстой цалдæр боны, æмæ сæ иу нал æрбацыд. Сыхæгтæ сусу-бусу кæнын райдыдтой, амæн йæ мад цæуылнæ æрбацыд, зæгъгæ. Чызг куыста дарддæр æмæ-иу уым æхсæвиуат кæнынмæ дæр баззад, Гыдтойæн райдыдта хæринаг кæнын. Йæ куыстытæ куы фæцис, уæддæр ма-иу æрбацыдис. Стæй дын Гыдтойæн иу хатт куы фехъусын кæнид, лæппу нын уыдзæнис, зæгъгæ.

Атардта йæ, мæнæн, дам, сывæллон уæвæн нæй, зæгъгæ. Цигантимæ фæцардтæн, бирæ устытæ мын уыд, фæлæ мын сывæллон никæмæй рантыст. Уый уæддæр æрбацыд иннæ сылгоймагимæ…

Мæнæн Гыдто загъта:

– Уыцы лæппумæ-иу фæкæс.

Куыд рауад ацы хабар та… Æз райдыдтон иу заман скъолайы ахуыргæнæгæй кусын, æмæ иу лæппу уыд Гыдтойы цоты халдих. Æз афæрстытæ кодтон кæйдæрты, æмæ, дам, уыцы лæппу у хæсгæ.

Æмæ уæд æндæр куыддæрты базыдтон, уыцы лæппу æцæгæй Гыдтойы кæй у. Лæппуйы æфсадмæ куы акодтой, уæд æм чидæр ныффыста, ды, дам, Джимитæй куы дæ, уæд дæхи Мысыкаты мыггагæй цæмæн фыссыс?

Лæппу æфсадæй хъæумæ нал сыздæхт…

**Фæсныхас:** *Джимиты Æхсар у Зилгæйы размæцыддæр лæпputæй, куыста къорд бæрнон бынæтты дæр, фæлæ сæйрагдæр уый у, æмæ дзæвгар цаутæ æмæ хабæрттæ кæй дары йæ зæрдыл иттæг ирдæй, нывæфтыдæй.*

*Абон уал «Мах дуг»-ы буц уазæг у, фæлæ йын бынтон куы схиуон уаид йæ хæстæг æрвад-фысджытæ Хайырбег æмæ Кларæйау, уый нæ тынг æхсызгонæй фæнды.*

# ДЖУСОЙТЫ МАРАТ: 60 АЗЫ



*Джусойты Леуаны фырт Марат райгуырд æмæ схъомыл Тарскæйы хъæуы æмæ йыл абон дæр йæ зæрдæ нæ ивы. Ирон поэзимæ æрбацыд йæхи бæрæг æрмдзæфимæ, йæхи цæстæнгасимæ царды алы фæзындтæм. Йæ уыцмыстæ цы æртæ поэтикон æмбырдгæндтæй рацыдысты, уыдоны ирдæй равдыста дзырдæй нывкæныны дæсныйад. Йæ æмдзæвгæты дæсны арæхстджынæй пайда кæны аивадон абарстытæй, фидар дзырдбæстытæй, адæмон сфæлдыстады авналæнтæй. Цы фæлгонцтæ саразы, уыдон цæстытыл уайынц, адæймаг сæ æнцонæй йæ зæрдыл бадары.*

*Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты филологон факультет каст фæуыны фæстæ куыста газеттæ «Рæстдзинад», «Молодой коммунист», «Стыр Ныхас», «Айдæн», «Пульс Осетии»-йы, журнал «Мах дуг»-ы редакциты.*

*Марат хорз æнкъары ирон дзырды ахадындзинад йæ алы фæзилæнты дæр, ирон аив дзырдæн у арфæйаг лæггадгæнæг, æмæ ма йын бирæ бантысæд.*

# СТЪАЛЫТЫ ‘ХСÆН

## ФÆЗЗЫГОН

Хъарм бонтæ фæвæййынц хардз,
Уарынтæ нырма – фæсарц.

Згъæлы фæззæджы сыфтæр,
Хъуысы зырнæджыты хъæр.

Æмæ дард хæссы сæ уаст
Рохст, уынгæг зæрдæйы хъаст.

О, куыд æрхуым у сæ тахт!..
Цард цæй тагъд кæны, цæй тагъд!

Знон рæудидин калдта бал,
Ныр йæ сæрмæ арвыл – хал…

Ивгъуыдыл цы у фæсмон?!
Фæлæ хъæд ныггом бынтон.

Фидæныл нæ риссид сæр,
Фæлæ зырнæджыты хъæр.

Æмæ ахæм тахт кæнут,
Æмæ мын хæссут мæ уд…

## МÆЙДАР ÆХСÆВ

Куыд хорз у мæйдар æхсæв  хохы!
Арв калы мæ удыл цæхæр.
Зæххон катай, царды мæт рох у.
Нæ абонæй – фидæн хуыздæр.

Æрфу кæны фугæтыл уахъæз,
Фæивы йæ сонт хъæлæс дон.
Ныррухс вæййы фидæны сагъæс,
Ныххур кæны ивгъуыды бон.
Зæххонтæм  – æввахс, фæлæ иунæг…
Дæн хион дард стъалыты ‘хсæн.
Мæ зæрдæйæн скодта хæрзиуæг
Уæлвонг хохы талынг æхсæв.

Мæ алыварс цард мæ фыдрох у,
Йæ фынæй та бонмæ у тарф.
Мæйдар æхсæв диссаг у хохы,
Йæ цæхæр мыл бафтыдта арв.

***

Нæ рагон адæмы туг, не стæг
Кæмæн нæ бабæззыд, кæмæн!
Æнтауæн, хъацæнау сын фестæм,
Цыма зæронд фаджыс хуымæн.

Æмæ нæ алыварс æвзартæ
Ысуагътой, акалдтой сæ фист.
Сæ сæрæн рагæй не сты нартæ,
Кæнынц сæ дзиглотæ дæр цъист.

Къæйных  фæлитойтæн сæ дуг у,
Тыхлæг бæрзонд хæссы йæ сæр.
Хъæстæ сты бирæгътæ нæ тугæй
Æмæ кæнынц зыдæй зыддæр.

Мæнг дзырд æмæ зылын ныхасæн
Нæ царды бирæ у сæ бон.
«Ныр та цы сты, фæлæ сын байсæм
Сæ ивгъуыд, рагфыдæлты ном!»

Фæдисау рох обæуттæй хъуысы
Фыдæлтæн се стджыты зыланг.
Сæ туг цъæх арвы бынмæ сысы,
Æмæ сæ ном ысси дзырддаг.

Æнцон у искæйты фæливын,
Æмæ дæхи дæр асай, цæй…
Фæлæ хъысмæтæн нал ис ивæн,
Æмæ ныхыфыст байсæн нæй.

*2016*

***

Цæй Ир ма ис махæй, цæй фарн ма ис ам!
Йæ бæсты нæ бæсты æрцарди хæрам.

Йæ хъузæттæ диссаг ныхилынмæ сты:
Зынг ысты зынгуысты – сæ сойджын куысты,

Сæ фезмæлд, сæ фездæхт – быныстæрд, гаффутт…
Æвдæлон уа знагæн йæ хæдзар, йæ уд!

Бæсты бындур бахордта æнæфсис гæртам,
Лыгъд ысты, тæргайгонд æгъдау æмæ ‘фсарм.

Рæстæй кусæг – сайраг, æввонгхор – сæйраг,
Нæ бæстæ – гæбæзтæ, æлхæнгæ-уæййаг.

Цы кодтай, кæддæры нæртон адæм – ир,
Цы фæдæ, нæ къаннæг хæдхуыз бæстæ – Ир?!

Бæгъдулæгдон, ирхæфсæн хъалтæн – цæлдон,
Æгуыст æмæ кусæг дзыллæтæн – дæлдон.
Цы ирдгæ æрфыты, æрвон фарн, хæтыс?
Нæ цæуыс нæ тæфтыл, сæрхызт дæ, сæрхызт,

Нæ къæстыл, нæ хъæстыл нæ дарыс дæ арм,
Цæй ир ма ис махæй, цæй фарн ма ис ам!

Йæ размæ дæр дуне хуыздæйраг нæ уыд,
Фыдбылыз ныл сагъуыд, кæрæф æмæ зыд…

Ды дæр сæ куы зоныс, сæ хорзæх дæ уæд.
Фыдгулау сæ фæстæ ныууагътой фыдвæд.

Дуг-рæстæджы аххос цы кæнæм, æниу?!
Лæджы хуызæн лæг дзы нæ разындис иу.
*2015*

## ШАМИЛÆН

Адзал дæ нæ байста æдзардæй,
Æрдæгыл нæ баззад дæ фыст.
Йæ тæккæ хуыздæры фыдмардæй
Зæрдæсаст Ирыстон фæрыст.

Зæриндзых æдзæмхуыд , æнгом у,
Йæ зарæг ныууагъта, йæ дзырд.
Рыст Ирыстон бацис æгомыг…
Йæхиуыл, йæ дзыхыл хæцыд…

Ды та йын хæцыдтæ йæ сæрыл,
Йæ сæрвæлтау снывонд дæ сæр.
Тызмæг арв уыраугæ ныннæры,
Лæджы хъæр нæ хъуысы æндæр.

Хъæрæй æмæ ‘ргомæй нæ дзурæм,
Лæзæрд æмæ ихсыд дзырдтæ…
Нымыгъд æмæ ардыд фыдгулæн
Нæхицæй ды рагæй уыдтæ.

Хуыздæрыл фæкæнынц фыдвæндтæ,
Йæ судзгæ зæрдæ та – мысан.
Фыдгæндтæй, йæ бирæ нывæндтæй
Ирыстоны зæрдæ ныссау.

Æнусон хæс – тугхъалон – фидæм,
Фыдгул дзы нæ кæны æлгъæд.
Фыдæлтæй нын баззад: нæ фидæн –
Нæ хуыздæрты тугæй æлхæд.

*2011*

## НАФИЙÆН

Хуыцауæй арфæгонд фæдæ…
Йæ хæрзтæй та рæвдыд кæм дæ,
Фæдæ йæ комытæфæй уазхъæстæ,
Йæ рард цæрæнбонтæй æфсæст.
Нæ дын ис иунæг бон дæр сæфт,
Æвдисæн – де 'сфæлдыст дзæвгар хæрзтæ.

Дæллаг гал дæ æмæ титан,
Æфты дæ куыстæй Ирыл фарн,
Кæны дæ уæлтæмæнæй аивдæр.
Фæллæйттæ хорз кæныс – бынтæ
Дæ удæй – адæмæн хуынтæ,
Æвидигæ, нæ сын ис баивæн…

Рæсугъд ныхæсты бын фæдæ,
Зæрдиаг арфæтæ – сæдæ,
Фæкодтам диссаджы æппæлдтытæ.
Фæлмæн нæ нывæндыс тынтæ:
«Æвзæрæн ма ныууадз бынтæ»…–
Хуыснæгау бахъуызы дæ сæнтты дæм?..

*2015*

## МИДВЫНЫ

Рагбонтæй ардæм фæцæуы æхситт…
Урсбазыр дымгæ фæйлауы рыгмит.

Бæлæстæн уынджы сæ фæздæг кæлы,
Бæстæ ныгъуылы æмбисонд фæлмы.

Хъарм хæдзар, дзаг хæдзар, артдзæсты арт…
Рæстæджы тагъдæн цæй æвгъау дæ, цард!

Ахæм тæссонд æмæ афтæ зынаргъ
Удæн цæмæн дæ?! Зынхæссæн дæ уаргъ.

Дымгæ йæ бæгъдулæг нал уадзы, нал,
Хъазынæн домы йæхицæн æмбал.

Галиугæнаг лæппу миты æвдылд,
Ницæмæ дары фыдымады хыл.

Мидвыны хъусын хъæлæстæ – цъæхснаг,
Сыхы сывæллæттæ хъазынц, хæрзаг.

Уынгмæ мæ быцъынæг тонын, тындзын,
Згъорын, фæлæ сæм нæ хæццæ кæнын.

Хъуысы мæм, хъуысы æввахс æмæ дард,
Пецы къæрццытæ куыд кæны нæ арт.

Бинонтæ иумæ – цæлхæмбырд, æмвынг…
Нал сæ ис хъауджыдæр – цард æмæ фын.

Нал æмæ нал фæуы мидвын, ныддаргъ…
Риссаг, уæззау дæ, мысинæгты уаргъ.

Цардæгас  артдзæсты уæлхъус – мæ мад,
Фыдыл æртæфстис йæ боны фæллад.

Хо æмæ ‘фсымæртæ, семæ – æз дæр,
Урсвæлм æвæд уынгмæ хъуысы нæ хъæр…

Рæстæг – фынафон, æрсабыр нæ уат,
Нал уары, нал дымы, рудзгуытæ – салд.

Уазал сæууон мигъау атад мæ фын.
Райхъал мын, оххай, цæй хъыг у, цæй зын!..

***

Нæй мæ зæрдæйæн æмгъуыд,
Удæн нæй нымæц.
Азтæй кæд æмæ фæцыд
Ныр дæс æмæ ссæдз.

Ивгæ афонты фæдыл
Аивгъуыдта цард.
Зæрдæ не сивтон дæуыл
Ардбахæрдау, ард…

Æмæ афæдзтæй æртын
Аккой кодта уад.
Фæлæ чи комы сæттын,
Уый кæм у нымад!

Афон алцæмæн дæр ис,
Æмæ ис кæрон.
Ды – мæ цин æмæ мæ рис,
Цалынмæ цæрон.

*2014*

***

Цыма ныр мæ уд æрбæстон…
Хъарм сæрдыгон изæр – сус.
Сонтæй зæрдæйы фæхастон
Уарзон рухс фæлгонц æнус.

Рæстæг дойнаг дуртæ халы,
Ызгæ бахæры æндон…
Фæлæ дæм нæдæр æвналы,
Нæй, нæ дыл цæуы йæ бон.

Ницы ис зæххыл æнусон,
Алцæмæн æрцæуы рад.
Фæлæ рухс фæлгонц – мæ хъузон –
Мæн кæцæй уадзы æнцад!

Уæд цæй удæнцой, цæй бæстон…
Тауы хъарм изæр йæ рухс,–
Уый æнæуддзæф бæлæстæн
Кæд сæ цъæх сыфтæр ныссус.

***

Фыддуг мылазон хаста,
Рыстзæрдæ та – йæ хъаст.
Лæгæн йæ цард нæ барста
Фыдыбæстæмæ уарзт.

Фыдбон æххæссы дардыл,
Кæм ын ис бын, кæрон!
Сыгъдыл æфтынц, æдзардыл
Рæстаг фæндтæ – фæрнон.

Цы уыдзæни нæ фæстаг,
Цы фидæн нæм кæсы?
Къостайы дудгæ фарстæн
Нæ хъæуы ныр дæсны.

## ГАКК-ГУКК

Рæсугъд гакк-гукк цæрæнбонтæ нымайы,
Æрдавы уддзæф сусхъæдæй хæрздæф.
Нырма фæлмæн у рагсæрды æнтæф,
Фæсаходæнтæм æртæх дæр нæ тайы.

Хуыцауы бынмæ алцыппæт куыд райы!
Фæзмы, фæлхаты арвы къуырфы тæрф.
Цъæх фæлыстыл сызгъæрин хурæй – хæрв.
Хъыгтæй, мæстытæй дзаг дзæкъулы кайы…

Йæ уды бацыд, нал æнцайы гакк-гукк,
Фæстæмæ та мын раздæхта мæ раг дуг,
Кæм нæ уыд цин-цæрæнбонтæн кæрон.

Æрттивы, зæлы хурхæтæны бон.
Æгъгъæд, рæдау зæлдагхъæлæс маргъ, фаг у,–
Кæдмæ хæссон мæ мæстыты æргъом!

# АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД



## БАСИТЫ ЦÆЛЫЧЧЫ ФЫРТ БАРИС

*(1935–2009)*

*Хъæздыг æмæ æнæбайсысгæ у ирон адæмон сфæлдыстад. Уый нын нæ фыдæлтæ цæстыгагуыйау бахъахъхъæдтой æмæ æрхæццæ кодтой абоны бонмæ, цæмæй мах кæсæм, хъусæм æмæ нæ истори ноджы хуыздæр зонæм.*

*Уыцы кадджын æмæ зæрдæргъæвд хистæртæй иу уыд Цъæйы комы Мидæггаг хъæуы цæрæг Баситы Цæлыччы фырт Барис.*

*Басийы-фырт райгуырд 1935 азы Цъæйы, хуымæтæг зæхкусæг бинонты æхсæн. Йæ сабибонтæй фæстæмæ зæрдиагæй хъуыста аргъæуттæ, кадджытæ, таурæгътæм, цымыдисæй агуырдта хъæуы истори æмæ мыггæгты равзæрды уидæгтæ, æмбырд кодта фольклорон уацмыстæ.*

*Афтæмæй Баситы Барис æмæ иннæ дзырддзæугæ хистæрты фæрцы махмæ æрхæццæ сты Цъæйы комы таурæгътæ.*

## ЕЦЦЕТÆ БИРÆГЪЫ КУЫД БАСТЫГЪТОЙ

Æцæг уыд, мæнг уыд, уымæн йæ бæлвырд нæ зонын, фæлæ æрыхъуыстон афтæ.

Еццетæ цардысты Цъæйы комы Дыджицары. Сæ хæдзаруат ма сын абон дæр хонынц «Еццеты цæрæнтæ». Мыггаг иу афон сыскъуыдысты. Цæмæн, зæгъгæ, куы бафæрсай, уæд уый та афтæ рауад.

Еццетæ уыдысты тыхджын, цалдæр æфсымæры. Ноджы – тынг фыдуаг. Уарзтой цуаны цæуын æмæ сырд цагътой. Уæд дын иу бон куы уыд, уæд æрцахстой бирæгъ æмæ йæ удæгасæй бастыгътой, нæ фос, дам, нын цæгъды. Уый фæстæ йæ ауагътой. Бирæгъ хъæдмæ фæлыгъд, фæлæ ма цас ахастаид… Ныммард.

Уыцы тæригъæд Еццетæн Тутыр нæ ныббарста æмæ сыл æхсæвыгон йæ фыдæх æруагъта. Еццеты хæдзар бакъæй æд бинонтæ, æрмæст ма аирвæзт сæ гæды, æмæ ма сыл уый йæ уасынæй хъарæг кодта, фæлæ уый дæр чысыл фæстæдæр ныммард.

# РЕКОМЫ БÆЛАСЫ ТÆРИГЪÆД

Рекомы кæрты зайы урс фæрв бæлас. Тала ма куы уыд, уæд дзы иу бындурæй ссыд æртæ зæнджы. Адæм сæ банымадтой фæдзæхст зайæгойыл: сыф тонын дæр сæ не ‘мбæлы… Фæлæ нæ хъæуæй иу æнæхуыцау лæг йæхи фæрæвдз кодта, бацыд æмæ сæ фæрæтæй акалдта, фæссисамадмæ сæ баппæрста.

Цасдæр рæстæг рауад, æмæ дын лæг æрбарынчын. Риссын райдыдтой йе уæнгтæ. Иу цыбыр ныхасæй, лæг мæлыны къахыл ныллæууыд. Йæ низæн ын ничи ницы хос ардта. Уæдмæ йæ дыууæ къахы æмæ къухы дæр бахуыскъ сты. Йæ амæлæты размæ йæ тæригъæд схъардта. Басаст, талатæ уый кæй акалдта, ууыл, æмæ амард.

Уый фæстæ зæрæдтæ афтæ дзырдтой, зæгъгæ, дам, æртæ зæнджы куыд хус кодтой æмæ æмбыдысты, афтæ лæг дæр йæ мæлæтмæ хæстæгæй-хæстæгдæр кодта.

# РЕКОМЫ ЗÆД

Уый уыд ссæдзæм æнусы 60-æм азты. Цъæйы турбазæтæ куы арæзтой, уæд æз дæр уым куыстон. Иу бон дын фæсæмбисæхсæв æддæмæ рауадтæн. Бæстæ уыд сабыр æмæ ирд. Арвыл стъалытæ хъазыдысты. Уалынмæ дын кæсын, æмæ Схъасы цъитийы сæрæй цавæрдæр цæргæсы хуызæн стыр сырх зынг стахт. Мæ сæрты Рекомы кувæндонмæ батахт æмæ уым фæцыдæр.

Уыцы ´хсæв никæмæн ницы загътон. Дыккаг бон хъæумæ куы рацыдтæн, уæд хабар нæ зæронд мадæн радзырдтон. Уый уайтагъд æртæ гуыборы ракодта, æнæдзæбæхгонд фыркъа æрцахсын кодта æмæ мæ цалдæр лæгимæ Рекомы бынмæ куывды фервыста. Уым фыркъайы туг суагътам. Хуыцау, Реком æмæ иннæ зæдтæм фæкуывтам æмæ нæ хæдзæрттæм раздæхтыстæм.

Фæстæдæр, хъæуы зæронддæр лæгтæ куыд дзырдтой, афтæмæй уыцы сырх зынг уыд Рекомы зæд. Хуыцаумæ, дам, уазæгуаты сæмбæлд æмæ фæстæмæ йæ бынатмæ æртахт.

## РЕКОМЫ ФЫДÆХ

Уæд дын иу заман Рекомы кувæндонæй фесæфт бæгæныфыцæн æрхуы цуайнаг. Хохæгтæ йæ бирæ фæцагуырдтой. Никуы æмæ ницы... Стæй уæд æнæхъæн комы цæрджыты дæр сæмбырд кодтой æмæ сæм æрсидтысты, цæмæй, кæмæ ис, уый йæ къуырийы æмгъуыдмæ йæ бынаты куыд сæвæра. Кæд нæ, уæд та йæ чи адавта, уымæн йæ хуыздæрты-хуыздæры Рекомы фыдæх æййафæд!

Къуыри – рацыд. Цуайнаг нæ фæзынд. Уымæй ма ноджыдæр къуыри куы аивгъуыдта, уæд хъæуы цæрджытæй иуæн йæ иунæг фырт æнæнхъæлæджы амард. Адæм фæфæдис сты, уæдæ цы. Дыккаг бон хъæу, зиан æфснайынмæ сæхи куыд цæттæ кодтой, афтæ мæрдджын бинонты хистæр сæ царæй Рекомы бынæй давд цуайнаг æриста. Стæй йын хъæуы хистæртæ загътой, йæ фырты мæлæтыл авд къуырийы куы рацæуа, уæд Рекомæн цæмæй снывонд кæна урс гал æмæ йæ кувæндоны аргæвда.

Куыд ын загътой, афтæ бакодта. Урс гал дæр аргæвста, фæлæ йын уæддæр Реком нæ ныххатыр кодта. Æмæ ма йæ байзæддæгтæ абон дæр фидынц сæ фыдæлы тæригъæд. Фиддон та сын уыдзæн авд фæлтæры.

## ТУТЫР ÆМÆ ХУЫЧЪЫЛАЙЫ ТАУРÆГЪ

Тутыр æмæ Хуычъыла раджы кæддæр цардысты Цъæйы комы. Тутыр цард ныры «Дзуары рагъы», Хуычъыла та йæ тæккæ скомкоммæ бæрзонд къæдзæхы сæр мæсыгамады мидæг. (Уыцы мæсыг ма æз дæр æрæййæфтон æрдæгхæлдæй).

Иуафон дын Тутыр йæ кæрты суг сæтты, йе скомкоммæ та Хуычъыла къæйы сæр лæууы æмæ лулæ пъæртт кæны. Æмæ дын уæле бынмæ Тутырмæ хъæр кæны: «Дæ ударммæ* ма кæс, æз дын æй ныртæккæ дыууæ фæкæнон». Бауад, фат æмæ æрдын радавта. Фат æрдыныл аивæзта æмæ фехста. Фат суад ударммы тæккæ астæу æмæ йæ фæдыууæ ласта.

Уæд дын æм Тутыр дзуры, уæдæ, дам, ма ды та дæ лулæмæ кæс. Фат аивæзта, фехста, æмæ лулæ Хуычъылайы дзыхæй фæтахт. Гъе, уæдæй фæстæмæ сæ къухтæ кæрæдзимæ радтой, æмæ уыдонæй хуыздæр æрдхæрдтæ нæ уыд.

---

**Ударм – сугсæттæн къодах – (ред.)*

# УАНЕХБАЙЫ ХОХ

Ацы хабар раджы ӕрцыд. Цардысты ӕмӕ уыдысты Хуры комы иу лӕг ӕмӕ ус. Хуыцауы цӕст сын бауарзта фырыхъулы хуызӕн дыууӕ лӕппуйы. Сӕ бон куыд уыд, афтӕ фыдӕбон кодтой. Уалдзӕг-иу сӕ хуымы гӕппӕл бӕстон бакуыстой ӕмӕ-иу дзы фӕззӕг Хуыцауы фӕрцы систой хорз тыллӕг. Иу ныхасӕй, разы уыдысты сӕ исбон, сӕ цардӕй. Фӕлӕ сын уӕддӕр разынд иу зындзӕрин уавӕр: нӕ сын уыд бирӕ фос дарӕн, хъӕуы дыууӕсӕдӕ хӕдзарӕй фылдӕр кӕй психолог, уый тыххӕй. Зӕхх сын нӕ фаг кодта. Ӕрмӕстдӕр сӕм уыд дыууӕ хъуджы, цалдӕр фысы ӕмӕ бӕх.

Лӕг – тынг хорз цуанон, ӕмӕ-иу цуаны куы ацыд, уӕд-иу фӕстӕмӕ ӕнӕ дзӕбидыры, йе та ӕнӕ саджы мардӕй не здӕхт. Афтӕмӕй йӕ цуаны руаджы бинонтӕ дзидзахъуаг не ‘ййӕфтой.

Лӕгӕн йӕ ном хуынд Уанехба. Уанехба, цуаны цӕугӕйӕ, бӕрц кӕй зыдта, уый тыххӕй йӕм хъӕддаг фосы бардуаг Ӕфсати никуы смӕсты ӕмӕ-иу ын йӕ дзугтӕ йӕ размӕ раскъӕрдта. Йемӕ-иу хаста ӕртӕ гыццыл гуылы. Ӕфсатийы кувӕндонмӕ-иу куы схӕццӕ, уӕд-иу уым скуывта. Дыууӕ гуылы-иу дзы – йӕхи, иу та-иу дзы раппӕрста къӕмбыры сӕрӕй. Уый та уымӕн, ӕмӕ йӕ уырныдта, Ӕфсатийӕн кӕй ис гыццыл фырт, ӕмӕ уый у уымӕн йӕ гуылы хай.

Цы саг, йе та-иу цы дзӕбидыр амардта Уанехба, уыдоны сыкъатӕ та-иу ӕнӕмӕнг хаста ирон адӕмы рагон кувӕндон – Карз Рекомы бынмӕ. Ӕмӕ йын Реком дӕр йӕхи ӕххуысы хай кодта.

Уӕд цас рӕстӕг рацыд, чи зоны, фӕлӕ Хуры комы айхъуыст, зӕгъгӕ, дам, Рекомы фӕзы фӕзындис ӕвзистсыкъа саг, ӕмӕ йӕ никӕй бон у амарын. Цуанон ӕм фатӕй куыддӕр фӕхъавы, афтӕ, зӕгъы, бакуырм вӕййы...

Ацы ныхӕстӕ ӕрцыдысты Уанехбайы хъустыл дӕр. Ӕмӕ сфӕнд кодта ӕвзистсыкъайы амарын. Йӕхи барӕвдз кодта. Йӕ ус сфыхта хуры цӕсты хуызӕн ӕртӕ гуыборы, ӕмӕ, ӕхсӕв бонимӕ куы хицӕн кодтой, уӕд фӕраст цуаны.

Фыццаг фӕцыд Ӕфсатийы уӕлхох кувӕндонмӕ, уым скуывта, цӕмӕй йын уый саг йӕ размӕ раскъӕра. Уырдыгӕй ӕрцыд Карз Рекомы бынмӕ. Ам Урс суадонӕй йӕхи ӕрӕхсадта ӕмӕ бахызт Карз Рекомы кӕртмӕ. Уым Рекомӕн балӕгъстӕ кодта:

– О, Хуыцауы сконд карз ӕмӕ ӕргом Реком. Табу дӕ кадӕн! Курын дӕ, ӕмӕ мын ӕвзистсыкъа саджы амарын бауадз. Дӕ быны лӕугӕйӕ, карз ард хӕрын, куы йӕ амарон, уӕд ын йӕ сыкъатӕ

ардæм æрбахæсдзынæн æмæ сæ тæрхæгыл сæвæрдзынæн. Кæд мæ ардбахæрд фæсайон, уæд та-иу мæ айнæг хох фестын кæн.

Ардбахæрды фæстæ Уанехба араст фæзты æмæ тулдз хъæдты æвзистсыкъа саг агурæг. Æртæ æхсæвы куы фæхатт, уæд цыппæрæймаг æхсæв саг йæ размæ фæци. Уанехба йæ куы бауыдта, уæд æрдынбос айвæзта æмæ фат сагыл суагъта. Æвзистсыкъа саг йæ галиу фарсыл æрфæлдæхт. Уанехба йæ бакой кодта æмæ æнхъæлмæ каст, цалынмæ æрбабон уа, уæдмæ. Сыкъатæ йæ хъуыд Рекомы бынмæ фæхæссын.

Сыкъатæ та уыдысты ахæм, æмæ сæ боны рухсы чи федтаид, уый-иу кæнæ куырм баци, кæнæ та-иу бирæгъау фырзыд рауад. Фæлæ уыдæттæн Уанехба ницы зыдта. Куы æрбабон, уæд хуры фыццаг тынтимæ ныккаст æвзист сыкъатæм æмæ уайтагъд æххормаг бирæгъау фæфырзыд. Нал æй бафæндыд уыцы сыкъатæ æгъатыр Рекомы бынмæ хæссын. Æмæ тулдз хъæды кæронмæ куы рахæццæ, уæд æй Карз Реком айнæг сау къæдзæх фестын кодта. Уæдæй фæстæмæ уыцы фæзмæ цуанон нал цыд. Уæдæй фæстæмæ ничиуал федта Хуры комы хъæдты саг дæр. Æцæг Уанехбайы Сау хох дардæй комы цъасмæ фæлгæсы.

Абоны Хуры ком адæм хонынц Цъæйы ком. Уанехбайы хох та уырыссаг туристтæ схуыдтой Монах. Иронау та хæссы ахæм ном – Уæныгæппарæн.

*Радзырдта сæ Баситы Цæлыччы фырт Барис,*
*Цъæйыхъæуы цæрæг, 70-аздзыд.*

*Ныффыста сæ Касаты Аслæнбег,*
*2005 аз.*

# ÆЛБОРТЫ ХАДЗЫ-УМАР: 80 АЗЫ



*(1939 – 2011)*

*Поэт, критик æмæ публицист Æлборты Несторы фырт Хадзы-Умар райгуырд Хуссар Ирыстоны Сарабучъы хъæуы. Райдайæн скъола каст фæци йæ райгуырæн хъæуы, астазон скъола та – Уанаты хъæуы. Фæстæдæр ахуыр кодта Цхинвалы педагогон училищейы, 1963 азы та – Хуссар Ирыстоны паддзахадон университеты филологон факультеты. Уый фæстæ, аспирантурæйы ахуыр кæнгæйæ, ныффыста диссертаци «Ирон литературон критикæ 30-æм азты».*

*Æлборты Хадзы-Умар куыста газет «Советон Ирыстон»-ы редакцийы, Фысджыты цæдисы литературон консультантæй, уыд журнал «Фидиуæг»-ы сæйраг редактор. Уымæй уæлдай куыста ахуыргæнæгæй Хуссар æмæ Цæгат Ирыстоны университетты, Хуссар Ирыстоны наукон-иртасæн институты литературæйы хайады сæргълæууæгæй.*

*Ирон поэзимæ Æлборты Хадзы-Умар æрбацыд 50-æм азты, педучилищейы студент ма куы уыд, уæд. Йе ʹмдзæвгæты фыццаг æмбырдгонд «Фæдисон» рацыд 1964 азы. Хадзы-Умары поэзийы сæйраг бынат ахсынц царды алы фæзилæнтæ, йæ арæзт фæлгонцтæ сты лирикон æмæ арф хъуыдыджын. Рацыдис ын цалдæр поэтикон æмбырдгонды: «Мæ зæрдæйы хуызтæ» (Цхинвал, 1968), «Хуры хъæбултæ» (Цхинвал, 1971), «Уидæгты зарæг» (Цхинвал, 1975), «Бæрзонд къæвда» (Цхинвал, 1981), «Ныфсы уидæгтæ» (Дзæуджыхъæу, 1999)...*

*Зындгонд сты Æлборты Хадзы-Умары литературон-критикон куыстытæ дæр: «Уидæгтæ æмæ къабæзтау» (Цхинвал, 1984), «Ирон литературон критикæ 30-æм азты» (Дзæуджыхъæу, 1987), «Рухсытæ судзынц» (Цхинвал, 1987).*

# ÆХСÆЛЫ

Нары дзыхъхъы,
Нары къултыл
æнхъæлмæ кæсынæй
батад, баруад æхсæлы.

Атан æмæ Аманы афонтæй
йæ чысыл базыртæ арвыцъæхмæ ивазы,
фæлæ йын бæлас кæнын не 'нтысы.
Цы кæна, кæд æй бæласы амонд нæ фæци?

Дæу фæнды базонын –
æнцон у æви зын хъæцын?
Бафæрс йæ фынты
нæзы бæласæй цæрæг æхсæлыйы.

Айнæджы хъæбул
кæмæн-иу ракæны йæ мæстыйы сагъæс?
Кæд æгайнæг къулæн æрмæст...
Æмæ æдзух
хуылыдзæй лæууы йæ дурын баз.

Иу хуссайраг загъта,
æхсæлыйæ, дам, ницы згъæлы.
Уæд цæгатаг араст и
цæгатбæстæм балцы
æмæ дзы æрхаста æхсæлыйы мыггæгтæ:
мæнæ, дам, мæнæ!

Уый фехъуыста æхсæлы,
æмæ йæ сусæг кæуын фергом:
ау, куыннæ, зæгъы, уынынц,
æхсæлыйæ цы згъæлы,
цæмæй тайы æмæ 'руайы, уый?..

*24.11.94*

* * *

Хур ацыд, йе ‘хсæв хуыссæнмæ фæхæссы,
фæстаг хатт ма бæрзонд цъуппыл ыссыгъд.
У быдыр цыма урс гæххæтты сыф, –
йæ рухс мæ уатмæ фæрсагæй лæдæрсы...

Ныр къудзиты зæйц хъæццулы бын сиутæ,
уæрагмæ митæн зæхх фæци æмлæгъз.
Кæд дæ фæнды, рæнхъæй рæнхъмæ сæ кæс
сæ къухфыстытæ миты уæлæ цъиутæн.

Нæ хъысмæтæн кæд бауарза йæ цæст,
кæд уазал сыфы бауадзон æхсар уд,
уæд цъиутæ хъуамæ иугуырæй ысзарой, -
æмæ мæ зарæг аивыл фæхæст.

Фæлæ кæм ысты сусæджы дæгъæлтæ! –
кæй уарзын, уый хуыз нæу æнцон фысгæ,
æмæ, æнæфыст гæххæтмæ кæсгæ,
мæ уд кæны фырадæргæй дзæгъæлтæ.

## ÆГЪУЫССÆГ

Дысон-бонмæ ‘хсæвидары
уарыд къæвда æмæ уарыд,
цыма зæххыл ивылд хъарæг, –
зæрдæ сау зынджытыл арыд.

Уарыд, уарыд тары къæвда,
кодта ‘рмыдул кæрты хостæ.
Куы йæ катай тыргъмæ скъæфта,
дуар æргъæвст æнгуылдзтæй хоста,

Куы-иу рудзынгыл ныддæлгом
æмæ тарæй уат æмбæрзта.
Хъуыст йæ утæхсæн, фыдæбон,
мæстæй стъæлфæнтæ æппæрста.

Арфдæр хъæццулы нымбæхстæн,
зæрдæ рох сагъæстæн радтон,
фæлæ знæт бæлæсты къæс-къæс
мæн уырыдвæндæгтыл тардта.

Арвыл дзир-дзуртæ куыд фæзынд,
афтæ фестадтæн мæ уатæй.
Сæр æдзæм рыстæй ысхъæрзыд,
знæт, æгъуыссæджы фæлладæй.

Къæвда, къæвда, цæй, дæ фынæй
сыст, ыссудзæд та дæ цæхæр!
Дуар бакодтон, цы уынын –
миты хъæпæны – мæ къæсæр.

Бандзыг дæн, ныббаст дæн:
къæвда тъизынæй ныхъхъус и,
сихсыд, бафæллади, бастад,
маст, æрхæндæгæй ысурс и.

*1966*

## СЕКЪАЙЫ ФÆСТАГ БАЛЦ

Цæуон фæстæмæ, –
кæцæй æрцыдтæн...
мæ мад, мæ фыды уæзæгмæ,
мæ зынтæ, мæ ристы авдæнмæ...
Ганис!.. Ганис!..
Дæ айнæджы цыргъытæ – мæ ныфс, ме 'хсар.
Дæ суадæтты мæцъæл
ысдзæбæх кæндзæн
мæ хъæдгæмтты æрхæм...

Уайгæ, мæ бæхтæ!
Кæд нал уынин ацы сау лæгты,
кæд нал сæин ацы сау тары
хæрам зæрдæты уазалмæ.

***(Кæрон 81 фарсыл)***

# «МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ




## АЛЛОНЫСТОН:
## ИВГЪУЫДЫ СУРÆТТÆ

*РЦИ-Аланийы Нывгæнджыты цæдисы фæстаг рæстæг цы равдыстытæ уыд, уыдоны ‘хсæн аккаг бынат бацахста, Дзæуджыхъæуккаг æмæ Алайнаг Епархи Нывгæнджыты цæдисимæ Аланийы истори бахъахъхъæныны тыххæй цы конкурс расидтысты «Аллонystон: ивгъуыды сурæттæ», зæгъгæ, уый. Мыхуыр кæнæм, конкурсы уæлахиздзауты æмæ, къамис аргъ кæмæн скодта, уыцы авторты куыстытæ. Конкурс арæзт уыд Аланийыл саргъуыды 1100 азы юбилейы бонмæ. Ныридæгæн нывгæнджытæ цæттæ кæнынц ног куыстытæ ацы темæмæ гæсгæ. Æвдисæн сын уыдзыстут «Мах дуг»-ы фæрстыл.*



**Джыккайты Мурат.** *Сыгъдæг Гоар*



**Плиты Георги.** *Вола Тлиаг*



**Гасынты Жорж.** *Задæлесчы Нана*



**Гасынты Жорж.** *Анахарсис*



**Харебаты Давид.** *Сангибаны бæхæфсады ныббырст*



**Кокайты Валери.** *«Хонгæ кафт» Болгарийы*



**Хаситы Павел**. *Ромы бынсæфт*



**Хаситы Павел.** *Скифтæ персайнаг æфсадимæ тохы размæ*



**Кокайты Валери**. *Цыллæйы фæндагыл*



**Кокайты Валери.** *Зылын дуарыл хизгæйæ*



**Николай Василенко.**
*Бæхты хæрзæбон*



**Николай Василенко.**
*Цуаны*



**Бигъаты Юри.** *Граждайнаг хæст. Бæтæхъойыхъæу. 1918*



**Бигъаты Юри.** *Хæстон лæджы зиан*



**Кучиты Батрадз.** *Анахарсис*




**Харебаты Валан.** *Скилур*



**Къуыллæты Зинаидæ.** *Сылгоймаджы намысы сæрвæлтау*



**Харебаты Валан.** *Къоста*



**Кучиты Батрадз.** *Дины сæраппонд*

Уым, цъититы хъарммæ батавдзынæн
мæ дæрзæг æрмттæ,
мæ уæзæг зæрдæ,
мæ æрнæг уд...
Ганис! Ганис!..

Згъоргæ, лæппу, разæй!
Хæрзæггурæггаг мæм здæх
Бæрзæфцæджы цъупмæ –
Ганис не сивта йæ зæрдæ мæныл!..

Ганис –
ме 'нусон маст, мæ рис,
Ганис –
мæ фæсмон...

Цы хорздзинад мæ скъæфы, цымæ, размæ?..
Кæд байгом ме 'цæг фæндагæн йæ райдайæн ам…
Æви... мæ хъаймæт?..

Цæмæн мыл рацыдыстут сайдæй, мæ бæхтæ?
Ныр ацы сау лакъон
кæйонг хæсдзынæн мемæ?!
Уым ныссыгъдæг уыдаин, уым...

Ганис!.. Ганис!..
Цæмæн мыл рацыдыстут сайдæй,
мæ кусæг, мæ дарæг бæхтæ?!.

*1979*

## УИДÆГТÆ

Æрластой сугтæ
æмæ сæ машинæйы гуыффæйæ
уынджы хъæбæрмæ
æнæвгъау æркалдтой, –
ставд бындзæфхæдтæ
æмæ рæхснæг къабæзтæ...

Уидæгтæ баззадысты хъæды.
Уидæгтæ
фæрæты тæссаг хъæлæба фехъуыстой
æмæ удаистæй
афардæг ысты зæххы...

Æвдудонтæ...
Бонасадæн кæнынц мæйдары, –
кæд фæуыдзысты фæрæттæ сæ куыст,
кæд æрæнцайдзæн уæлалфамблай дуне...

Æмæ та ног дæлзæххæй
сæ цагъд бæсты уæзгуытыл
хъуызгæ ысдардзысты сæ сæртæ
уæлæмæ – рухсмæ.

*1970*

# ЦАРДЫ ÆЦÆГДЗИНАД ÆМÆ НЫВГÆНÆДЖЫ КОНЦЕПЦИ 30-ÆМ АЗТЫ ИРОН ЛИТЕРАТУРОН КРИТИКÆЙЫ

*(Скъуыддзаг)*

30-æм азты ирон литературон критикæ уæлдай карздæр разынд ирон советон поэзийы историйы тæккæ курдиатджындæр поэт, ирон литературæйы Хетæгкаты Къостайы традицитыл хæст æмæ сæ дарддæр хæццæгæнæг Нигеры сфæлдыстадыл. Вульгарон-социологон критикæ йæ дæрзæг, хъæбæр аргументтимæ æппæты æдзæттæдæр æмæ æдыхдæр уыд Нигеры сфæлдыстад бамбарынмæ, рафæлгъауынмæ. Фæливгæ змæст чи хаста, уыцы стыр историон гуылфæны бацæуæг адæмы хъысмæтыл арф сагъæстæ æмæ судзгæ зонды хъуыдытæй æндыгъд поэзи зынтæй бадти æнарæхст, æнæпоэтты къухæй конд развæлгъау цæттæ барæнтыл. Нигеры поэзи уыдон къухы зынди, архайын кæмæй нæ фæзонынц, афтæмæй раздух-баздух кæй кæнынц, ахæм тæлусон дзаумайы хуызæн. Алчи йæ йæхирдыгонау, йæхи зонд æмæ æмбарынадмæ гæсгæ фæлгъуыдта, алчи дзы йæхирдыгонау цыдæртæ агуырдта æмæ ардта, фæлæ уыдонæн сæ фылдæр уыдысты, æцæгæй дзы цы уыд, цæмæй

цард, цæуыл сыгъд æмæ рыст, уый нæ – сæ бон нæ уыд, раст аргъ ын скодтаиккой, бамбæрстаиккой йæ. Литературæйы рохтыл чи ныххæцыд, уыцы пролетарон фысджытæ сæхи хуыдтой фидæны фæдисонтæ, Нигер та сын, афтæ чи фыста:

*Æрцу, о нæуæг Ир!*
*Уæрæх – мæнæн мæ риу, парахат риуы зæрдæ.*
*Æрцу æмæ йæ цъир !*
*Æрцу æмæ йæ цъир –*
*Æз байтыгъон мæ тæрттæ! –*

уыд, революцийы хъæрмæ чи нæ райхъал, цавæрдæр мæгуырдзинадыл чи зарыд, ахæм. Йæ алыварс чи уыд, уыцы хъæрахстгæнæг поэттæ-фысджыты ´хсæн Нигеры хъысмæтмæ абоны бонæй куы акæсæм, уæд дзы æнкъардæуы цахæмдæр иунæгдзинад, хицæндзинад. Уыцы уавæр æй хатт æхгæдта йæхимидæг, йæ сагъæстæ, йе ´нкъарæнтæ-иу тынгдæр аздæхтысты мидæгырдæм, уæлдайдæр та – æртынæм азты кæронмæ æввахс, кæд-иу хатт хъандзалтау ныллæууыдысты æддæмæ рæмудзыныл, уæддæр. Уыцы химид æхгæддзинадæн ницы уыд иумæйагæй нæдæр æгъатыр аскетизмимæ, нæдæр уазал эгоцентризмимæ, уый уыд йæ адæм æмæ йæ рæстæджы хъысмæтыл арф сагъæсгæнæг намысджын адæймаджы зæрдæйы катæйттæй æвзæргæ ахаст.

Ирон критиктæн сæрысуангæй фæфæтк ис – æмæ ма йæ ныр дæр кæнынц, – Нигеры сфæлдыстад хицæн периодтыл цæхгæр дих кæныны практикæ. Иу кæнæ иннæ фыссæджы сфæлдыстадон куыст периодтæм гæсгæ æвзарын, ахуыр кæныны хъуыддаг æмбæрстгонд у, фæлæ уый механикон æгъдауæй æмæ æнæнхъæлæджы ма цæуа хъуамæ арæзт. Поэт абон, кæнæ та абон дæр æмæ знон дæр, цалдæр сæрмагонд æмдзæвгæйы ныффыста, уæд уымæй период нæма рæзы. Нигеры сфæлдыстадон периодтæ та фылдæр ахæм принципмæ гæсгæ арæзт цыдысты: иу кæцыдæр бæрæг-бæлвырд æмдзæвгæйæ-иу райдыдтой æмæ-иу фесты æндæр бæрæг-бæлвырд æмдзæвгæйæ. Арæхдæр уыцы периодтæ бастой æхсæнадон царды алыхуызон ивындзинæдтимæ. Чысыл исты ивд æрцыд царды, уæд та уымæ гæсгæ йæ хæд уæлвæд æнæмæнг хъуамæ ссардтаиккой поэты сфæлдыстады дæр ивындзинад, периоды райдиан кæнæ кæрон. Афтæмæй Нигеры уынæм, иу бæлвырд идейон-эстетикон фæд-фæдыл рæзæг цæстæнгасыл хæст поэтæй нæ, фæлæ арæх раив-баив чи кодта, ахæм поэтæй.

Дзырд дæр ыл нæй, уыцы периодтыл дих кæнынæн æцæгдзинадимæ иумæйагæй ницы уыд, уый хæлдта, мидхъуырдухæнтæ æмæ

знæт сагъæстæй æмæндыгъд чи уыд, уыцы поэты сфæлдыстады диалектикон иудзинад æмæ иууондзинад дæр. Критиктæ йын йæ цæстмæ дардтой, зæгъгæ, Нигер цы адæмы мæгуырдзинад æвдисы, цы мæгуыр цард æмæ æфхæрд, ссæст адæймæгты кой кæны, уыдон уыдысты æнæконкретон, царды сыл æцæгæй нæ уыд фембæлæн.

Фæрнион Къоста журнал «Фидиуæг»-ы фыста: «Нигерæн йæ фысты ис иу сахъатдзинад: æвдисы абстрактон мæгуыр лæджы. Нигеры мæгуыр лæг нæ зыны комкоммæ йæ фысты, фæлæ цæуы йæ кой æмткæй». Æмæ дарддæр: «Нигерæн уыцы «низ» баззад йæ революцийы агъоммæйы фыстытæй».

Ам махæн хъуамæ æмбæрстгонд уа, номхуындæй, «революцийы агъоммæ фыстыты» кой цæй тыххæй ракодта, уый: ИПФА-йы уæнгтæн Октябры революцийæ фалæмæ рæстæджы цы уыд, зæронд заманы арæзт цы ′рцыд, уый иууылдæр уыди æвзæр, «лыстæгбуржуазон идеологийæ хъацæнджын». Æмæ кæд Нигер Фæрнионæн царды æнад адæймаг нæ уыд, сæ уацмыстæ дæр хицæнæй, Хъамбердиаты Мысост дæр семæ, афтæмæй иу чиныджы æмуд, хæлары нысанæн рауагътой, уæддæр ын йæ иу æмбис, революцийæн фалæрдыгæй фарс чи уыд, уый нæ иста. Уый фæстæ ма нæм йе сфæлдыстад алыхуызон периодтыл дих кæныны хъуыддаг диссаг дæр куыд фæкæса!

*«Фæлæ, – фыста дарддæр Фæрнион, – æмбæлццон фыссæг Нигер ныфс æвæры, йæ аив фысты тых æмæ йæ фæлгонцты ахастæй рæхджы кæй суыдзæн æмдзæдисон».* («Фидиуæг», 1931, №№ 10-11).

Вульгарон-социологон позицитæ ноджы бæгъæгдæр хуызы загъд æрцыдысты фæстæдæр Дзанайты Сергейы уацы журнал «Мах дуг»-ы: *«Нигер йæ лирикæйы тематикæмæ гæсгæ дард лæууыд революцимæ, социалистон цардмæ. Уый уымæн, æмæ Нигер йæ мæгуыр адæмы куынæг царды фæндæгтæ раст нæ бамбæрста».* Йæ курдиат, йæ зарджытæ, дам, *«не ′вдисынц нæ социалистон дуджы раззаг поэты цæсгом!»* («Мах дуг», 1934, № 1).

Цымыдисаг у уыцы хъуыдыты контексты Гæдиаты Цомахъы ахаст Нигеры поэзимæ. Уый та цы цæстæй каст «мæгуырдзинад» æвдисыны проблемæмæ поэты сфæлдыстады? Мæгуырдзинадæн Советон хицаудзинады æрлæудæй уайтагъд æнæ фесæфгæ нæ уыд, æви вазыгджындæр уыд хъуыддаг?

Цомахъ фыста: *«Нигер рæсугъд зарæгæмхæст æмдзæвгæты нæуæгæй æмæ та нæуæгæй радзырдта нæ хæххон мæгуырты тыххæй, нæ сидзæрты тыххæй, нæ мæгуыр фыййæутты тыххæй. Æхсæв зымæг дæр, фæззæг дæр цынæ тухи бавзары ирон мæгуыр кусæг*

*лæг! Кæй домы, кæмæ бахъары уæд мæгуыры сагъæс? Агуры ахæм удгоймаг Нигер. Ис, æвæццæгæн, ахæмтæ. Нигер, фыццаджыдæр, зæгъы йæхицæй, йæхи нывондæн чи хæссы мæгуыр Ирыстонæн»* (Газет «Хурзæрин», 1927, № 22).

Ам бæлвырдæй зыны, Цомахъ куыд аргъ кодта Нигерæн, цы цæстæй каст йæ поэтикон сфæлдыстадмæ, уый. Нигеры хуызы уый уыдта, нæ нæуæг фæсивæдæй ирон поэзийы сæйраг нуарыл йæ рæз кæй хæссы курдиатджын поэт, уыцы нуаримæ баст кæй у туг æмæ стæгæй. Цомахъ куыд зæгъы, афтæмæй Нигер æвдыста йæ заманы хæхбæсты царды реалон нывтæ, нæдæр сæ фыддæр кодта, нæдæр сæ уæлдай рæсугъд ахорæнтæй ахуырста…

Нигеры сфæлдыстадон хъысмæт бæлвырд хъуыддæгтæй хицæн кодта, йæ алыварс чи уыд, уыцы фысджытæй. Пролетарон поэтты хъауджы Нигер куыста уæхскуæзæй, фæлæ-иу йæ уацмыстæ тæвдæй никуы скъæфта мыхуырмæ. Йæ фыццаг чиныг «Æмдзæвгæтæ», зæгъгæ, мыхуыры куы рацыд, уый уыд 1936 азы, уæд йе сфæлдыстадон куысты рæстæгыл цыд æнусы цыппæрæм хайы бæрц. Гуырцæй йе ´мдзæвгæты цахъхъæн чи уыд, уыцы пролетарон поэттæ уæдмæ баисты цалдæргай чингуыты авторта.

Фæлæ йын йæ фыццаг чиныг, тагъд кæуыл нæ кодта, уый дæр стыр циндзинад бавзарын кодтаид, уый зын зæгъæн у. Уый нæ, фæлæ йæ зæрдæйы хъыгтæ хъуамæ райдыдтаиккой уымæй, номхуындæй та – чиныджы разныхасæй. Уыцы цыбыр разныхасы бын нæй авторы къухæвæрд, фæлæ йæ редактор уыд Бæдоаты Хъазыбег, æмæ афтæ зæгъæн ис, зæгъгæ йæ уый ныффыста. Æнæуый дæр ыл бæрæгæй зыны, уæд Хъазыбегæн характерон чи уыд, уыцы дæрзæг ныхасыхъæд.

Раздзырды æппæты разæй нысангонд æрцыд, зæгъгæ, поэт цы рæстæджы дæргъы фыста, *«уыцы рæстæг цы бирæ ивдтытæ æрцыд нæ бæстæйы политикон æмæ экономикон æгъдауæй, афтæ алыхуызæттæ у Нигеры æмдзæвгæты апп дæр».* Йæ фæдыл загъдæуы революцийы агъоммæйы фыстыты тыххæй. Уыдонæн, зæгъы, иумæйагæй ницы у, ницы политикон инциденттæ сæ æрцыд, *«фæлæ дарддæр*, – фыста раздзырды автор, – *Октябры революцийы фæстæ фыссæг ницыуал бамбæрста дуджы хъуыддæгтæн. Уымæ гæсгæ Нигер сагъæстыл фæци, цардмæ æмæ, дуджы цы хъуыддæгтæ цыди, уыдонмæ каст лыстæгбуржазон интеллигенты цæстæнгасæй, националистон хъуыдытæ дæр æм арæх уыди. Афтæ уыди суанг 1927 азмæ».* Æмæ дарддæр: *«1927 азы, «Цæстытыл хуыссæг нал хæцы», зæгъгæ, куы ныффыста, уæдæй фæстæмæ царды фæндаг раиртæста, зæгъгæ,*

*афтæ зæгъæн ис».* (Нигер. Æмдзæвгæтæ. Ордж. 1936). Ома, уыцы æмдзæвгæйæ Нигер къæссавæлдæхт фæци. Уæлдай хорз фыстыл та йын банымадта æмдзæвгæ «Хидыл». Фæлæ, дам, *«уæддæр уый зæгъын хъæуы, æмæ ирон кусæг, колхозон æмæ фæллойгæнæг чиныгкæсæг цы домы, ахæм арф æмдзæвгæтæ нæма ныффыста Нигер социалистон арæзтадыл».* (Уый дæр уым).

Зындгонд сты, ноджы ма йын цы æндæр мæстытæ кодтой, уыдон дæр. Комкоммæ дзырдхæссыны æууæл кæмæн уыд æмæ литературон-критикон анализмæ чи ницы бар дардта, ахæм уацтæ бакæсæн ис поэты тыххæй уыцы азты газетты. Мамиты Гр. газет «Пролетарий Осетии»-йы фыста: *«Ахæм фысджытæ, куыд Коцойты Арсен, Къубалты Алыксандр, Нигер, ницы аразынц, нырма уадиссагæй ницы радтой советон чиныгкæсæгæн, нæ нын æвдисынц нæ амондджын цард. Цымæ сæ цы хъыгдары, цæуылнæ сæ фæнды нæ рæсугъд райгуырæн бæстæйы амондджын цард равдисын?»* Автор фарст цы хуызы æвæрдта, уымæй бæрæг уыд йæ дзуапп дæр, ома, кæй нæмттæ ранымадта, уыцы фысджытæ барæй не ´вдисынц нæ амондджын цард, нæ сæ фæнды йæ равдисын. Ахæм æнæбындур азымтæ цы стыр зиан æрхастой нæ литературæйæн, уый абон зындгонд у, – уыцы хахуырты амæттаг фесты æнæазым фысджытæ. Нигеры бахъуыд рæстдзинады охыл сæрмагонд фыстæг ныффыссын оргæнтæм, æнæазым кæй уыд, уый сбæлвырд кæнын, уыимæ йын йемæ иумæ кæй ранымадтой, уыдон дæр æнæзæрдæхудт кæй сты, хахуыр сыл кæй кæнынц, уый дæр равдисын: *«Думаю, что принципы советской демократии воспринимаются неправильно, когда некоторые подхалимы оплевывают честных работников, выдвигая против них обвинения, которые высасываются из пальцев. Такие «ультрабдительные» люди, по-моему, в некотором отношении уподобляются таким существам, о которых Крылов писал: «Услужливый дурак опаснее врага»* (Газ. «Пролетарий Осетии», 1937, 18 апрель)…

Хиуылхæцгæдæр уыд йæ уац Мамсыраты Дæбейæн, «Нигеры сфæлдыстад», зæгъгæ. Мыхуыр уыд «Мах дуг» -ы 1938 азы, № 3. Дæбе дæр фидарæй хæцыд, йæ размæйы критиктæ Нигеры сфæлдыстад цы цæхгæр периодтыл дих кодтой, уыдоныл. Райста, уыцы периодтæй алкæй дæр цы миниуджытæм гæсгæ хицæн кодтой, уыдон дæр. Æрмæст Дæбе йæ ныхас снывæста уæрæх æмæ бæстондæр.

Уыцы хуызы поэты сфæлдыстадон куысты фыццаг период (1913 – 1920) нымад æрцыд поэтикон фæлварæнтæ кæнын, хи ахуыр кæныны рæстæгыл. Уыимæ иумæ империалистон æмæ мидхæсты заман поэты

сфæлдыстады фиппайы фæливæнтæгæнæг æууæл. Поэт, зæгъгæ, *«раив-баив кæны йæ хъæлæсы уаг...канд даргъ рæстæджы нæ, фæлæ бонæй-бонмæ, сахатæй-сахатмæ, иу æмдзæвгæ ныффыссынæй иннæ æмдзæвгæ ныффыссынмæ».* Уыцы раив-баив кæныны хуызы критик Нигеры характеры уыдта, *«дызæрдыггæнæг, дзедзыройгæнæг хъæууон рæстæмбис цæрæг Октябры революцийы рæстæджы цы комеди хъазыд, уый»* («Мах дуг», 1938, № 3). Йæ иууыл хуыздæр, райдзастдæр рæстæгыл ын нымадта 1920 – 1922 азтæ. Уæд, дам, *«Нигерæн ахаста ныфсджын зарджыты рæстæг».* Фæлæ уымæй фæстæмæ æппæт дæр схæццæ, раив-баив кодта поэты зæрдæйы уаг, куы-иу æррæсуг, куы та-иу ногæй сызмæст. Уæлдай тыхст æмæ йыл уырыдæй ацыд, зæгъы критик, йæ æртыккаг период – 1922 – 1927 азтæ. Уым *«хурджын рæстæджы бæсты бадынц æнгомдæр сау мигътæ, зæйтæ цæуынц тыхджындæрæй, дымгæ ниуы уынгæгдæр, зымæджы хъызт у карздæр, цæссыг дзы кæлы арæхдæр. Поэтæн асæтты йæ ныхас, фенкъарддæр йæ зарæг æмæ бирæ хæттыты здæхы пессимизммæ».* (Уый дæр уым).

Уыцы зæрдæйыуаг, зæрдæйы æнкъарæнтæ уацы автор нæ нымайы йæ рæстæгæн характероныл, ома, фылдæр гуырдысты авторæн йæхи хъуыддæгтæй, уыдысты рефлекстæ. Æмдзæвгæ «Дæу цы домы»-йыл дзургæйæ, бафиппайдта, зæгъгæ, уыдаид, чи зоны, ахæм хабæрттæ, фæлæ хъуамæ *«фыссæг æвдиса царды типикон фæзындтæ типикон уавæрты».* Дæбе, реализмы тыххæй Энгельсы ныхæстæ сфæлхат кæнгæйæ, лæмбынæг нæ ныккаст æмдзæвгæйы мидисмæ, нæ бахынцта уацмысы сатирикон стилыздæхт: НЭП-ы рæстæджы фæрæзджынтæ сæхицæн хъарм церд кæй кодтой, хохы цъассы та ма адæм гæвзыкк кæй уыдысты, Нигер йæ рæстæджы царды уыцы контраст йæ цыргъ сисы бырынкъæй хурмæ кæй хаста, уый. Лирикон хъайтары ныхас арæзт у чиныгкæсæджы лæгуарзон зæрдæмæ, уым гуманистон æнкъарæнтæ æвзæрын кæнынмæ, тызмæг заман цæмæй ма сфæлахс уа, ма схицæн уа хорз ракæнынмæ тырнынæй. Мæ хъуыдымæ гæсгæ, ацы æмдзæвгæйы Нигер равдыста номхуындæй цардæн йе ´цæг типикон миниуæг.

Æмдзæвгæйæн йæ ныффыссыны рæстæг йæ зæрдыл хорз дардта Дзесты Куыдзæг. Уый бирæ азты фæстæ газет «Рæстдзинад»-ы йæ мысинæгты уый тыххæй фыста: *«Цин кодта Иван, хохæгтæ быдыры хуымзæхх æмæ цæрæнуат кæй райстой, ууыл, фæлæ уыдонæн сæ фылдæр ныргма хæхты цардысты, æмæ уым та, раджыйау, æвадат æмæ кадавар уыд цард. Горæтты та фæзындысты (НЭП-ы рæстæджы),*

*Иван «тæнджынтæ» кæй хуыдта, сæудæджергæнджытæ æмæ æндæр ахæмтæ, æмæ сыл дзы бакалдта:*

*Ды цы уыныс, дæу цы домы:*
*галуан – райдзаст, хъарм, сыгъдæг,*
*къух нæ атулдзынæ доны...*
*Суг дын – ласт, хæринаг – афтæ.*
*Гауызтæ... дари...бæмбæг...*

*Æмдзæвгæ фыццаг хатт мыхуыры фæзынд 1927 азы (фыст та бирæ раздæр уыд). Адæмы зæрдæмæ афтæ тынг фæцыд, æмæ йæ айстой дзыхæй-дзыхмæ, уæлдайдæр та, литературæйы куыст чи кодта, уыдон»* (Газет «Рæстдзинад», 1976, 17 ноябрь).

Афтæ уæдæ, Нигеры æмдзæвгæ фæзынд царды бæрæг-бæлвырд фадæтты ссадвæдыл, дзуапп лæвæрдта йæ рæстæгæн.

Дæбе йæ уацы сæрмагондæй фыста, Нигер мæгуырдзинад цы хуызы æвдыста, уый тыххæй. Нигеры мæгуыр лæджы фæлгонц абарста Къостайы сфæлдыстады мæгуыры фæлгонцимæ æмæ æрцыд ахæм хатдзæгмæ, зæгъгæ, Къостайы хъайтартæ æххæст сты историон оптимизмæй, уыдоны социалон æфхæрд куынæг нæ, фæлæ разæнгард кæны цардмæ. Уый уыд фæллойгæнæджы фæлгонц æвдисыны революцион демократты аивадон принцип. Нигермæ та, зæгъы, мæгуырдзинад у æдзухон, нæ дзы ирвæзы. Æмæ афæлвæрдта, йæ аххосаг цæй мидæг уыд, уый ссарын. Дæбе исдуг лæууыд ахæм хъуыдыйыл, зæгъгæ, Нигермæ мæгуырдзинады мотивтæ фæзынди НЭП-ы заман, нæ бамбæрста, зæгъгæ, партийы ног экономикон политикæ, афтæ, дам, фенхъæлдта, фæстæмæ та хъæздыджыты рæстæг ныллæууыд. Загъта ноджы, хæхбæсты зынвадат цард нырма уæддæр, горæтты цардимæ абаргæйæ, тынг уæззау кæй уыд æмæ уый йæ фæд кæй уагъта поэты сфæлдыстадыл. Æппæт уыдонæн алы бæрцæй æмæ алы хуызты, æцæгæй дæр, бынат уыд поэты сфæлдыстады, фæлæ ууыл нæ ныллæууыд критик, аххосæгтæ агуырдта ноджы поэтæн йæхи удыконды дæр, цыма уыдон поэтæн йæ удыхъæды æвзæргæ уыдысты, йæ зæрдæйы конд цы хуызæн уыд, уыцы хуызæнæй уыдта, зæгъгæ, йæ алфамблай дæр. Уый тыххæй критик йæ ныхас загъта ахæм хуызы: *«Алчидæр зоны, фыссæг æрдзы нывтæ фотографы хуызæн кæй нæ исы, æрдзы нывты фыссæг йе сфæлдыстадон хъуыдытæ кæй хæццæ кæны арфдæр, йæ хъуыдытæ цы хуызæн уой, уыдон мыггаг кæй исы æрдзы нывтæ дæр æмæ, Нигер æрдзы нывтæ афтæ кæй исы, уымæн, æцæг,*

*хæхты æрдз карз вæййы, зæгъгæ, уымæй бамбарæн кæй нæй, фæлæ сæ агурын кæй хъæуы, фыссæджы зæрдæйыуаг цы хуызæн уыдис, уый мидæг».* Æмæ дарддæр: *«Фæлæ тарст, æнкъард зæрдæ æрмæст æрдзы нывтæ нæ уыны уыцы æнтъыснæг хуызы. Æппæт дæр йæ цæстытыл уайы тарст хуызæй, талынг ахорæнæй конд нывтæй: уый агуры, йæ зæрдæйы уаг куыд у, уымæ гæсгæ цæссыгтæ, хъуысы йæм кæуын, дзыназын. Уыцы цæссыгтæ уæды рæстæгæй къаддæр никуы уыдысты, фæлæ, æцæгдзинад иуварс фæуадзгæйæ, поэт цæссыгты, кæуыны, дзыназыны кой скодта æстдæс æмдзæвгæйы».* («Мах дуг», 1938, № 3).

Цыбыр дзырдæй, Дæбемæ гæсгæ, Нигеры æнкъарддзинады, мæгуырдзинады æнкъарæн цыдис йæхи удæй, уыд йæ туджы, цардæй йæ нæ иста, фæлæ йæ йæхæдæг цардмæ хаста, æмæ зæгъы: *«Химидæг ацæуыны хъуыддаг, хи хъуыдыты тыхсындзинад фадат нæ радтой Нигерæн уыцы рæстæджы цардмæ объективон цæстæй акæсынæн, дуджы цы стыр ивдтытæ æрцыд æмæ æхсæнады размæ цы стыр фарстатæ лæууыд, уыдон бамбарынæн, æмæ нæ рахызтис стыр тематикæмæ, стыр хъуыдытæ равдисынмæ. Уымæ гæсгæ йе сфæлдыстад баззадис дуджы домæнтæй фæстоз».* (Уый дæр уым).

Фæлæ уæддæр цæмæн афтæ уыди Нигер, цæмæн *«ацыд йæхимидæг»*, уымæн хъуыдис дзуапп раттын. Уый иудадзыг йæ удыхъæды æрдзон миниуæг куы уыдаид, уæд ма дзы афтæ цæмæн загъта, зæгъгæ, ног фæндагмæ куы рахызт, уæд *«цард бацыд уыцы тыхджынæй йе сфæлдыстады, æмæ йын радта бирæ сфæлдыстадон мадзæлттæ».* (Уый дæр уым).

Ацы ныхæстæ ууыл дзурæг сты, æмæ йе ´рхуымæн, йе ´нкъарддзинадæн уыд бæрæг рæстæджы бæрæг аххосæгтæ.

Афтæмæй Нигеры сфæлдыстады идейон-эстетикон вазыгджын цæстæнгас æвдыст æрцыд йæ индивидуалон поэтикон æууæлтæ, кæрæдзийæ иппæрдæй, механикон хуызы.

Литературон критикæйы критериты æмвæзад æвдисæн у, канд æмткæй литературæйы рæзты æмвæзадæн нæ, фæлæ ма эстетикон культурæйы æмвæзадæн дæр. Уый уæлдай рельефонæй зыны банысангонд рæстæджы ирон литературæйы цæвиттонæй. Аивадон сфæлдыстад æмæ культурæйы процессы хъуагдзинæдтæ цæй мидæг æмæ цы хуызæн уыдысты, афтæ уыдысты литературон критикæйы хъæнтæ æмæ цухдзинæдтæ дæр.

*Чиныг «Ирон литературон критикæ 30-æм азты». Дзæуджыхъæу, 1987.*

# ÆРЫГÆТТЫ ÆРМДЗÆФ



# БЕТЕТЫ ФАТИМÆ

*Ирон дзырд, ирон æфсарм æмæ æгъдау йæ зæрдæйы рæбинаг кæмæн сты, уыцы арфæйаг кæстæртæй иу у Бететы Фатимæ. Райгуырд 1994 азы Æрыдоны. Æмдзæвгæтæ фыссын райдыдта, æртыккæгæм къласы ма куы ахуыр кодта, уæд. Каст фæцис ЦИПУ-йы ирон филологийы факультет. Уым ноджы тынгдæр райхæлд йæ курдиат. Кусы Æрыдоны 2-æм астæуккаг скъолайы ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæгæй. Уыциу рæстæг у университеты ирон æвзаг æмæ литературæйы кафедрæйы аспирант.*

## МÆ ИРЫСТОН

Ирон дæн æз! Ирон зæхмæ мæ цæстæй
Кæддæр фыццаг хатт ракастæн æз дæр.
Æмæ дæуæй, мæ удæн адджын бæстæ,
Мæ Ирыстон, цы уарзгæ у фылдæр?
Дæ рог дымгæ мæн авдæны куы уызта,
Дæ хъарм хъæбысы базыдтон рæвдыд.
Дæ адджын донæй ме уæнгтæ æфсæстай,
Дæ сыгъдæг уæлдæф раст мæ риуы цыд.
Ирон мады фæлмæн къухыл хæцгæйæ,
Ирон зæххыл фыццаг къахдзæф кæддæр
Æз акодтон. Рæствæндагмæ бæлгæйæ,
Æрмæст дæуыл мæ фæндтæ баст ныр дæр!
Ирон хистæртæй базыдтон чысылæй,
Цы сты ирон æфсарм æмæ æгъдау.
Мæ къух сыл сисон? Талынгæй, æмырæй
Цæрæнбонты фæцæрдзынæн фæлтау.
Мæ Ирыстон, дæ цинтæ сты мæ цинтæ,
Мæ зæрдæйæн йæ саудæр маст – дæ маст.
Мæ Ирыстон, куы мын раттис дæ зынтæ,
Дæхицæн та куы ахæссис мæ уарзт!

## МАД

Кæддæр мæ мæтæй мады зæрдæ тад.
Ныр дæр дæ зæрдæ уыцы мæтæй ризы.
Цыфæнды сау, уæззау фæллад фæлидзы,
Куы æрлæгъз кæны сæрыхъуынтæ мад.

Ныййарæг мадæн у йæ саби цин.
Дæ зæрдæйæ куы ницы ис уæрæхдæр,
Дæ рæвдыдæй куы ницы ис дзæбæхдæр!
Дæ хъæбулæн дæм буц лæвæрттæ – мин.

Цæйбæрц фыдæбон бафæразы мад…
Æнæнымæц æнæхуыссæг æхсæвтæ…
Дæ цæстытæ сты царддæттæг цæхæртæ.
Сæ ферттывдæй æз банкъарын йæ ад.

Дæ фæлмæн къухтæ – амонды тæдзæн.
Дæумæ цæуын æнцон æмæ æхцон у.
Дæ уарзонад ысбарын та кæй бон у?!
Мæнæн æдзухдæр рухс цырагъ уыдзæн.

Кæй дард фæндагыл никуы вæййы зын?!
Дæ мидбылхудт æвдадзы хос куы фесты.
Дæуау зынаргъ дунейы хæрзтæ не сты,
Дæуæн, ныййарæг, царды аргъ кæнын.

Сырх дидинджытæ райхæлы, æцæг,
Ныййарæджы рæсугъд хъæлæсæй уды.
Фæкæнын æз сæ амондмæ тæхуды,
Æрмæст фæкæнын ахæмтæм хæлæг,

Ныййарæджы æнæкæрон хæрзтæй
Сæ иуæн дæр кæмæн бантысы фидын,
Сæ иуæн дæр кæмæн бантысы фидын
Ныййарæджы æнæфидгæ хæстæй...

***

Æхсæртæгты, Æхсарты дуг куы фæуа,
Цы хуыздæр у: фыдвæд æви æвæд?
Ирон куывды Уырызмæгтæ куы нал уа,
Ыстыр Хуыцаумæ чи кувдзæни уæд?

Куы нæуал уа Сослантæ 'мæ Батрадзтæ,
Кæмæй риздзæн æмризæджы ызнаг?
Кæстæрæн нæм куы не 'нтыса Тотрадзтæ,
Нæ буц хистæртæн чи кæндзæн лæггад?

Куы нал цæра ирон зæххыл Сырдонтæ,
Фæндыры зæлтæй чи равдисдзæн маст?
Куыд кæндзысты фыдæлты зард фæдонтæ,
Ацæмæзтæ куы ныууадзой сæ хъазт?

Фыдæлты фарн æнустæм сæфт фæуыдзæн,
Ныридæгæн фыдвæндагыл тындзы...
Агуындæтæ, Бедухатæ кæм уыдзæн?
Дзерассæтæ куы нал цæуой чындзы?

Къæбæргæнæг Сатанатæ куы нал уа,
Кæй къухæй цæудзæн а зæххыл бæркад?
Ирон хъазтмæ куы нал цæуа Акула,
Кæмæн кæндзысты хорз лæппутæ кад?

Фыдæй йæ фырт куы нæ цæуа хуыздæрмæ,
Уæд не 'взагæн, уæд не 'гъдæуттæн – кæрон,
Ирондзинадæн нал уыдзæн йæ зæрдæ,
Æгас дунейыл нал уыдзæн ирон!!!

***

Айтынг, апырх мигъджын арв мæ сæрмæ.
Уазал дымгæ сагъæстæ хæссы.
Зæрдæ риссы къæвдайы уынæрмæ.
Ацы хатт йæ æртæхтæй тæрсын.

Уазал къухтæ нал тæфсынц æппындæр,
Ногæй рустыл бахæцыд фæлурс.
Фæллад уд та маст кæны цæуылдæр...
Цæст дæумæ æнхъæлмæгæс ныуурс.

Ацы фæззæг йе ‘нахуыр фынтимæ…
Тыхст æмæ æнæхуыссæг æхсæв…
Де ´нгас тохы бацыди мæнимæ,
Æмæ зæрдыл сæмбæлди йæ цæф…

***

Дæ цæстыты мæ батайын фæнды…
Сæ цъæхбын арфы анызгъуыл, тæхуды…
Дæ иу бакаст дæр царды ад дæтты.
Дæ бахудтæй мæм рухсамонд фæхуды.

Дæ цæстыты мæ батайын фæнды…
Нæ фæтæрсдзынæн фæззæгæй æз демæ.
Фæлурс мигътæ уаддымгæ та хæссы –
Мæ сагъæстæ мын ахæсдзысты семæ.

Дæ цæстыты мæ батайын фæнды…
Сæ судзгæ артмæ батавин мæ зæрдæ.
Йæхиуыл мæ дæ цæстæнгас бæтты.
Æмæ тæхынц æвзонг азтæ нæ сæрты…

## ИРОН ДЗЫРД

Ирон дзырд у нæ хорзæхты бæрзонддæр.
Ирон дзырд у нæ хæзнаты хæзна.
Æндæр æвзагыл аивдæр, æхцондæр
Ирон адæймаг не сдзырдта нырма.

Фыдæлты фарн – йæ зæлыны, йæ мырты
У алцыппæт зæгъынæн дæр уый фаг.
Ныййарæг мад куыд рæвдауы йæ фырты,
Рæвдауы зæрдæ мадæлон æвзаг.

Къостайы ‘взаг, ирон æвзаг… Нæ хур у,
Ирондзинады рухсгæнаг цырагъ…
Æрмæстдæр мын ирон æвзагыл дзурут,
Цæмæй æнусты ма фесæфæм мах!

***

Æрхауди мæм цыкурайы фæрдыг…
Йæ æрттывдæй ысрухс ысты мæ бонтæ.
Хъæздыг дæн æз мæ амондæй, хъæздыг,
Мæ цард фæци æхсызгондæр, æхцондæр.

Æрхауди мæм цыкурайы фæрдыг…
Сæ хорзæхтæй мæ скадджын кодтой зæдтæ.
Æз амайын мæ сомбонæн мæсыг.
У алы бон дæр хорзæнхъæл мæ зæрдæ.

Æрхауди мæм цыкурайы фæрдыг…
Цæмæ ма ныр фæкæнон æз тæхуды?
Мæныл ыстырдæр хорздзинад æрцыд –
Дæ уарзондзинад райхæлди мæ уды…

***

Дæуæн нывондæн хастон цард.
Дæ номыл зарыдтæн мæ зарæг.
Фæлæ нæ фехъуыстай мæ зард.
Мæ рыст нæ базыдта æмбарæг.

Дæуæн нывондæн хастон цард.
Дæ номыл стъалыйау фæсыгъдтæн.
Фæлæ дæуæн кæйдæрон, дард
Æмæ æцæгæлон куы уыдтæн.

Дæуæн нывондæн хастон цард.
Уыдтон дæ цæстыты æз хуртæ.
Фæлæ уæддæр уыдтæн æнкъард, –
Нæ рафты урс дидинæг дуртыл.

Дæуæн нывондæн хастон цард,
Дæ номæй алкæд кодтон сомы.
Дæу тыххæй суыдаин мæнгард.
Мæ бæллиц батади фæсмоны…

Дæуæн нывондæн хастон цард,
Мæ уд дын раттаин æнцонæй.
Сыгъди мæ зæрдæйы уæд арт,
Фæлæ æнæхъуаджы… Зыдтон æй…

***

Æз дæн къæвда. Кæуын æхсæвæй-бонмæ.
Ды та дæ хур. Дæ бахудты ис цард.
Дæуимæ баст мæ хъысмæт у кæронмæ.
Æртхутæг дæн, ды та дæ судзгæ арт.
Æз дæн æхсæв, зымæгон æмæ уазал.
Ды та дæ раст сæрдыгон бонау хъарм.
Дæ мидбылхудт дæ рухс цæсгомыл хъазы.
Зæххы хæрзтæй бæркадджын у дæ арм.
Æз дæн стъалы, дард æмæ æгомыг.
Ды та дæ мæй – ды райхъал кодтай мæн.
Æнæ дæу зæрдæ уарзын дæр нæ комы.
Æнæ дæу нæй мæ зæрдæйæн цæрæн.
Æз дæн æнæтых урс æврагъ цъæх арвыл.
Дымгæйау ды дæттыс фæндаг мæнæн.
Ды дæ æнус. Æз дæн уысмау дæ арфы.
Ды дæ цырагъ, аз та дæ ауон дæн…

*ДЖЫККАЙТЫ Шамил*

# САНАТЫ СЕМ

Комеди

*(Фольклоры мотивтæй)*

## ДЫККАГ АРХАЙД

**Æртыккаг ныв**

*Сахар Мадзар. Ханы галуан. Кæрт.*

### 1-аг фæзынд

*Мадзары хан бады йæ къæлæтджыны. Йæ разы кафынц цагъайраг чызджытæ. Уый нуазы сæн. Дымы кальян.*
*Æрбацæуы Канчар.*

К а н ч а р*. Цытджын паддзах! Æрбацæуынц Иры минæвæрттæ.

Х а н. Цал сты, цы хуызæн?

К а н ч а р. Æрмæст дыууæ. Сæ иу хъæздыг лæг, иннæ та – гæвзыкк.

Х а н. Бындзагъд фесты, лæгтæ сæм нал ис æви цы?

К а н ч а р. Цæй лæг ма ис Ирмæ! Сæ хæстонты хæст фæхаста, сæ зонджынты сæхæдæг сафынц, æвзæртæ куывдты æмæ хистыты цæл кæнынц.

Х а н. Æгъгъæд зæгъ! Цы аккаг сты, уый сын бакæн. Уадз æмæ зоной сæ куыдзы бон!

К а н ч а р. Мæ бар сæ уадз. Æз сын сæ хæйрæджы ном зæгъын кæндзынæн. *(Ацæуы.)*

### 2-аг фæзынд

*Æрбацæуынц Беслæн æмæ Сем.*

С е м. Сæр дæ бахъуыд, мæ буц хистæр, нæ размæ нын гауызтæ нæ байтыдтой.

Б е с л æ н. Гауыз дæр уыдзæн. Нæ хъусыс, фæндыртæ нын цæгъдынц. Хъазт нын сарæзтой.

*Кæрон. Райдайæн журналы 6-æм номыры*

---

*К а н ч а р – тюркаг æвзæгты нысан кæны “цирхъ”.

С е м. Нæ сæртæй хъазт ма уæд, мыййаг.

Б е с л æ н. Дзæгъæл дзырд ма кæн. Минæвар Хуыцауы уазæг у.

С е м. Хорз, дæ дзырд фæуæд.

*Сæ разы кулдуар – æхгæд.*

*Дыуумæ дуаргæсы лæууынц æд æрцытæ.*

Б е с л æ н. Дуар нын бакæнут, мах минæвæрттæ стæм.

*Дуаргæстæ сæм æрцытæ ныддарынц.*

С е м. Уыныс, ам уазæг кадджын нæу.

Б е с л æ н. Æз Тæгиатæй дæн, дуар бакæнут!

*Дуаргæстæ йæм бавзидынц. Рацæуы Канчар.*

К а н ч а р. Чи стут, цы стут?

Б е с л æ н. Тæгиатæ стæм. Минæвæрттæ.

К а н ч а р. Сымах – минæвæрттæ? Хæххон дзиглотæ! Ай паддзахы галуан у, æргъæвст цъиутæн сæ фысым – мус.

Б е с л æ н. Минæвар – Хуыцауы уазæг.

К а н ч а р. Хуыцаумæ фæндаг даргъ у, уæ фæндаггаг кæм и?

Б е с л æ н. Фæндаггаг?

С е м. Нæ чырæ фæсте æрцæуы. Уæрдæттæ дзаг сты æмæ фæстиат кæнынц.

К а н ч а р. Уый хорз у. Ацы фидар уынут? Куыд уæм кæсынц йæ къултæ?

Б е с л æ н. Хызы фидар, Хызы!

С е м. Хуыцауы тыххæй, сæ мидæг æфсæддон лæгтæ ис æви скъæфинаг чызджытæ?

К а н ч а р. Иутæ дæр æмæ иннæтæ дæр. Уæдæ чырæ æрцæуы, нæ? Уый хорз у. Рацæут. Уæ фæндаг – гауыз.

Б е с л æ н *(Семæн)*. Æз дын нæ загътон?

С е м. Æз фæсдзæуин дæн, гауызтыл цæуын ахуыр нæ дæн. Фысым æмæ æлдар цæуæнт гауызыл, æз цъæх нæууыл басирдзынæн.

*Беслæн сæрыстырæй араст гауызыл æмæ уæрмы аирвæзт. Худынц ыл.*

Х а н. Ацы хох дæлимонтæ сты! Лæг æвиппайды фæдæлдзæх.

С е м. Цытджын хан! Ды – зæххон Хуыцау, дæумæ фæндаг хъуамæ арвыл цæуа. Цæмæн у дæ кæрт Мæрдты дуар?

Х а н. Мæрдты дуар?.. Тынд мæга!.. Чи æмæ цы дæ?

С е м. Æз – Санаты Сем. Иры минæвар цытджын ханмæ. Арфæ кæнын де стырдзинадæн.

Х а н. Ау, ды минæвар дæ? Ир афтæ сæфт сты, – дæуæй лæгдæр сæм нæ разынд минæварæн?

С е м. Иры хорз лæгтæ – хуыртæй арæхдæр. Фæлæ уыдон хуыздæр рæттæм фæцыдысты минæвар.

Х а н. Канчар! Ныббар уый дæр хъоргъы!

С е м. Хуыцау дыууæ тæригъæды нæ ныббардзæн.

Х а н *(иуварсмæ)*. Ай æцæг хæйрæг у, йæ кой дзæгъæлы нæ кæнынц. Æвгъау у хохæгтæн. *(Семæн.)* Барст дын уæд. Æрлæууу мæ разы.

С е м. Цытджын хан, æз лæугæ куы кæнон, ды бадгæ, уæд мæм хæрдмæ дзурдзынæ, уый та æлдарæн кады хос нæу.

Х а н. Хæйрæджыты амæттаг фæу! Æрæвæрут ын иу къодах.

С е м. Бузныг. Къодах бадынæн хорз у: уæззау, фидар, хауынæй тас дзы нæу лæгæн.

Х а н. Цæй, зондджын, ракæн хабæрттæ, зæгъ, куыд у цард уым, хæхты.

С е м. Ам куыд у, афтæ.

Х а н. Ау? Æмæ ам куыд у?

С е м. Хæбизджыны хуызæн. *(Æлдар бахуды.)* Æцæг ын иутæ йæ дзаджджынтæ хæрынц, иннæтæ – йæ къæристæ.

Х а н. Дæ дзых дæ сафдзæн, лæппу. Дзур æрмæст, дзурын цы ’мбæлы, уый. Ам Дзæгъæл Ком нæу, паддзахы галуаны дæ.

С е м. Рæстдзинад ахæм хæзна у, æмæ паддзахы галуаны дæр сфидаудзæн.

Х а н. Ды зоныс, цæмæ уæм фæсидтæн, уый?

С е м. Цæмæй йæ зонын, ме уæны нæ кæсын.

Х а н. Уæдæ цæй дæсны дæ!.. Мæ зæххыл цæрут æмæ хъалон нывыл нæ фидут.

С е м. Иу лæгæй дыууæ цармы стигъæн нæй.

Х а н. Дæ царм нæ, де стæг дæр сынтыты амæттаг фæуыдзæн.

С е м. Хорз æлдар, æз хус æмæ фæлахс дæн, сынт мæ цы атона, уый дæр нæй. Уæрмы чи ныххауд, уымæн йæ царм – сойджын, йе стæг – магъзджын. Сисут æй, уымæй исты æрлæмардзыстут.

Х а н. Канчар! Сласут уыцы дзиглойы. *(Беслæны сластой уæрмæй.)* Цæй,  куыд у, мæ лымæн? Базыдтай мæ тых?

Б е с л æ н. Дæ хорзæх мæ уæд, цытджын паддзах. Дæуæн лæггад кæнын – мæ хæс, мæ амонд.

Х а н. Уæдæ уæ куыдзы бынат зонут!

Б е с л æ н. Табу дын уæд! *(Семæн).* Уæлæмæ сыст мæ бынатæй!

С е м. Мæ бадæн – къодах. Дæу хъæуы къæлæтджын.

Х а н. Иу чыргъæд аппарут уымæн дæр, – цъиу дæр истæуыл фæбады. *(Лæггадгæнджытæ бадæн æрæвæрдтой Беслæнæн. Уый гуызавæ кæны.)* Мæ разы цы схъил дæ – æртъæпæн у! *(Беслæн сбады.)* Сем, дæу дæсны хонынц. Кæд æцæг дæсны нæ разынай, уæд фæлитой дæ, æмæ дæ тæрхон – мæлæт.

Б е с л æ н. Мæ буц паддзах, бафæлвар æй. Уый пехуымпар у.

Х а н. Дзурынц, фæстагмæ, дам, адæм айк мæцъисæй фæлдахдзысты, – уый æцæг у?

С е м. Уымæн дæсны нæ дæн, фæлæ айк удыхосæн агурдзысты, уый бæлвырд у.

Х а н. Ау, уый та куыд?

С е м. Куыд куы зæгъай, уæд хицæуттæ – зыд, зыд – къуыртхор, æмæ айк ссарынмæ нал уыдзæн.

Х а н. Афтæ сын хъæуы! Стонгæй сæ уæраджы магъз куы стæнæг уа, уæд сæ мæ фырт йæ армы дардзæн.

К а н ч а р. Уæдæ мæ хъысмæт куыд уыдзæн, уый ма зæгъ.

С е м. Дæу де 'лдар сауындздзæн.

К а н ч а р. Де 'взагыл сынкъ æрзайæд! *(Йæ кардмæ февналы.)*

Х а н. Уымæй уал рæдийыс. Канчар мæ уарзон фæтæг у, мæ рахиз цонг.

С е м. Уарзтæй мастмæ – иу фæзылд.

Б е с л æ н. Мæ дæле сбад, кæвдæсард!

Æ х с и н. Уæдæ фидæны æхсинты цард та куыд уыдзæн?

С е м. Сæ лæгтæ-иу уынаффæдоны дзæнгæда цæгъддзысты, уыдон та сæ хæзгултимæ сæндæтты гæлæмытæй хъаздзысты.

Æ х с и н. Цæй æнæфенд дæ, цæй!

У ы н а у ы т ч ы з г. Уæд мах цард та куыд уыдзæн?

С е м. О, уый диссаг уыдзæн! Дæ мойæ сфæлмæц, дæ саби искæй фæсдуар баппар æмæ аргъонахъ куыдзимæ цæр – цы ма уа уымæй хуыздæр цард.

У ы н а у ы т. Хъæддаг хохаг!

К а н ч а р. Хæсты заманы цæмæй хъæуы хæцын? Цы хотых у хуыздæр?

С е м. Дæ къухы цы уа, уый – дæ хотых.

Х а н. Æнæсæрфат! Хуыздæр хотых – мадзайраг топп.

С е м. Хуыздæр хотых – зонд, хуыздæр мадзал – æрхъуыды.

Х а н. Уæдæ дæу дæ зонд фесæфта. Дæ сæр дын акъуырдзынæн абон.

Æ х с и н. Æнæхсæст!

С е м. Хуыцауы хатырæй, уæ уæздандзинадæн цы нысан и?

У ы н а у ы т. Куыд цы? Нæ сæртæ – стыр, нæ къæхтæ – лыстæг.

С е м. Гъе, гъе, ахæм уæздæттæ хæхты – хæрх!

У ы н а у ы т. Куыннæ стæй! Цы сæ хонут?

С е м. Хæрджытæ.

Х а н. Банцай, хæрæг! Дæ тæрхон конд у, фæлæ хъалон фиддзыстут æви нæ?

С е м. Цæй охыл? Цæмæй ныл цæуы дæ бар?

Х а н. Æз паддзах дæн! Æз хан Чингизы байзæддаг дæн, уый та хуры хъæбул уыд. Мæнæн адæмтæ – дæлбар æмæ фæсдзæуин. Сымах цæрут мæ зæххыл. Фидут хъалон, науæд сыстут æмæ афардæг ут! Нæ цæут, уæд уæ сугъты цагъд кæнын!

С е м. Сугъты цагъд уанцон нæу!

Б е с л æ н *(Семæн)*. Банцай, ма нæ саф!

С е м. Зæхх Хуыцауы сконд у. Иугæр ыл мах сæвзæрдыстæм, уæд уый нæ мад у, мах – йæ цæуæт. Мадæн нæдæр ныууадзæн ис, нæдæр уый тыххæй хъалон фидæн ис.

Х а н. Рох уæ ма уæд – сымах æрхауæггаг стут уырдæм!

С е м. Нæ, хорз æлдар, нæ! Мах дæр арвæй не ’рхаудтам. Кæд арвæй æрхаудтам, уæд та арвы хицау стыр Хуыцау у, æмæ уый фæндон уыд, Хуыцауы фæндон та дæуæн дæр хъуамæ фæтк уа.

Х а н. Æгæр дзурыс, æрцæуæг!

С е м. Кæд ацы бæстæм исчи æрцæуæг у, уæд – мадзар. Ацы быдыр нæ фыдæлты цæрæн уыд, ацы тыгъды – сæ хæтæнтæ. Ныр дзы аллон-биллоны тæф нал кæлы. Æмæ йын йæ дзаджджынтыл хæтойтæ æрбадтысты. Акæс-ма дæ галуанæй: быдырты нæ фыдæлты обæуттæ. Уым бафынæй не ’хсар, нæ кад, нæ ном. Ракъах сæ, уæд се стджытæ сдзурдзысты Нарты ’взагæй, сæ кæрдты тæмæнæй знагыл бафтдзæн ризæг. Уый рох макæмæй уæд.

Х а н. Канчар, æрцæттæ кæнут сæркъуырæн фæрæзтæ!

С е м. Уæздан æлдар! Дæхи Хуры стъæлфæн куы хоныс! Минæвары фыдгæнæг дæр нæ мары.

Х а н. О, æлгъыстаг иблис! Мæ къухтæ мын бæттыс, фæлæ сæ мæ маст тоны.

С е м. Маст уромынæн хъæуы зонд æмæ уæздандзинад.

*Хъæлæба фæсдуарæй. Канчар ацæуы.*

К а н ч а р *(æрбаздæхы)*. Цытджын æлдар, дæ уæчел кæуы, йæ сæр хойы.

Х а н. Ракæн æй ардæм, цы мард ыл æрцыд.

## 3-аг фæзынд

У æ ч е л *(ханы раз йæ зонгуытыл æрхауы)*. Цытджын мæликк! Бабын дæн! Мæ хæдзар фехæлд!

Х а н. Цы ’рцыд, зæгъ æй цыбырæй.

У æ ч е л. Бабын дæн! Мæ бындур разылд! Мæ бæх фесæфт. Мæ хæдзардарæг æрбадæлдзæх. Хæйрæг æй фæхаста. Чидæр мын мæ артыл доны къус ауагъта... О – гъо-гъо!

Х а н. Хæлиудзыхы хай – халоны амæттаг.

У æ ч е л. Сæфын, сæфын, о-гъо-гъо-гъо! Баххуыс мын кæн. О-гъо-гъо!

Х а н. Ныхъхъус у, сау куыдз! Æз дын бæхгæс дæн æви цы?

С е м. Кæуынæй мадзал нæй, хорз лæг. Цæссыгтæй бæх нæ гуыры.

У æ ч е л. Бæх ма, гъа, дымды фæуæд, фæлæ мæ ус, мæ ус, дыуuæ хайуанæй зынаргъдæр ус.

Х а н. Цы ’рцыди усыл та?

У æ ч е л. Фесæфт уый дæр. О-гъо-гъо! Æмæ ус уыд, ус! Мæллæг уыд, цола, фæлæ хуры гуыдын.

Х а н. Ныуuадз, ме ’нæзонгæ нæ уыд.

С е м. Хорз лæг, дæ бæх, мыййаг, къуылых нæ уыд?

У æ ч е л. Уыд. Йæ фæстаг рахиз къахæй чиудта.

С е м. Уæдæ сохъыр дæр уыдаид?

У æ ч е л. Уыди, уыди! Куырм уыд йæ галиу цæстæй, мæ къухтæ ахауой, мæхæдæг æй ныццавтон.

С е м. Дæ усы дæр ныццавтаис, бæгуыдæр?

У æ ч е л. Æгæр, æгæр, мæ сæр амæла.

Х а н. Фæлæуу-ма, фæлæуу! Ды уыдæттæ цæмæй зоныс, и? Уæчел! Дæ бæх æмæ дæ усыл кæд исты ’рцыд, уæд ацы хохæгты фыдæй. Æрхæц сыл!

Б е с л æ н. Æз ницы федтон. Хуыцауæй ард хæрын, ницы федтон! Ацы хæйрæдджджын сæнттæ цæгъды.

Х а н. Сем пехуымпар нæу, фæлæ у давæг. Канчар, ауындзæн!

*Уæчел ауындзæн бæндæн рæвдз кæны.*

С е м. Ныхасы бар мын раттут!

Æ х с и н. Ма йæ суадз дзурын, йæ ныхас марг у.

Х а н. Ауындзгæ!

*Канчар бæтты Семы къухтæ.*

Б е с л æ н *(иуырдæм)*. Афтæ йын хъæуы. Науæд мын мæ хабар Хъобаны куы дзура, уæд мын нуазæн ничиуал ратдзæн.

*Семы хъуырыл æрвæдзæг бакæнынц.*

Х а н. Фæндыртæ! Гуымсæгтæ!

*Цæгъдынц гуымсæгтæ.*

С е м. Гъей, мæгуыр æлдар! Дæ уд мæ къухты ис. Мæрдтæм æй мемæ хæссын.

Х а н. Мæ уд? Цы зæгъинаг дæ уымæй?

С е м. Суадзын мæ кæн. Æз дын сусæгдзинæдтæ раргом кæндзынæн.

К а н ч а р. Мæлæт – къæрныхæн!

Х а н. Мæлæт уал фæгæдзæ кæнæд. *(Семæн.)* Зæгъ, цы зоныс, уый.

С е м. Æрвæдзæг мын сисут мæ хъуырæй. *(Суæгъд æй кæнынц æрвæдзæгæй.)* Æлдар, равзарæм уал ацы даутæ. Æз ацы лæгæн йæ хайуаны нæ федтон. Æз федтон фæндагыл бæхы фæдтæ. Йæ фæстаг рахиз къахы фæд уыд иннæтæй уæлæнгайдæр. Уымæй цы базонын хъуыд мæнæн: къах риссы, æмæ йыл хайуан йæ уæз нæ уадзы. Паддзах та, йæ адæмæй лæмæгъдæр чи у, йæ уæз фылдæр уыдоныл уадзы.

Х а н. Фæуæд афтæ. Сохъыр уыд, уый та цæмæй базыдтай, и?

С е м. Æмбаргæ лæгæн уый дæр зын бамбарæн нæ уыд. Фæндаджы былтыл кæрдæг рахизырдыгæй ранæй-ран уыд тындтытæ. Æз базыдтон: бæх галиу цæстæй нæ уыны æмæ уыцырдæм не 'вналы. Уый дын йæ диссаг.

Х а н. Уæллæй-биллæй, дæ ныхæстæ уырнинаг сты. Мæ фыдгул мæнг зæгъæд. Фæлæ дын ирвæзæн нæй. Усы хабарæн та цы зæгъдзынæ, усы хабарæн?

С е м. Уый дæр зын базонæн нæ уыд. Фæндаджы рыгыл зынд усы фæд дæр. Бæхы идадзæй ласта æмæ-иу, дур кæм уыд, уым æрбадт. Дуры рыг уыд сæрфт, бæх йæ алыварс хызт, æмæ уый та уымæй бæрæг уыд.

Х а н. Хорз, афтæ фæуæд. Фæлæ ус тæргай уыд, уый та цæмæй базыдтай?

С е м. Цы дуртыл бадт, уыдон кæрæдзимæ дард нæ уыдысты. Уæдæ сылгоймаг æрбад-æрбад фæллад уадзынæн нæ кодта. Дурыл-иу дзæвгар афæстиат. Цæмæн? Æвæццæгæн, дызæрдыг кодта – дарддæр цæуа æви раздæха. Ус та тæргай цæмæй кæны? Кæнæ фыр надæй, кæнæ фыр... О! Ацы лæгмæ куы бакастæн, уæд бамбæрстон: йæ бон усæн кæд исты у, уæд æрмæст нæмын. Ныр ацæуæд æмæ йæ фæллой йæ усы цæгаты ссардзæн.

У æ ч е л. Бузныг, мæ хæрзгæнæг, бузныг, мæ сæрæй дын кувын.

Х а н. Цæугæ, дæ исбон уал дæ цæстæй фен. *(Уæчел ацæуы.)* Хохаг, дæ ныхæстæй исты мæнг разынд – бау-бау-бау! – дæ гуырæй райгонд у! Ныр зæгъ, цы сусæгдзинæдтæ зоныс, уый.

С е м. Иу бон лæгæн дыууæ тæрхоны Хуыцау дæр нæ кæны. Уæдæ хурныгуылды та сусæгдзинæдтæ æргом кæнын нæ фæтчы.

Х а н. Афтæ фæуæд, хæххон дзигло. Ахæрынæй анхъæлмæ кæсын хуыздæр у.

С е м. Хицæуттæ сæхæдæг æфсæст вæййынц, ахæм æмбисондæй та адæмы сайынц. Ахсæв мæм къæбæрæй фæкæс, науæд мыл нал сбон уыдзæн, æмæ уæд æз – сæфт, дæ сусæгтæ – æмбæхст.

Х а н. Афтæ фæуæд. Канчар, арвит сæ уазæгдонмæ. *(Канчарæн сусæгæй.)* Гъай хуырхы бынтæ нæу. Хæринаг сын раттæнт. Фæлæ йæ ноджыдæр бафæлварæм.

Б е с л æ н. Арфæгонд у, нæ цытджын фысым.

*Канчар Сем æмæ Беслæны акæны.*

*Уынауыттæ кафынмæ бавналынц.*

Х а н. Æгъгъæд! Бафæлмæцыдтæн. Хæйрæджыты хай фæуæд уыцы хохаг – бадомдта мæ. Цæут, уæ куыст кæнут. Æхсин, цæуæм мах дæр. Сагъæс – нæ марæг, фынæй – нæ дарæг.

*Уынауыт æмæ Æхсин ацæуынц.*

**Цыппæрæм ныв**

*Æлдары агъуысты уазæгдон.*

**1-аг фæзынд**

Б е с л æ н. Уæлæмæ сыст, æдзæсгом! Мæ разы цы стъæпæн дæ!

С е м. Æнцад бад, ам дын Хъæни нæу.

Б е с л æ н. Мæнæ уал ацæуæм нæхимæ, уым дын, æлдар цы у, уый мæ ехс æрымысдзæн.

С е м. Иу лæджы сауыгътой, уый ма иу хъæр фæкодта: «Гъæйтт, ныртæккæ уæ марын».

Б е с л æ н. Кæд сæфæм, уæд дæ фæрцы. Де 'взаг – нæ сафæг. Ололи! Куыдзы дæлдымæг æй фæдар, куыдзы дæлдымæг!

С е м. Афтæ мын хъæуы. Афонмæ дæр ма уæрмы паддзахы бадт кæнис. Уым æхсæв цы уырытæ вæййы, уый зоныс? Уыдонæн дæ уæздандзинад пыффытт дæр нæу – раст дын дæ куысыфтæгыл хъазт саразиккой.

**2-аг фæзынд**

*Æрбацæуы лæггадгæнæг, æрбахæссы хæринаг, æнæдзургæйæ аздæхы. Хан хъусы дуарæй.*

С е м *(рауадзы сæн).* Акув, мæ буц хистæр. Æртæ чъирийы нæй нæ разы, фæлæ уæддæр Хуыцауы ном ссар.

Б е с л æ н. Гъе стыр Хуыцау, дæ хорзæх ратт, дæ фæдзæхст мæ бакæн, Хуыцау. *(Семæн.)* Оммен кæн. Уастырджи, мæ фæндаг – де уазæг. Реком, æгас хæдзар цы ссарон, уыцы амонд мын ратт... Кувæггаг айс.

С е м. Дыууæ лæджы 'хсæн кувæггаг нæ вæййы.

Б е с л æ н. Дæле уæлæмæ ма дзур. Айс!

С е м. Æвзæр, дам, йæ удæн тæрсы. Цæй, цы уа, уый уæд. (Аназы.) Уæллæй, ды дæр цыдæртæ смудыс. Ацы сæн кæны туджы ад.

Б е с л æ н. Уанцон нæу? Сæ хистæн бахъæуæд, ныхъхъуытты йæ уадз. Замманай уæрыччы фыд – уый æнæ сæнæй дæр батайдзæн. Ахæр, лæппуйы гуыбыны стонг куыдз бады. *(Сабырæй.)* Нæ фысым мæрддзæст у.

С е м *(акомдзаг кæны).* Гъери-гъа! Сæ уæрыччы фыд кæны куыдзы смаг.

Б е с л æ н. Хъæр ма кæн, æлдары хæдзары къултæн дæр хъустæ ис.

С е м. Уымæй раст зæгъыс, хорз æлдар. *(Сыстад, йæ къахфындзтыл бацыд дуары цурмæ. Хъусы.)* Диссæгтæ, диссæгтæ, Тæгайы-фырт!

Б е с л æ н. Сабыр, дзæгъæлдзых! Сафыс мæ.

С е м. Æз дын зæгъын: нæ паддзах у дзæгъæлзад.

Б е с л æ н. Æз ницы фехъуыстон, æз къуырма дæн.

С е м. Ды къуырма дæр дæ æмæ куырм дæр. Æндæр дзæгъæлзадæн хъæлондар нæ уаис.

Б е с л æ н *(сысты)*. Банцай, банцай, кæвдæсард! *(Рафт-бафт кæны.)* Замманайы фадат ис йæ фесафынæн. Ныхъхъæр кæнин, æмæ йæ азар мæн дæр куы басудза. Сæфын, мæ хæдзар хæлы. *(Æрбады, аназы.)* Уæллæй, хуыздæр сæнæн скæнæн нæй. *(Ахæры.)* Æмбисонды уæрыччы фыд! Арфæгонд уæнт нæ фысымтæ, хорз нæ хынцынц...

С е м. Заргæ ма ныккæн, дæ хорзæхæй.

*Хан æдде, авансценæйы.*

Х а н. Æнаккаг! Цытæ дзуры уый? Мæ маст схæццæ ис мæ хъуырмæ. Цæуон, йæ дзиго сæр ын акъуырон мæ кардæй. У, уæййагæй чи райгуырдис, уый! Æз ын йæхи фыд аппардзынæн куыйтæн... А-гъа, уый хорз хъуыды у, хорз! *(Æддæмæ.)* Канчар!.. Кæм та бафынæй уый дæр? Канчар!

К а н ч а р *(фæзынд æрæджиау)*. Кæдæм фæдис кæныс? Цы ’рцыд?

Х а н. Канчар! Нæ хæдзары – къæрныхтæ, ды та фынæй кæныс кæмдæр.

К а н ч а р. Æз фынæй? Хуыцау æвдисæн, æз мæ рæстæг дзæгъæлы нæ сафын.

Х а н. Уæдæ къæрцхъус у... Нæ, афтæ нæ... Сем цæудзæн æддæмæ йæхи хъуыдыйы, науæд исты давынмæ. Ды йыл суадздзынæ куыйты...

К а н ч а р. Уый мæ куыст нæу!

Х а н. Фæстæмæ ма дзур! Фæкæн æй куыйты амæттаг! *(Ацæуы.)*

К а н ч а р *(иунæгæй)*. Кæрæдзи амæттаг фæут!.. Мæ хъуыддаг хæлы. *(Акæсы фæскъулмæ.)* Уæдæ кæм уыдзæн уыцы гацца? *(Тыхсы.)* Фыдæхсæв кæнын. Хур мыл арт æндзары, мæй мыл ихдон калы.

### 3-аг фæзынд

*Рацæуы Æхсин.*

Æ х с и н. Мæ удлæууæн, мæ алмаси кард!

К а н ч а р *(цъылын фелвæста æмæ дзы усы цæвы)*. Уый дын удлæууæн, уый дын кард!

Æ х с и н *(худы хъæлдзæгæй)*. Тæлтæг кардæн йæ хос – кæрддзæм. *(Хъæбыс æй кæны.)*

*Сем рацæуы. Фены сæ. Амбæхсы.*

К а н ч а р. Гацца, кæд фæцæуыс, уæд афоныл. Чылауи срæгъæд, уæд æй тонын хъæуы, науæд æрхауы.

Æ х с и н. Ма тыхс, мæ зынаргъ, уый ахæм чылауи нæу, æз кæй нæ сисон.

К а н ч а р. Рæстæг дзæгъæлы сæфтæн не ’нтысы.

Æ х с и н. Фыдæхсæв фæуæд нæ зæронд хæрæг! Хуыссæг ыл нал хæцы. Галуаны æндæргау ралæс-балæс кæны. Цыма сындзытыл хуыссыдтæн, афтæ тыхстæн. Ныр та дæу дæн. Ратт мын цин! Æндзар мыл арт! О, мæ зынг фæринк!..

*Канчар æй сисы йæ хъæбысы æмæ йæ ахæссы.*

С е м. Уый та дын галуан! Æдде – урс æмæ сыгъдæг, мидæгæй – сау æмæ чъизи. Хæрам æмæ хæлддзинады бырондон. Дардæй йæм кæсынц адæм æмæ йæ æнхъæлынц зæдбадæн. Хонынц æй рæстæвзарæн тæрхондон. Æнхъæлмæ йæм кæсынц уынаффæтæм, хæрзиуæг æмæ æххуысмæ. Рæдийут, рæдийут, хорз адæм! Уый у дæлимонты ахстон. Ам бынат ис æрмæст къæрных æмæ гæртамхорæн, лæгмар æмæ фæлитойæн. Ам нæй рæсугъддзинад, ам нæй рæстдзинад, нæй дзы уарзт æмæ æфсарм. Ам кувынц пайдайæн, ам алчидæр у мондæгты цагъар. Ам фыдгæнджытæ уарынц сæ тæлæт æмæ хæрынц кæрæдзи хъуын-хъис. Гъе, бецау, адæм, уæ сой уын цъирынц, сæ туг хъазы æмæ æнæдомд уырсытау гуылемырс кæнынц...

Б е с л æ н *(йæ дзых ын ахгæны).* Хъыпп-сыпп нал! Ды сæруæлдай дæ, мæн та цæрын фæнды. Ды гæвзыкк дæ, куы бабын уай, уæддæр адæмæй ницы сæфы. Мæ цард та фæрныг у æмæ зынаргъ у. Галуан дæр ма фау, уый уæздæтты цæрæнуат у. Аргъуанау сыгъдæг у. Бамбæрстай?

С е м. Аргъуан – хæтæндон! Уый сæфты нысан у. Сыгъд ыл ссæуæд! Æз æддæмæ акæсон. *(Ацæуы.)*

Б е с л æ н *(йæ фæдыл).* Ницы федтам, хъусыс? Ницы! Уæ, ацы æррайы махæн цы Хуыцау радта, уый дæлæмæ ’рхауа!.. Тобæ, тобæ! Сырдонау кæд нæ фыдбылыз у, уæддæр къуырццæвæны нæ ирвæзынгæнæг дæр уый вæййы. Æрра барæг – донысгарæг.

*Æдде куыйты рæйын хъуысы. Удаистæй æрбазгъоры Сем.*

Х а н *(рацæуы худгæ. Æваст фæуыргъуыйау*). Аирвæзт та ацы иблис! *(Семæн.)* Дзигло, фынафон ам цы хъылдымтæ кæныс, и? Хохаг, ам быдыр нæу, ам галуан у.

С е м. Куыдздон, куыдздон!

Х а н. Банцай! Зæгъ-ма, цы ’рцыд?

С е м. Дæ куыйтæ мæ ’ргæвстой. Сæ рауадзæджы сæр бахæрæнт!

Х а н. Гъы, æмæ дæм цы хотых разынд – куыд фервæзтæ?

С е м. Æлдар куы дæ, уæд куыд къуырма дæ! Хæсты, дæ къухы цы уа, уый – дæ хотых. Мæ дзабыртæ фелвæстон æмæ дзы иу атъыстон сау куыдзы дзыхы, иннæ фæцавтон бур куыдзы хъæлæсы.

Х а н. Хорз хæсты бацыдтæ куыйтимæ.

С е м. Цы кæнон, лæгзнагæй мæ амонд нæ фæци.

Х а н. Канчар!

К а н ч а р *(æрбауайы).* Хъусын æмæ коммæ кæсын.

Х а н. Акæн æй, йæ сæр ын ацелха кæн!

К а н ч а р. Уый дын мæ бар. Дзигло, мæ разæй сæпп кæн! Тыртына дæ, цы рагæпп-багæпп кæныс! Фыдæхсæв мæ фæкодтай. Цæугæ!

С е м. Ма кæн, мæ разæй фæуыдзынæ.

**4-æм фæзынд**

*Æрбацæуы Уæчел.*

У æ ч е л. Цытджын мæликк! Ссардтон!.. Фæзындысты!.. Цин, цин!.. Раст загъта ацы лæг.

Х а н *(иуварсмæ).* Фыдбылызы хай фæдæн æмæ фæдæн. Амарин æй, фæлæ мыл гуырысхо бафтыд. Йæ ныхæстæ цы амонынц, уый хъуамæ базонон, науæд мæ катай бадомдзæн. Гуырысхойæ æцæгдзинад зонын хуыздæр у. Афтæ, æндæр мадзал нæй. Канчар! Фæгæдзæ кæн. Мах лæгмартæ не стæм. Райсом ын бонырухсмæ скæндзыстæм тæрхон. Ныр уал цæугæут, ныууадзут нæ дыууæйæ. (*Канчар, Уæчел æмæ Беслæн ацæуынц.)* Ныр дæ æрфæрсон æз. Ды цытæ дзырдтай мæ фынгæй? Раст ныхас дын – æвдадз, мæнг ныхас дын – мæрдадз. Равзар.

С е м. Цы дзырдтон, уый фехъуыстай?

Х а н. Сæрæй бынмæ.

С е м. Уæдæ афтæ. Уæ сæн кæны туджы ад. Цæмæн, уый дæхæдæг равзар. Бафæрс, сæн чи арæзта, уый.

Х а н. Уæчел! *(Æрбаздæхт Уæчел.)* Зæгъ, цавæр сæн радтай уазджытæн?

У æ ч е л. Сырх сæн, стад сæн.

Х а н. Куыд арæзт уыд?

У æ ч е л. Куыд вæййы, афтæ. Гомкъахæй йæ дзæбæх æрдыгътам...

Х а н. Йæ къахы туг уæ никæмæн рацыд?

У æ ч е л. Уанцон нæу! Сæндуцджыты ма цæй туг и, æрчъийагæй хусдæр сты.

Х а н. Сæлхæр, дæ мукъу феуæгъд?

У æ ч е л. Хатыр, хатыр...

С е м. Уæ сæнæфсир кæм зайы? Уæлмæрдты нæй уæ сæндон?

У æ ч е л *(тыхсы).* Цытджын мæликк, дæ фыдæхæй фесæфон...

Х а н. Цы сбыттыри дæ, дзургæ кæн!

У æ ч е л. Сæфын... О Хуыцау, мæ тæригъæд дæм фехъуысæд!.. Æз аххосджын нæ дæн... Нæ дæн!.. Æхсинæн гуырди сывæллæттæ. Дæуæй сæ æмбæхста, дæ зæрдæ дын нæ риссын кодта... Æз сæ йæ фæдзæхстæй сæндоны ныгæдтон. *(Йæ зонгуытыл æрхауы.)* Хатыр, хатыр, мæликк!..

С е м. Ныббар мæнæн дæр. Дæ зæрдæ фæрисса, уый мæ нæ фæндыд.

Х а н. Дæ сæр бахус уæд, дæ сæр! Зындоны мæ ныппæрстай. Кæд уыцы сæнæй æз дæр банызтон, мыййаг... Ау?.. Мæ сабиты туг?..

С е м. Æлдар, ма тыхс. Хъуыддагæй ды сыгъдæг дæ.

Х а н *(æхсызгонæй)*. Æцæг?

С е м. Дзырд дæн дæттын. *(Уæчелмæ.)* Зæгъ æргом, уæ кусарт та цы мыггаг уыд?

У æ ч е л. Сæфт – дыууæ сæфты. Цытджын хан, дæ фыстæй иу зайгæ-зайын амард. Уæрыккæн дæр æнæмæлгæ цы хос уыд. Фыййау йæ сæр хоста – дыууæ зианы цæмæй фиддзæн. Мæ фыдбылыз мæ уырдæм бахаста. Уыцы бон гадза дæр ныззад. Æз уæрыччы гадзайы дзидзитыл бафтауын кодтон. Уæрыкк аирвæзт. Дысон æй аргæвстам... ацы хохæгтæн, цæмæй хæйрæг уыдтæн...

Х а н. Уазæг Хуыцауы уазæг у. Ды мæн бафтыдтай цæсты, æмæ дæ тæрхон – мæлæт. *(Сиды.)* Канчар!

К а н ч а р *(æрбазгъоры).* Хъусын æмæ кусын! (*Иуæрдæм.)* Арв дæ æркъуыръæд, гыццыл мæ бауадз, стæй.

Х а н. Ацы фæсдзæуины ныккæнды нысхой. *(Канчар акæны Уæчелы.)* Хæххон дзигло! Ныр та дæ рад у. Цъаммайраг, ды кæй хоныс дзæгъæлзад? *(Кард æм сцæйласы, фæлæ галиу къухæй рахизыл æрхæцы.)* Цæмæй скодтай ахæм хатдзæг, и?

С е м. Лæгæн йæ митæ – йæ нысан. Дзæгъæлзад йеддæмæ дуарæй йæ уазджытæм ничи хъусы.

Х а н. Æргæвдын дæ, æргæвдын!

С е м. Мæ разæй уал ды æргæвддзынæ Канчары.

Х а н. Ныхъхъус у! Уый мæ кард у мæнæн.

С е м. Гуымиры уæйыгæн йæ мæлæт йæхи кардæй вæййы. Канчары хъуыддаг райсоммæ уадз, фæлæ дæ мады бафæрс дæ мыггагæй.

Х а н. Де 'взаг – сыджыты! Мæ мадыл гуырысхо? Нæ, Арвы чызг сыгъдæг у.

С е м. Зæдтæ дæр кæрæдзимæ рæдийынц. Паддзах дæр фуйæ гуырд нæ вæййы.

Х а н *(сдызæрдыг)*. Дæ ныхас дау куы разына, уæд дæ тæригъæдæй кæудзысты зæхх æмæ арв.

С е м. Разы дæн. Æцæг дæ зæронд мады дзæбæх аууæрстытæ кæн, науæд дын нæ басæтдзæн. Фæлæуу, афтæ нæ. Мæ бар æй уадз, ды нæм хъус. Уæд æцæгдзинад дæр базондзынæ, дæ мады дæр нæ бафхæрдзынæ. Æз ын йæ хæйрæджы ном зæгъын кæндзынæн.

Х а н. Афтæ. Ракъах æй. Науæд дæхицæн ингæн къах.

*Сем уазæгдонмæ бацæуы, кæрц зыгъуыммæ скæны, цырагъ æмæ дзæнгæрæг райсы æмæ рацæуы. Бакæны астæуккаг дуар.*

С е м *(дзæнгæрæг цæгъды)*. Уах, уах, уах. Æз – пехуымпар, æз тæхын уæлæрвæй. Ды райхъал дæ мæ базырты пæр-пæрæй. Мæ кастæй ныррухс и зæхх, дæ тæригъæдтæ зæгъ, æмæ дын уæд цæттæ уыдзæн дзæнæт... *(Исдуг нал хъуысы йæ ныхас.)*

Х а н. Мæ маст фыцы, фыцы... Фæлæ мæ туг нындзыг. *(Рафт-бафт кæны. Дуарæй та байхъус.)* Кæлæнгæнæг, кæлæнтæ кæн. Сыгъдæг у Арвы чызг! Æз Хуры фырттæй дæн! Багъæц, дзигло цъиу, дæ кæрон æрцыд! *(Хъусы.)* С-сс! Сдзырдта æна. О, сыгъдæг у мæ туг!.. Æз... Цы?.. О, стафырæллæх, цытæ лæхуры уый? Хуыссæгхъæлдзæгæй сæнттæ цæгъды... Фыййаумæ фæрæдыд... Æз – фыййауы фырт! О, арв, басудз, æрхау! Дæ рыгты бын фæкæн зæхх. Знæт фурдтæ, ранхъæвзут зæххыл, сызмæнтут рыг, уадз, адæм ныгъуылой чъизиты! Мах хуыздæр аккаг не стæм!.. О, нæ... Æрхъуыды кодтон, æрхъуыды кодтон.

С е м *(рацæуы)*. Дæхи хъустæй фехъуыстай алцыдæр... Дæ маст фæуром. Дæ фæнд мæ зæрдæмæ нæ цæуы.

Х а н. Мæ фæнд? Цы зоныс ды мæ фæндæн?

С е м. Цы зонын æй хъæуы. Мæн амардзынæ, æмæ дæ хабар сусæгæй баззайдзæн.

Х а н. Афтæ.

С е м. Рæдийыс. Зæгъ-ма, æлдар дуарæй кæм хъусы, уым фæсдзæуинтæ хуыртæ ’хсæдынц? Не ’хсæдынц. Сæ хицауы фæзмынц. Дæумæ гæсгæ, Канчар фынæй у? Абабау.

Х а н. Амардзынæн уый дæр! Маргæ, маргæ! Уе ’ппæты дæр. Уыцы зæронды дæр!..

С е м. Дæ мады куы амарай, уæд адæмæн цы зæгъдзынæ? Бахатыр кæн, фæлæ йæ мады æддæкъах ничи хоны. Сылгоймаг фæрæдыд, уый стыр диссаг нæу.

Х а н. Мæ цард мын мæстад скодта. Мæ маст æхсиды. Цы хос ын и, цы?

С е м. Дæ фæллад суадз. Кæд дæм хуыздæр сæн ис, уæд нын уый уыдзæн æвдадз. Мæнæн дæр стонг мæ хæзгул нæу. Фынг нын æрæвæрæд æхсин йæхæдæг. Йæ уындæй дæ зæрдæмæ рухс ныккæсдзæн.

Х а н. Афтæ. *(Цæгъды дзæнгæрæг.)* Цытджын æхсин!.. Æвæццæгæн, хуыррытт фынæй кæны.

С е м. Стæй цавæр хуыррытт!

Г а л у а н г æ с *(æрбацæуы).* Æз мæнæ дæн, æлдар.

С е м. Цæугæ, цырагъимæ лæуут фæскъул, рудзгуыты бын, хуыснæг куы лидза, цæвут æй.

*Галуангæс ацыд. Хан æй ницæмæ æрдардта.*

Х а н. Æхсин, мæрдфынæй бадæ?!

**5-æм фæзынд**

Æ х с и н *(рацæуы).* Мæ Хуры фырт, цы ’рцыд, бæстæ дæ сæрыл куы систай?

Х а н. Сыстонг дæн, фынг нын фен, сæн дæр.

Æ х с и н. Хæдзар уынауыттæй – дзаг.

Х а н. Ахсæв мæн дæ къухæй хъæуы.

С е м. Нæ буц Æхсин, хæрд цы у, хæрд? Дæ цытджын мой дæ рухсæй уыдзæн æфсæст.

Æ х с и н. Цæй рухс ма уадзын – фæззыгон кæрдæгау хус кæнын.

С е м. Ма зæгъ, æхсин. Нырма дæ хуымпъыры топпыхос ис.

Æ х с и н *(фефсæрмы, стæй бахудт).* Бæргæ, бæргæ. *(Ацыд къæбицмæ.)*

*Хан рафт-бафт кæны. Æхсин рахаста фынг.*

Х а н (æрбады). Æрбад æмæ æркæн.

*Сем æркæны сæн. Аназынц.*

С е м. Хатыр, ферох мæ. Ды пысылмон дæ, – нæ къухтæ уал цæхсæм.

Х а н. Æхсин, нæ къухтæ нын æрæхсын кæн. *(Æхсин ацæуы.)* Фæйнæ ма аназæм.

С е м. Аназæм. *(Нуазынц.)* Мæ буц фысым, Беслæнмæ дæр фæдзурæм, тæригъæд у. Уый дæр дæ хуызæн æлдар у.

Х а н. Æз хуымæтæг æлдар нæ дæн, æз мæликк дæн.

С е м. Ныууадз. Цæй мæликк дæ ды.

Х а н. Гæр, мæликкыл ма сыкъатæ вæййы.

С е м. Æхсин цæрæд, æндæр сыкъатæй цух нæ уыдзынæ. *(Сысты, Беслæны рахоны.)*

Б е с л æ н. Фарн уæ бадты.

Х а н. Сбад, нуаз æмæ хæр.

Б е с л æ н *(сбады, нуазы).* Гъе стыр Хуыцау, дæ фæдзæхст нæ бакæн. Нæ фысымтæн дæ хорзæх ратт.

*Æхсин рацæуы хъуывгъан æмæ хисæрфæнимæ. Хан сысты, æхсы йæ къухтæ. Хисæрфæн баппары усмæ.*

Æ х с и н. Æллæх! Амардтай мæ! Дæ зонд фæцыд, æрра!

*Сем æмæ Беслæн худæгæй мæлынц.*

Æ х с и н. Уæртæ дыл хохæгтæ дæр худынц. Æмбисæхсæв мæ родтæм цы дарыс!?

*Сем тынгдæр худы.*

Х а н *(мæстыйæ).* Банцайут! Æз мæ усы амардтон, сымах та худгæ кæнут?

С е м. Дæуыл худæн нæй, дæуæн хъæуы тæригъæд кæнын.

Х а н. Уæдæ цæуыл у дæ худт?

С е м. Цæй, фæйнæ сыкъайы ма ахъил кæнæм, стæй дын æй зæгъдзынæн. *(Нуазынц. Сем азилы къуымты, сисы цъылын.)* Мæлæты хъæбæр у ацы цъылын, æз та йæ бæмбæг æнхъæлдтон.

Х а н. Дæ уæлмæрдсæрфæн фæци! Зæгъ, цæуыл худтæ?

С е м. Ма мæ къах, фæсмон кæндзынæ. Фæлæ уæддæр ацы цъылын рагъ ныхынæн æгæр дæрзæг у.

*Æхсин скатай.*

Б е с л æ н. Æз æхсæв худынæй мæ удхæссæг уынын.

Х а н. Зæгъ, бæндæныл ма каф!

С е м. Дис кæнын, дис: кæмæндæр цъылыны цæф æхсызгон у, тинтычъи хисæрфæны анындзæвдæй та мæлгæ кæны.

Х а н. Цы зæгъинаг дæ уымæй?

С е м. Цуан кæнын уарзыс?

Х а н. Мæ усæй фылдæр.

С е м. Уæдæ дын ныртæккæ фадат уыдзæн. Сурæг цæуыс æви разы бадæг лæууыс?

Х а н. Æз – сурæг.

С е м. Уæдæ Æхсины уатмæ бацу æмæ гæрæм джир æддæмæ раскъæр.

Æ х с и н. Ме 'лдар! Æрчъиджын дæ хуыгæс дæр скодта, хуыгæс. Пуй, ды лæг нæ дæ, уый чи нæ мары!

Х а н. Сем! Нæ цуан фæмæнг, зæгъгæ, о-гъо-гъо! – куыдзæппарæн – дæ хос.

С е м. Рæстæг ма саф, рудзынгыл атыффытт ласдзæн нæ сырд.

*Хан цырагъ райсы, кард сласы, уатмæ бацæуы, хъæр кæны.*

Х а н *(мидæгæй)*. Кæм и? Кæм и уыцы джир?

*Канчар дуарæй рагæпп ласы, Сем æм йæ къах фæдары, йе 'ккой абады.*

С е м. Мæнæ и джир! Бузнаг нæлхуы! Нæ хуымтæ дæр нын ацы джауыр фæйлауы.

Х а н. Хуыйы 'ргæвст æй скæнæм.

С е м. Скæнæм. Нæ, афтæ нæ. Хъоргъы йæ бæгънæгæй ауадзæм. Уым æй уырытæ хæзгулы рæвдыд кæндзысты.

Х а н. Афтæ!

*С е м, Х а н æмæ Б е с л æ н бæгънæг кæнынц Канчары, ласынц æй хъоргъмæ.*

К а н ч а р. Æхсин, Æхсин! Баиргъæв сæ! Дæ кæрддзæм æнæ кардæй ма ныууадз! Сæфын! Кардæй мæ амарут, кардæй.

*Хъоргъы йæ ауагътой. Сластой Уæчелы.*

Х а н *(Æхсинмæ).* Ныр та уый рад у. Нæ, уый Æхсин у æмæ æхсинаг у. Кæм и мæ топп, мадзайраг топп? *(Райсы йæ къулæй. Усы расур-басур кæны.)* Фæлæуу-ма, ницæйаг, фæлæуу! *(Гъа ныр æй фехса, афтæ йæ Сем фæуромы.)*

С е м. Æлдар! Уый цавæр цуан у, уый? Усы топпæй чи мары? *(Иуырдæм.)* Сæрхъæн, усæн цы хъæуы, уый ма зон!

Х а н. Маргæ йæ кæнын, маргæ!

С е м. Æхсин æхсинаг у, æцæг.

Х а н. Æз дæр æй æхсгæ кæнын, æхсгæ! У-у, гацца чи у, уый!..

С е м. Топпæй æхсгæ нæу, – донæй, донæй!

Х а н *(æрлæууы).* Цы?

С е м. Састæн ныхасæн нал и. Мастæй уарзт – хуыздæр. Дзурынц, Хуыцауыл дæр ахæм æмбисонд æрцыд, æмæ уый ныббарста йæ усæн. Ныббар ын ды дæр. Бакæс-ма йæм, зæды хуызæн сылгоймаг, уымæ Уастырджи дæр сцыбæл уыдзæн. Сылгоймаг лæмæгъ у, рæдийын – æнцон. Ныббар, æмæ дын цард уыдзæн æхцон.

Х а н. Ды дæр ныббарис?

С е м. Æз? Ницы хуызы!.. Ома, мæныл ахæм хабар ницы хуызы æрцæуудзæн. Мæнæн йед у – фыдхъуын. Хæйрæг никуы федтай, хæйрæг.

Х а н. Зын у, зын... *(Усмæ.)* Ахъуытты у дæ уатмæ! О-гъо-гъо, ныр ма куыд цæрдзынæн!

С е м. Иттæг хорз. Дæ къæлæтджыны къуырф бадт кæндзынæ, дæ дзæбæх ус дæ рæвдаудзæн, уынауыттæ дын кафдзысты, адæм дын кусдзысты. Æрмæст махæй хъалон нал исдзынæ. Акæс-ма, сбон и, æхсæв фæци. Уый хорзы нысан у. Мæ зæрдæ – ныггæнд, дæ сусæгтæ уым – ныгæд.

Х а н. Мæ хабæрттæ мын нæ ныццит-цитт кæндзынæ?

С е м. Хорз лæг искæй усы кой нæ кæны – хорзæй дæр, æвзæрæй дæр.

Х а н. Хъалтахъ, хъалтахъ, хохаг!..

С е м. Уæздандзинадæн – уæздан æгъдау.

Х а н. Сем, æз мæликк дæн, мæликк æнæ хъалон нæ цæры.

С е м. Ды дæ фыййауы фырт – рох дæ ма уæд.

Х а н. Зын у, зын. Цæй, афтæ фæуæд. *(Йæ къух æм дæтты.)* Ме 'хсин дæ фæрцы фервæзт. Фæлæ ма мын иу зонд бацамон: дарддæр куыд цæрон.

С е м. Хицауæн зонд амонын змисыл дон кæнын у. Фæлæ дын

уæддæр зæгъын. Дæ зæрдыл дар, фыййæуттимæ иу туг, иу стæг кæй дæ, уый. Адæммæ кæс æфсымæры цæстæй. Уæд сын уыдзынæ хион, сæ куыст нæ уыдзæни тæссæй, æмæ дæ цард цæудзæн фæрнæй. Хæрамæй хæлар хуыздæр у. Тæрхон кæныс, уæд раст. Лæг кусæг у – ма йын кæн маст. Зынг сирвæзт, уæд æвзар: чи у арт æндзарæг, чи у арт хуыссынгæнæг. Бирæйæ не ’фсæды цæст, фæлæ макуы ракъах хæст. Аразын, уарзын, рæвдауын – гъе уыдон сты кадгæнæг æрмæст...

Х а н. Афтæ! Нырæй фæстæмæ цæрдзынæн дæ зондæй. Æз фестдзынæн зæд, мæ паддзахад – дзæнæт. Гъей, цъæх бирæгъ, мауал ахс тæрхъус, фæлæ хæрæгау кус, дæ пайда – цъус, дæ гуыбын – хус, дæ...

С е м. Дарддæр æй мауал зæгъ. Хорз нæ суазæг кодтай. Бузныг. Ныр нын нæ фæндаг сараз.

Х а н. Уæчел! *(Æрбауайы Уæчел.)* Сæн æркæн. Хох, уæд нæ хæрам рох. Цы у тох? Æрмæст фыдох. Ма нæм уасæд халон, æмæ уæ æз нал исдзынæн хъалон. Æрмæст нæ хабæрттæ уæнт æмбæхст. Науæд... о-гъо-гъо. Хуыцау уæ мæ азарæй бахизæд! Аназæм. Æри дæ къух. *(Анызтой. Кæрæдзимæ сæ къухтæ дæттынц.)* Уæчел! Сем цытджын уазæг у, минæвар. Æмæ йын цыты лæвар мæнæй... Цы, уый зоныс? Хæрæг!

Б е с л æ н. Кæвдæсардæн æгæр дæр у. Уæзданæн та – уæзданы лæвар.

Х а н. Ды уæрмæй слæстæ! Дæ цард – дæ лæвар. Науæд дæхи бæх дæ фæлдысты фæци, уый дын фаг нæу? *(Уæчел æрбакодта хæрæг.)* Цæй, куыд у, хохаг, дæ зæрдæмæ цæуы? Сымахмæ уый кадджын у.

С е м. Æмæ куыннæ уа? Йæ куыст – хæдзардарæн, йæхæдæг – æнцондарæн. Бирæ хайуантæ афтæ не сты. Бындзы бæрц – сæ тыхтæ, хæрынмæ та – мæтыхтæ. Ис дзы ахæмтæ дæр: ныхы йас – йæ зонд, йæ бадæн – бæрзонд. Чи дзы паддзах у, чи – фæтæг, чи – тæрхоны лæг. Хуыгæсæн нæ бæззы, фæлæ дзыллæтæн тæрхæттæ хæссы. Гъе, дуне куы сæфа, уæд ахæм хъуыддæгтæй... Цæй, хæрзбон ут, нæ фысымтæ, уæ алы уазæг дæр уæ афтæ рæвдыдæй цæуæд.

*С е м æмæ Б е с л æ н рацæуынц.*

Х а н. Кæсут-ма уымæ. Хæрæгыл зыгъуыммæ сбадт... Уæчел! Тагъд, фæстæмæ йæ раздах. *(Уæчел ацæуы. Æрбаздæхы Семимæ.)* Зæгъ, афтæ цæмæн кæныс?

С е м. Ау, паддзах куы дæ, уæд цас æнæмбаргæ дæ? Иттæг нæ сбуц кодтай, хорз лæвар мын дæ цæст бауарзта. Ныр, цалынмæ дæ арæнтæй ахизон, уæдмæ дæм мæ чъылдым куыд раздахон?

Х а н. Ацу, хæйрæг дыл амбæлæд! – Уæчел, бæхты хуыздæртæй йын иу сфыццаг кæн.

С е м. Бузныг. Адæмы туг кæй уæнгты ис, уый адæмы хъæр æмбары. Хæрзбон.

*Æмбæрзæн*

**ЦЫППÆРÆМ НЫВ**

*Хох. Хъæни.*

*Адæм æмбырд кæнынц Ныхасы фæзмæ.*

**1-аг фæзынд**

У с. Ссæуынц нæ бæлццæттæ, ссæуынц!

Л æ г. Фарны хабæрттæхæссæг уæнт.

У с. Кæсут-ма уыцы гæвзыкмæ – уый дæр бæхыл бады. Æмæ бæх у, бæх – Уырызмæджы Æрфæн!

Л æ г. Уæдæ сæ хабар хорз у. Лæппутæ, марадзут, сæ бæхтæ сын райсут.

*Лæппутæ азгъорынц. Æрбацæуынц Сем æмæ Беслæн.*

Б е с л æ н *(Семыл фæстæмæ ахæцы).* Тæгиатæ, уæ хæрзæггурæггаг – мæн. Нæ хъалонæй сæрибар стæм.

У с. Æгъгъи, дæ дзыхы мын сæкæр!

Б е с л æ н. Нæ балц уыд уæззау æмæ тæссаг, фæлæ Тæгиатæ Хуыцауы уарзон адæм сты – фæуæлахиз нæ зонд, нæ хъару.

У с. Мæ уд – дæ къахы бынты фæхъхъау.

Л æ г. Куывд, хорз адæм, куывд, цытджын æлдар Беслæны кадæн.

*Сем суыны Хорчесгæйы. Бацæуы йæм.*

С е м. Мæ хуры чызг!

Х о р ч е с г æ. Мæ зынаргъ!

С е м. Куыдтæ стæм – сæрæгас, æнæниз?

Х о р ч е с г æ. Хуыцауы фæрцы. Фæлæ, мæ тиу кадимæ куы ’рцыд, уæд ды хуыскъæлтæ уыгътай?

С е м. Адæм диссаг сты. Хуыцауы ничи федта, афтæмæй йын табу

кæнынц. Хур сæ тавы, цард сын дæтты, фæлæ йын кувæг нæй. Абоны кад – уый, райсомы кад – мæн.

Х о р ч е с г æ. О, фæлæ уый æхсырæн йæ сæртæ хæрдзæн, махæн та йæ хъæстæл уыдзæн.

С е м. Ма тыхс, мæ дуне. Нæ уарзт – нæ амонд, не ’гъдау – нæ исбон. Цом хъæмæ. Лæг хорздзинад кады охыл нæ кæны.

*Ацæуынц. Куывд. Хъазт.*

Ч е г ъ р е *(æрбазгъоры).* Хистæртæ! Фæсивæд!.. Нæй хъусæг. Персы сахы ир æмæ гуырдзы Хъуды комæй аздæхтой. Уый скодта ног æфсад æмæ быдырты фæцæуы Уæлладжыры коммæ. Фæдис! Фæдис! *(Ацæуы.)*

*Хъуысы дзолгъо-молгъо. Зард. Рацæуынц Лæг æмæ Беслæн.*

Л æ г. Нæ сахъ фæсивæд! Домбай ут, домбай. Æппæлынц Нартæй. Уæ разы уыдон – дзидзидай сабитæ. Уæ хистæр – Беслæн, зондæй – Уырызмæг, æрхъуыдымæ – Сослан, тыхæй – Батырадз...

Ч е г ъ р е. Уадындзæй цæгъдынмæ Ацæмæз нæу, Ацæмæз?

Л æ г. Къæбæда ма у, лæппу, Беслæн уæ фæтæг у, стыр хъуыддаг сарæзта, æмæ йын арфæ кæнæм уæ разы.

Б е с л æ н. Арфæгонд ут. Æз – уæ кæстæр. Уæ фæндон зæгъут æрмæст, æмæ уæ фæдзæхст уыдзæн æххæст.

Л æ г. Нæ фæтæгæн иу кафт!

*Беслæн кафы. Сем рацæуы, сбады сисы сæр. Сывæллæттæ сисæй раппарынц сæргæхц, пуртийæ дзы хъазынц. Сем æй байсы. Сбады.*

С е м. Уый дын царды кæрон. Цымæ кæй сæр уыд?.. Чидæр æй хаста йæ уæхсчытыл бæрзонд. Кæйдæр хъуыд. Чидæр ын кодта козбау. Уый хуынди сæр. Ныр та – къуыдыр. Раппар-баппар æй кæнынц. Сабитæ дзы къорийæ хъазынц. Сисамайæг æй хылычъыйæн дурты ’хсæн атъыссы. Уый дын йæ хабар. Афтæ у Иры хъысмæт дæр.

Ч е г ъ р е. Сем, зæгъ-ма, ацы мæнг дунейы æцæг цы ис?

С е м. Хъулон митæ. Иу хæсты уыд, иннæ та хабæрттæ кæны. Кусæг хуым кæны, магуса та хуын хæры. Нæ хæдзар судзы, алчидæр «судзæм, судзæм» хъæр кæны, фæлæ артыл дон бакалæг нæй. Сæрхъæн – бæстысæр, æмæ нæ бæстæ æнæ сæрфатæй сæфтмæ цæуы.

Л æ г. Æнæсæрфат ныхæстæ! Цъæмæлтæ!

Ч е г ъ р е. Фидæны та цы уыдзæн?

С е м. Адæмыл зыд бафтдзæн. Æфсис нал зондзысты æмæ сырдтау кæрæдзи хæрдзысты. Давджыты хондзысты амалджын. Худинагыл ничиуал худдзæн. Фыдгæнæгæн «ма кæ» зæгъæг нал уыдзæн. Хæтаг чызг уыдзæн кадджын. Хъахбай сыл – фæткæвæрæг. Æвзæр хъаст кæндзæн йæ фыдæлтæй, ингæнтæ къахдзæн æмæ стджытыл кафдзæн. Адæмы ныхасы къæзæнæг уыдзæн дзурæг, хæсты заманы тæппуд – тохмæсидæг. Гæртамхор уыдзæн тæрхонгæнæг, йæ усы ус чи у, уый – уынаффæгæнæг. Бынхортæ Иры зæхх уæй кæндзысты не знæгтæн.

Л æ г. Гъай хурмæ цытæ калы?

Б е с л æ н. Сау лæг у æмæ сау ныхас кæны.

## 2-аг фæзынд

*Æрбацæуынц загъд кæнгæйæ И с л а м æмæ С а л а м. Ус сæ иргъæвæгау кæны, йæ кæлмæрзæн тилгæйæ.*

И с л а м. Хæрæджы сæфтæг! Мæ хъуыддæгты дæ фындз ма тъысс!

С а л а м. Джиттæлбос, сæрæй хъуыды кæн, сæрæй!

И с л а м. Цъиукъоппа, дæ зонд – цыбыр, де ’взаг – даргъ, дæ хæдзары – сыффытт дымгæ.

Л æ г. Цы у, цы хабар та у?

И с л а м. Туацъæйы зæхх Саулох-æлдарæн уæй кæнын. Ацы цъæйййаг ныффæрск – нæ, зæгъы, сау хъулгъайæн æй ратт, уыдон, дам, мæ хъонахътæ сты. Зæхх мæн у, кæд æй доны калын, уæддæр ды чи дæ? Нæдæр фахс, нæдæр фæхсынхъус, – цы гуыбынниз дæ тилы?

С а л а м. Æдылы ма у, хъулгъа дын фылдæр ратдзысты, уыдон зонынц зæххæн аргъ кæнын.

У с. Цæй, цæуыл загъд кæнут? Дыууæ дихы йæ акæнут, дыууæты фаг дæр у.

Л æ г. Уый дын Сатана! Раст зæгъы. Бафидаут.

## 3-аг фæзынд

Ч е г ъ р е. Нæ буц хистæртæ! Фæдисон Хъуды комæй.

Л æ г. Кæм и, цы зæгъы?

Ч е г ъ р е. Дæлæ гæнахы раз ныддæргъ. Ерыстау-æлдар сын сæ хъæутæ судзы, сæ сывæллæтты сын бæхты къæхты бын най кæны.

Л æ г. Ардауæн ныхæстæ! Æлдар афтæ нæ бакæндзæн.

Б е с л æ н. Æлдары кой – хъæдбын. Æлдар цы кæны, уый хæрзиуæг у.

У с. Мæ къонайыл, сывæллæттæ тæригъæд сты!

Б е с л æ н. Коммæгæс уæнт – уый сæ хос.

С е м. Хорз адæм, иу къухы æрхъис фæныхст, уæд æй иннæмæй сласын хъæуы.

Ч е г ъ р е. Раст зæгъы Сем, фæдисы цæуын хъæуы.

Л æ г. Дæ куыст кæн, мах уырдæм не ’вдæлы, махæн бæрæгбон у.

Ус. Уæууа, афонмæ мæ хыссæ арынгæй фæлыгъд. *(Фезгъоры. Æрлæууы.)* Охх, дымды фæуæд, мæнæ царциатæм бакæсон.

С е м. Куырис судзы, уæд бæттæн дзæгъæлы худы.

У с. Зондаби, хæст ма къах!

Л æ г. Хæст уартæ кæм и – фæсхохы. Махмæ дзы цы хауы? Нæ – йæ фæздæг, нæ – йæ зынг. Кæд ардæм схæццæ уа, уæд, чи схæца, уый – мах.

Ч е г ъ р е. Арт кæм судзы, уым ыл хъæуы дон калын. Æз цæуын, лæппуты срæвдз кæнон фæдисмæ. *(Ацæуы.)*

У с. Фæлæуу, кæдæм нын хæссыс нæ рæхыс?! *(Фæстæмæ фездæхт.)* Мæнæ ис, мæнæ нæ сафæг! У, джауыр, ардауæг! Дуртæй маринаг у Сем.

*Адæм февналынц дуртæм, хъилтæм. Хорчесгæ æрлæууы сæ разы.*

Х о р ч е с г æ. Æрлæуут!

У с. Æгъ-гъи, Тæгиатæ, сæфут! Ус уæм топп ныддардта. Пуй, ме ’нæуынон фæу! Налат!

Х о р ч е с г æ. Арс, дам, усыл хъуынджынæй худти! Мæ фыд, æнцад цы кæсыс, мæ дарæджы мын марынц.

И с л а м. Æз ам уазæг дæн.

Ч е г ъ р е *(æрбазгъоры)*. Хорз адæм! Цины хабар!

Л æ г. Циу, цы та у?

У с. Мæ хъуг заинаг уыд, æвæццæгæн, зыгъар рæуæд ныййардта.

Ч е г ъ р е. Сах Зæрæмæгæй лидзæг фæци. Дзурынц, Туалтæ сауæй, урсæй æрæмбырд сты æмæ Сахы мукъутæ фæхостой.

У с. Уанцон нæу?

С а л а м. Уый мæ ком у, мæ ком! Уæлахиз уæнт Цæразонтæ, Æгъуызатæ!

Ч е г ъ р е. Ныр, дам, Хъивоны æфцæгыл Дыгурмæ фæцæуы.

И с л а м. Дзыбандытæ! Дыгуры дзы цы ферох ис? Æниу... Æфсымæртæ! Беслæн, Салам! Фæдисы цæуын хъæуы.

С а л а м. Ислам, махæн бæрæгбон у, бæрæгбон... *(Чегърейæн.)* Дæ хæрзæггурæггаг – мæн.

С е м. Гъе, мардзæ, искуы адæмы хъæр бамбарут! Иугæйттæй знæгты амæттаг кæдмæ уыдзыстæм?

У с. Гъы, рагæпп мын ласта йæ каисы сæрыл. Пуй, дæ цæсгом бахæр!

Л æ г. Нæ бæрæгбон схылы-мылы. Фынгтæ уазал кæнынц, арахъхъæн йæ тæф фæцыд.

Ч е г ъ р е. Адæм - фæдисмæ, мах та - къæбицмæ?

*Кафт æмæ зард. Сем æмæ Хорчесгæ.*

С е м. Сæрæн дæ, Бадилон. Раст æлвæст кардау ферттывтай сæ астæу.

Х о р ч е с г æ. Лæг – кард, ус – уарт. Къæйных ми уыд æгæр. Фæлæ, куыд рауад, уый нæ зонын.

С е м. Дæ зæрдæмæ йæ ма хæсс. Æгайтма нæ иунæгæй ныууагътой. *(Æрбадтысты сисыл.)* Не 'фсин!.. Хъуыддæгтæ хорз не сты. Сах æрцыд æмæ фæцæудзæн. Фæлæ ацы гуырдзиаг æлдæрттæ! Æнæфсарм, тугхор!.. Мæ рифтæгтæ мын арæвдз кæн.

Х о р ч е с г æ. Цы фæнд та ис дæ зæрды?

С е м. Хуыздæр хос нæй. Зын уавæры ис Ирыстон.

Х о р ч е с г æ. Ирыстон! Цы дзы ис махæн? Йæ хъаймагъ ын чи хæры, уыдон æй хъахъхъæнæнт.

С е м. Нæ, мæ зынаргъ, уыдон бар куы уа, уæд æй сынтытæ фæхæсдзысты фæйнæрдæм.

Х о р ч е с г æ. Нæ дæ уадзын. Тæссаг у рæстæг... Стæй... Иу æхсæв дæ уат æрхъарм кæн.

С е м. Мæ уæздан къай!.. Æниу дæ уайдзæф раст у. Æнусон бæлццон – ахæм лæг кæй хъæуы.

Х о р ч е с г æ. Ныххатыр кæн. Æрра у зæрдæ... Уæд та демæ ацæуин – æмбал дын уаин.

С е м. Бæргæ, Быценон мын куы уаис, уæд дæ Хæмыцау мæ роны хæссин. Фæлæ – хуры фæзгъæр! Стæй сылгоймаг бынаты зæд у – нæй йын цæуæн. Уæд артдзæсты зынг бахорз уыдзæн.

Х о р ч е с г æ (*хъазгæмхасæн)*. Ма кæн, лæгай, рæдийыс. Хæдзары дуар лæг куы нæ хъахъхъæна, уæд æй иу дзæгъæлдзу бакæндзæн.

С е м. Мæ хæдзар къайны фидар у! Цæй, мæ рифтаг мын фен. Рæстæг цæуы.

Х о р ч е с г æ. Уый дæуæн загъдæуа.

С е м. Бонты мыстытæ нæ бахордтой. Æз дæр мæхицæй тыхлæг аразын, æндæр мæ зæрдæ суынгæг ис.

Х о р ч е с г æ. Ма фæтас. Лæг хъуамæ фидар уа.

С е м. Мæ Бонвæрнон! Дуне сæударау талынг у. Уым бирæ ис хинтæ, хæрам, хæлæг. Тæссаг у сæ хызы бахауынæй. Фæлæ фæзыныс ды. Дæ рухс мæ зæрдæйы ферттивы. Æз фæцæуын дæ размæ фыдгулты кæрдтыл, тæссаг фæндæгтыл, ахизын тæригъæдджын зæххæй, мæ разы айтынг вæййы Æрфæны фæд. Цæуын ыл æз. Мæ зæрдæйы тæлфынæй змæлынц æнæнымæц стъалытæ – æвзист дзæнгæрджытау кæнынц æрвон зæлланг. Арвгæрон уыцы зæлтæ хъусыс ды. Рацæуыс мæ размæ. Зæдтæ дын судзынц къаннæг цырæгътæ. Дуне байдзаг вæййы цин æмæ рухсæй. Ды хæссыс демæ боны фарн. Уый вæййы мæ амонд, мæ царды нысан.

Х о р ч е с г æ. Æз – Бонвæрнон. Раст зæгъыс. Сбон, æмæ нал зыны. Нал зыны, уæд айрох ис. Мæ мæлгъæвзаг – фæлитой! Зæдты фарсмæ мæ авæры. Æз æм хъусынтыл фæвæййын. Кæс, æмæ та кæдæмдæр адымдта. Уый дын нæ лæджы митæ.

С е м. Нæ хъарм уаты дæ фарсмæ бадын мæн тынгдæр фæнды... Цæй, багæдзæ кæнæм. Бæстæ æрсабыр уыдзæн. Уалынмæ къонайы алыварс къобор лæппутæ змæлын байдайдзысты. Цас кæхцытæ нæм уыдзæн, цас! Бадилаты фос сихсийдзысты. Лæппутæ хъулæй дзæхст ласдзысты æмæ рæздзысты. Æз та сын Калакæй гуццатæ хæсдзынæн. Уыдон Ирыстонæн æфсад уыдзысты, æфсад!

Х о р ч е с г æ. Дæхимæ цыдæр кæсыс! Фæрдгуытæ хæссын дæ куы бахъæуа, уымæй нæ тæрсыс?

С е м. Чи? Æз? Санаты Сем? Лæг нал дæн æви?.. Æниу чызджытæ дæр уæнт. Нарты саусæр уæйгуытæй чызджытæ фервæзын кодтой. Æрмæст дæу хуызæн фыдуынд ма уæнт.

Х о р ч е с г æ. Пысырайыл дидинæг нæ зайы.

С е м. Æмæ цы! Пысырамæ дзæгъæлы ’внæлд ничи кæндзæн.

Х о р ч е с г æ. Цæй æрра дын бантыст! Дæ рифтаг цæттæ у.

С е м. Кæд ацæттæ? Афтæ тагъд!

Х о р ч е с г æ. Хæринæгтæ дын не ’вæрын. Рæдау æфсинæн йæ бæлццоны фæндаггаг йæ разæй цæуы.

С е м. Мæ къах мæ нæ хæссы. Абоны хуызæн мыл дæ узæлд никуы ’ртæфст.

Х о р ч е с г æ. Фæныкгуыз ма фест. Адæмы хъуыддæгтæ дæумæ кæсынц. Æз дын дæ лæдзæг æмæ дæ рифтаг радавон. *(Ацыд.)*

С е м. Ехх, цымæ адæмы тохæй уарзынмæ кæд равдæлдзæн? Уарзондзинад царды хур у, мах дзы нæхи æнæхай кæнæм. Кус, араз, уарз – уый дынцард æмæ амонд. Ныр хъуамæ ныууадзон мæ фæлмæн хъарм усы æмæ сæнгуыбын æлдæрттимæ загъд-замана кæнон. Фæлæ æндæр хос нæй.

Х о р ч е с г æ *(рацæуы)*. Дæ хъуыддæгтæ рæстмæ уæнт.

С е м. Мады-Майрæмы фæдзæхст у.

Х о р ч е с г æ. Дæхи хъахъхъæн. Лæгты дзуар – де ’мбал.

С е м. Гъе Уастырджи, æнусон уæд нæ адæмы фарн.

*Ацæуы. Хорчесгæ йæ фæдыл кæсгæйæ баззайы.*
*Рухс æрмынæг. Хъазт цæуы дарддæр. Æртæ æндæрджы*
*зилдухæн кæнынц. Кæйдæр марынц. Рухс фæтынгдæр ис.*
*Æндæргтæ фæтар сты. Сем сысты – уый ныр у зæронд лæг.*

С е м *(адæммæ)*. Хорз адæм, бахатыр кæнут. Æз уын хъавыдтæн цинтæ æмæ диссæгтæ ’рхæссынмæ. Фæлæ уынут: мæ рифтаг мын ныскъуыдтæ кодтой фыдгæнджытæ. Йæ иу цæсты хастон фыдæлты зонд, фыдæлты æмбисæндтæ. Æнæбын къæртайы дон хæссæн нæй. Æмæ ныппаплой сты. Иннæ цæст æнæхъæн у. Уым хæссын Иры хъыгтæ. Уæззау сты. Уæддæр цæуын. Цæуын Зæххæй Арвмæ, Арвæй – Зæхмæ. Цæуын Абонæй Фаронмæ, Фаронæй – Абонмæ. Мæ уды рухс нæ мынæг кæны. Мæ Ныфс нæ сæфы. Ацы хъыгтæ байтаудзынæн саумæры. Цы нæ вæййы. Чи зоны, суадзой фарн æмæ фидауцы æвзартæ – æрзайдзæн сыл кад æмæ бæркады æфсиртæ. Хуыцау зæгъæд. Уæ дзæбæхтæ мæм хъуысæнт. Мæнæн та хатыр, хатыр.

*Сем дæр цæуы, хъазт дæр цæуы.*

**Кæрон**

*1990-1991 азтæ*

# ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ

## МАЛИТЫ ВАСО

*(1938–2017)*

*Ахæм ныхас баззад рагæй нырмæ, зæгъгæ, æрдз йæ фæллад суадзы, гениты цоты курдиатæй æнæ хай куы фæкæны, уæд.*

*Уыцы уавæр-уаг стыр поэт Малиты Георгийы фырт Васомæ нæ хауы: йæ номдзыд фыд дæр дзы разы уыдаид, раст æй ахæм ахъаззаг курдиатæй цæстуарзонæй фæхайджын кодта Хуыцау.*

*Васо райгуырд 1938 азы 14 февралы Дыгургомы, Мустыздæхы. Ам астæуккаг скъола каст фæци æмæ 1957 азы бацыд Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон педагогон институты филологон факультеты ирон-уырыссаг хайадмæ. Йæ фæуынмæ ма йæ иу курс хъуыд, афтæ фæллойадон царды гуылфæнтæ равзæрста: сси газет «Рæстдзинад»-ы редакцийы литературон кусæг, уый фæстæ та – телеуынынады редактор.*

*Фæлæ дарддæры ахуырыл дæр йæ къух нæ ауыгъта – 1970 азты каст фæцис Уæлдæр литературон курсытæ Мæскуыйы. Бæрнон лæгæй къорд раны кодта хицауиуæг: рауагъдад «Ир»-ы хистæр редактор, Ирыстоны чиныгуарзджыты æхсæнады сæрдар, Уæрæсейы Фысджыты цæдисы Цæгат Ирыстоны республикон хайады сæрдар, журнал «Ирæф»-ы сæйраг редактор.*

*Скъоладзау ма куы уыдис Васо, уæд йе 'ргом аздæхта литературон сфæлдыстадмæ. Æмхуызон хорз ын æнтыстысты куыд поэтикон, афтæ прозаикон уацмыстæ дæр. Иуахæмы бавдæлд драмæтæ фыссынмæ дæр. Æвæрд æрцыдысты Ирон академион театры сценæйы.*

*Алы жанры дæр Васойæн уыд, иннæтимæ фæхæццæгæнæн кæмæн нæй, ахæм дæсны æрмдзæф, суанг ма йын сонетты баст сфæлдисын дæр бантыст. Йæ чингуыты зынгæдæртæ сты: поэзийы – «Роксанæ» æмæ «Мусонг», прозæйы та – «Сурмейы хæдзар», «Гуйман» æмæ «Боны мæлæт».*

*Васо иттæг хорз архæст критикон æмæ публицистон уацтæ фыссынмæ дæр.*

*Малийы–фырт, алы зынтæ 'взаргæйæ дæр, сæрыстыр цардæй фæцард. Ныр, цы рухс дунейы ис, уырдыгæй хæрзаудæн кæнæд йæ ныййарæг зæхх æмæ Аив Дзырдыл.*

*МАЛИТЫ Васо*

# СУРМЕЙЫ ХÆДЗАР

*(Скъуыддзаг)*

Дуар астæуккаг æнгуылдзы хъæбæрæй бахоста, æмæ йæм райхъуыст Сурмейы лæмæгъ хъæлæс: «Мидæмæ!»

Аслæмбегæн къæсæрæй йæ бахызт æмæ Сурмейæн йе ‘гъдауы сыстад фæиу сты.

– Фæтæрсын мæ кодтай, Сурме, кæд, зæгъын, лæппутæй исчи... ту-ту, фыдбылызтæ – не знæгты хай... Дæхæдæг дæр рынчын дæ...

Сурме йæ сбадын кодта сæ хуыздæр бандоныл – йæ бадæн дæр, йæ къæлæт дæр хуынчъытæгонд фанерæй, – йæхæдæг йæхи ‘руагъта пецæй сынтæджы ‘хсæн æвæрд табуреткæйыл.

– Ацафон лæгмæ дзæгъæлы фæдзурай, уый æнхъæл нæ дæн... Цы кæныс? Дæхи ‘взæр исты ‘нкъарыс, æнæфæразгæ дæ?

Зæронд сылгоймаг ын тыхкаст кодта йæ мæллæг фæлурс уадултæм æмæ, æдде куыд уазал у, уый банкъардта йæхиуыл, куыддæр барызти йæхимидæг, цыма йыл хъызты бырдæн æрбакалд, уыйау, фæлæ йæм бакæс – цавддур æй фенхъæлдтаид лæг, æнафоны уазæджы ныхæстæм йæ сæр чысыл куы нæ батылдтаид, уæд. Стæй йæ цæстытæ сабыргай æрцъынд кодта, æмæ фыр зæрондæй æгъуыз тъыфылты бынæй рахъардтой, цæстыты арфы рагæй чи бадти æмæ тыхурæдæй дзæбæх чи ныннæрсыд, уыцы дыууæ цæссыджы. Аслæмбег сыстад, фæлæ уæдмæ зæронд усы цæстытæ байгом сты æмæ йæм ногæй хус æмæ сыгъдæгæй æрхуым каст кодтой:

– Не ‘ппæт дæр нæхи ‘взæр æнкъарæм, мæ боны рад, не ‘ппæт. Æз дæр æнæфæразгæ дæн, ды дæр... – Сурмейы хъæлæс уыди сыгъдæг, йæ цæстæнгас куыд сыгъдæг уыди, афтæ. Аслæмбег дзы н’ ахста нæдæр низы азар, нæдæр, æндæр исты зын кæнæ фыдбылызыл баст чи уыдаид, ахæм уаг æмæ зæл. Æвзæр, æнæфæразгæ стæм, тынг æвзæр... Лæг хи адзалæй куы амæлы, уæд уый æнамонддзинад у, ай-гъай, фæлæ мæлæт кæм нæй, ахæм цард дзæнæт у, дзæнæт та цæрæг уды нæ хъæуы. Царды быдыр хуым кæны иу гутон, æмæ йæ ласынц дыууæ галы – райгуырд æмæ амæлæт. Чи райгуырд, уый мæлын хъæуы, æмæ, хорз фæцæрынмæ чи хъавы, уый фыццаджы-фыццаг хъуамæ йæхи хорз

амæлынмæ, а дунейæ рæсугъдæй ацæуынмæ цæттæ кæна. Рæсугъдæй чи нæ фæцарди ацы тæригъæд зæххыл, уый рæсугъдæй н' амæлдзæн. Гъе, мæ боны рад, афтæ... Канд бадарон æмæ бахæронæй нæу цард... Фæстаг боны сагъæс – сагъæсты сагъæс...

Мæлæты коймæ Аслæмбеджы зæрдæмæ тас калмау бабырыди, скъуыбылæйттæ.

– Фыдбылызтæй фылдæр цы ис адæймаджы фæндагыл, фæлæ се 'ппæт зынгæ нæ кæнынц. Уыдонæй бирæтæ райсынц дзаумæттæ æмæ удгоймæгты хуыз, сæхимæ сцыбæл кæнынц адæймаджы æмæ йæ афтæмæй асайынц, фæрæдийын кæнынц. Нарты Сослан Мæрдты бæстæйæ фæстæмæ уæлæуыл цардмæ куы здæхти, уæд ын йе 'дзард ус ныффæдзæхста: «Хæдзармæ здæхыс, фæлæ дæ фæндагыл цы ссарай, уый цыфæнды зынаргъ хæзна куы разына, уæддæр-иу æм ма бабæлл, ма йæм æрлæуу, ма йæ сис, йæ иувæрсты ахиз æмæ дæ балц дарддæр кæн». Сослан рараст йæ фæндагыл, уæдæ цы уыдаид, цæуы, цæуы, æмæ йæ размæ фестад сыгъзæринты кæри. Нарты нæрæмоны зæрдæ куыннæ ныррухс уыдаид уыйбæрц хæзнаты уындæй, фæлæ йæ усы фæдзæхст йæ зæрдыл æрбалæууыд, йæ бæхы 'рцавта ехсæй æмæ йæ рæзты фатау атахт. Цас фæцыдаид, уый иунæг Хуыцауæй йеддæмæ чи зоны, фæлæ та кæсы, æмæ йæ фæндагыл цæхгæрмæ лæууы сыгъзæрин рувасы сыгъзæрин къæдзил. «Ай мæ мады зæронд Сатанайæн куы балæвар кæнон, уæд мæ чысыл бузныг нæ фæуыдзæн»,– ахъуыды кодта, фæлæ та йæм мæрдтæй æрбайхъуыст йæ усы хъæлæс, æмæ та йæхиуыл ныххæцыд, йæ сæрмæ не 'рхаста, мард уды курдиат нæ сæххæст кæнын. Хæдзармæ йæ бирæ нал хъуыди, афтæ йæ размæ фæци зæронд худы хæррæгъ – фæндаджы астæу рыджы 'вдылди. Йæ бæх нæ баурæдта нæртон гуырд уымæ дæр. Фæлæ иу чысыл куы ауади, уæд æм фæсмон æрцыди: «Ай цы митæ кæнын, уыйбæрц сыгъзæрин æмæ хæзнатæй мæхи æнæхай куы фæкодтон! Мард сылгоймаджы æдылы фæдзæхстмæ чи хъусы, уый та – уымæй æдылыдæр! Цон æмæ уæддæр худы зæронд райсон, æфсинтæн пецмæрзæн хæцъилæн бабæздзæн!» Раздæхти Сослан æмæ йæхи бабын кодта. Уый Сырдон уыди – худы хæррæгъ йæхи фестын кодта. Сыгъзæринты кæри, рувасы къæдзил дæр Сырдон уыди. Ацы таурæгъ куыд нæ зондзынæ... Фæлæ зымæгон æхсæв даргъ у... Ныр адæм телевизортæм кæсынц, рагон заман та не 'хсæв хистæрты таурæгътæм хъусгæйæ 'рвыстам... Уæвгæ, ныр

ӕнафон у. Фӕлӕ дӕм иугӕр фӕдзырдтон ӕмӕ ‘рбацыдтӕ, уӕд мӕм кӕронмӕ байхъус. Сослан йӕ бӕхы нӕмын куыд райдыдта ӕмӕ йын й’адзалы сусӕг куыд зӕгъын кодта, уыдӕттӕ дын нӕ дзурын, ма тӕрс. Сырдон куыд хин ӕмӕ кӕлӕн уыди, уый тыххӕй дӕр нӕ ракодтон рагон таурӕгъ...

Аслӕмбегмӕ гуырыдысты уӕззау хъуыдытӕ, тох кодта сӕ фесафынил, фӕлӕ, цас карздӕр уыди уыцы тох, уыйас, фыдӕнӕнгӕнӕгау, фылдӕрӕй-фылдӕр кодтой уыдон дӕр, змӕлыдысты, бӕз-бӕз кодтой, лыгъдысты фӕйнӕрдӕм, сӕхи марын нӕ уагътой. «Мӕлӕт», «адзал», «фӕстаг бон», «йӕхи бабын кодта» – ӕндӕр ницы ахстой Аслӕмбеджы хъустӕ Сурмейы ныхӕстӕй. Ӕвиппайды ныббырсӕг знаг йӕ ныхмӕлӕууӕджы фидар куыд бацахсы, афтӕ йын адон дӕр бацахстой йӕ фӕлдисонд ӕнӕхъӕнӕй. Уӕззау пъӕззы йыл йӕхи ӕруагъта – нындзыг, сызмӕлынхъом нал уыди. Ӕрмӕст йӕ зӕрдӕ тагъд ӕмӕ тыхджын цӕфӕй цавта, цыма буары ӕппӕт тыхтӕ дӕр уым ӕрӕмбырд сты ӕмӕ уырдыгӕй – фӕстаг мӕсыгӕй – тох самадтой сӕ марджыты ныхмӕ. Сурме дарддӕр кодта йӕ ныхас:

– Ацы таурӕгъы мӕм ӕппӕтӕй диссагдӕр касти иу хъуыддаг: Сослан йӕхимӕ сыгъзӕринты кӕрийы иувӕрсты ахизыны тых куы ссардта, рувасы сыгъзӕрин къӕдзил дӕр ын не ‘гъдауы фарн куы нӕ басаста, уӕд цыдӕр хӕррӕгъмӕ йӕ сӕр куыд ӕрхаста, цы йыл ӕрцыд? Йӕ мӕлӕт стыр мулк ӕмӕ зынаргъ дзаумайы фӕдыл куы ‘рцыдаид, уӕд зӕрдӕмӕдзӕугӕдӕр уыдаид. Фыццаг хатт чысыл сывӕллонӕй фехъуыстон мӕ фыдыфыдӕй ацы таурӕгъ. Куыд ӕй бахъуыды кодтон, афтӕ йӕ радзырдтон нӕ сывӕллӕттӕн дӕр... Диссаг, ӕгъуыстиаг диссаг... Ӕнӕфенгӕ хӕзнатӕ нӕ райста, цыдӕр зӕронд хӕррӕгъмӕ та йӕхи ‘ргуыбыр кодта Нарты фӕйнӕгфарс Сослан! Уымӕй ма худинагдӕр цы уа! Сослан нӕ, фӕлӕ мӕгуыргур дӕр ахӕм хъуыддаг йӕ сӕрмӕ хъуамӕ ма ‘рхӕсса.

Ӕвиппайды пецы дуар фегом, ӕмӕ йӕ гуыр-гуыр артхъӕлӕсӕй пъолмӕ ‘рхаудта ‘хсидав,– йӕ фӕрстӕ дзӕбӕх февзалы сты, фӕлӕ ма йӕ ранӕй-рӕтты зивӕггӕнгӕ зынджы ‘взӕгтӕ сдӕрдтой. Фӕздӕг скалд, ӕмӕ Сурме схуыфыди. Аслӕмбег ӕмбӕрста: хъӕуы фӕгӕпп кӕнын ӕмӕ ӕхсидав пецы баппарын, фӕлӕ цавддурау бадти, йӕ бон нӕ баци фенкъуысын дӕр. Бадти ӕмӕ касти, Сурме йӕ бынатӕй сындӕггай, ӕнӕ стыфӕй куыд сыстади ӕмӕ ӕвиппайды куыд

ӕрбазӕронд (ӕрдӕбон дӕр ма тыхджын, ӕнӕниз зынди), Сослан йӕ мӕлӕт кӕмӕй ссардта, уыцы зӕронд худы хӕррӕгъау, куыд ӕргуыбыр кодта ӕхсидавмӕ, ӕртыскӕнӕй исӕгау ӕй дыууӕ ӕнгуылдзӕй сабыргай систа ӕмӕ йӕ фӕстӕмӕ арты хуылфмӕ куыд баппӕрста. Стӕй бахгӕдта пецы дуар, бӕзджын цыппӕртигъон цугун, кӕдыггон у – Хуыцау йӕ зонӕг. Уыдис ыл, рудзынджы чысыл ӕвгтыл уазалы дӕсны къух цы 'нахуыр бӕлӕсты къалиутӕ сныв кодта, цӕмӕйдӕр уыдон хуызӕн чи уыди, ахӕм джиппӕйуагъд нывӕфтыдтӕ. Сурме сбадти йӕ бынаты, ӕмӕ та Аслӕмбегмӕ фӕкасти, рагӕй-ӕрӕгмӕ дӕр ӕй цы хуызӕнӕй зыдта, ахӕм фидарстӕг, ӕнӕниз ус. Йӕ армытъӕпӕнтӕ даргъ къабайы уӕлӕ йӕ уӕрджыты сӕртыл уӕгъд ӕвӕрд, афтӕмӕй ӕрхуым бадт кодта; Аслӕмбег ын нымдзаст йӕ къухтӕм, цырагъы рухсмӕ сын дзӕбӕх уыдта сӕ сауцъӕх тугдадзинтӕ – бӕласы уидӕгтау къӕдзтӕ-мӕдзтӕй цыдысты фӕйнӕрдӕм. Стӕй йӕ цӕстӕнгас систа къухтӕй, зӕрдӕрисгӕйӕ ахъуыды кодта: «Ӕнхъӕлдӕн, кӕлӕнгӕнӕг, тагъд нӕ кӕныс мӕрдты бӕстӕм, Сослан кӕцӕй раздӕхт, уырдӕм,– куыд дӕм кӕсын, афтӕмӕй ма мӕн хуызӕтты хистыты къӕбӕртӕ дӕр бахӕрдзынӕ!»

– О, мӕ боны рад,– ногӕй райдыдта Сурме, йӕ сӕр гӕзӕмӕ ӕркъул и галиу уӕхскмӕ ӕмӕ йӕ афтӕмӕй сабыргай тылдта, – дӕ зӕрдӕ йӕ базыдта – уынын дын дӕ удхар дӕ цӕстыты – цӕмӕн дӕм фӕдзырдтон ахӕм ӕнафоны, ахӕм хъызт рӕстӕджы – ацы 'хсӕв ӕвзӕр хицау дӕр йе 'взӕр куыдзы уынгмӕ нӕ ратӕрдзӕн. Зоныс ӕй, мӕ боны рад, хъӕбулы ад мын кӕныс, мӕ сывӕллӕттӕй дӕ ницӕмӕй хицӕн кодтон... Бирӕ бонтӕ мын нал баззад цӕрынӕн, ӕмӕ ма мӕ куыд ферох уыдзӕн м' адзалы бонмӕ дӕр, кӕд мӕрдты исты ис, уӕд уым дӕр мӕ зӕрдыл дардзынӕн, уӕлӕуыл мын Хуыцау цы хӕрзтӕ саккаг кодта, уыдон уӕле дӕ раконд хорз. Ды фервӕзын кодтай хистӕр лӕппуйы, дӕуӕй бузныг стӕм, абон сӕрӕгас ӕмӕ ӕнӕнизӕй зӕххыл кӕй цӕры, уый тыххӕй. Уыцы стыр хорз дын мах бон бафидын нӕу, куы зӕгъын, мӕрдтӕм дӕр ӕй, ӕвӕццӕгӕн, нӕ уӕлӕ ахӕсдзыстӕм, фӕлӕ дын мах бӕсты иунӕг Хуыцау, табу йӕхицӕн, табу сымахӕн дӕр, ӕхсӕвы зӕдтӕ, – арфӕ ракӕнӕд. Лӕппу ма куы уыдтӕ, уӕддӕр дӕ никуы ницӕмӕй барӕвдыдтон, куы зӕгъын, ахӕм стыр хӕс фидыны хъару мӕнмӕ нӕ уыди, цӕмӕй дӕ бабуц кодтаин афтид армы хъармӕй йеддӕмӕ? Гъе 'рмӕст дӕ лӕппуты 'мрӕнхъ

мæхи хъæбулыл нымадтон, æндæр мæ бон ницы уыди, æмæ мын уый тыххæй ныххатыр кæн... О, искуы бон уый куы зыдтаин, æмæ мыл ацы ‘хсæв æрцæудзæн, æмæ дæумæ арфæ ракæныны тыххæй нæ, фæлæ æвирхъау хабары фæдыл фæдзурдзынæн... Уый куы зыдтаин, уæд абоны онг фæцардаин? Фæлæ мæ Хуыцау ралгъыста, ралгъыста мын мæ бинонты, мæ хæдзар. Мæ Хуыцау мæ фæлвары, æз дæр мæхи ныхъхъæбæр кодтон, мæхи нæ тылиф кæнын, цæуын йæ тæрхоны дзырдмæ, кæннод... – Сурмейы хъæлæс æрныллæг,– кæннод фæцуддзæн нæ царды бындур... Лæджы хæдзарæн йæ бындур дурæй фидар нæу – æгъдауæй... Дур сæттын дæр зоны. Нæ къæсæртæ хъуамæ æгъдау æмæ рæстдзинадыл лæууой, уæд æнусон уыдзысты, æмæ сыл цин дæр фидаудзæн, хъыг дæр.

Aслæмбег æвиппайды банкъардта, йæ цæсгом куыд судзы, фехъуыста æхсидавы къæрцц æмæ фæкасти пецмæ – къæй йæм разынди сырхзынгæй, кæд æцæгæй сау дардта, уæддæр. Кæрдзыны хус къæбæрау йæ хъуыры цыдæр нынныхст – цы, ууыл хъуыды кæнын нæ фæрæзта, æрмæст хатыдта, куыд æй тыхсын кæны, ныхъуырын куыд нæ комы. Йæхицæн загъта: «Сыст!», йæ хъарутæ ‘рæмбырд кодта æмæ базмæлыд, сыстад, стъолæй райста хæцæнджын стыр алюмини кружкæ, йæ цæст къуымтыл ахаста, пецы бакомкоммæ нарæг скъаппы ауон табуреткæйыл донæй дзаг къæрта ауыдта, йæхимидæг ыл бацин кодта, бацыди йæм. Дон банызта, кружкæ фæстæмæ йæ бынаты куыддæр сæвæрдта, афтæ йæм ногæй фæлæбурдта æмæ йе ‘ргом Сурмемæ раздæхта:

– Сурме, дон дæ нæ хъæуы? Бахатыр кæн, фæрсгæ дæр дæ нæ бакодтон.

Сурме йæ сæр «нæ», зæгъгæ, батылдта, стæй, Аслæмбег йæ бынаты куы сбадти, уæд загъта:

– Ницы кæны. Æгъдаумæ гæсгæ дон кæстæрæй нуазынц...

Æгъдауы коймæ та Аслæмбеджы зæрдæ ныссæххæтт кодта, цыдæр æбæрæг фыдбылызы ауон йæхи æмбæхста, мин хатты кæй фехъуыста, уыцы хуымæтæджы ныхæсты, фæлæ йæ нæдæр йæ зондæй, нæдæр йæ зæрдæйæ ацахсын фæрæзта æмæ йæхимæ æрбамæсты йе ‘нæбондзинады тыххæй, æрбамæсты йæ зæрдæмæ, сæрымагъзы раст хъуыдытæ мурмæ дæр чи нæ дары æмæ мæнæ ацы кæлæнгæнæджы хуызы, йæхи зонынхъом куы фæци, уæдæй раст ацы сахатмæ мадау

кæй уарзта, уыцы хингæнæджы хуызы, йæ мæлæт кæй уыны. Фæлæ зæрдæ цыдæр æгъдауæй уыдта æмæ зыдта: æрцыди йæ фидæн бон, йæ хъаймæт, мæнæ æрлæууыди йæ тæрхоны цур. Фæлæ йын тæрхонгонд цæудзæн, цы фыдмитæ ракодта, айдагъ уыдоны тыххæй нæ – уый афтæ у, зæгъгæ, уæд ма Аслæмбег арфæйаг дæр уаид йæ хъысмæтæй, кæд цыфæнды уæгъуырсыдз æмæ æлгъыст разынди, уæддæр. Нæ, тæрхон ын кæндзысты иунæг галиу ми, иунæг рæдыды тыххæй нæ. Иунæг фыдгæнды тыххæй нæ, кæд уый цыфæнды æвирхъау у, уæддæр. Дзуары бын æрлæууыд йе ʻппæт царды мидисæн дзуапдæттæгæй. Æмæ, фыдгæндæн цас æмбæлы, уыйас æфхæрдыл æй нæ ныууадздзысты – йæ ном ын заринаг фæкæнынмæ хъавынц! Гъе, гъе уымæн бахъуыд зæронд сыл-бирæгъы аргъæуттæ ʻмæ таурæгъты сæр!

– Иуахæмы нæ лæгæн сæрæй-кæронмæ ракодтон ацы таурæгъ, – дзæвгар рæстæг хъусæй фæлæууыны фæстæ ногæй райдыдта Сурме. – Бафарстон æй, зæгъын, Нарты кадджын Сослан сыгъзæрин кæнæ рувасы зынаргъ къæдзил цæуылнæ райста, кæд æй Хуыцау сафынвæнд скодта, уæд, цыдæр хæррæгъы онг ма йæ цæмæн æруагъта? Уый мыл худæгæй йæхи схаста, стæй афтæ зæгъы: «Ахуыр кодтаис, æмæ дæ ахуыргонд рауадаид». Æмæ, зæгъын, уый бамбарынæн ахуыргонд уæвын нæ хъæуы. Гъа-ма, гъа, зæгъы, куыд æй æмбарыс. Æмæ йын æз ахæм дзуапп радтон: Сослан сыгъзæринтæ райстаид, рувасы къæдзил райстаид кæнæ уыцы рыгæйдзаг хæррæгъ – йæ кæрон иу уыди, уымæн æмæ уыдон се ʻппæт дæр æцæг нæ уыдысты – Нарты хин Сырдонмæ куырдиаты тых уыди æмæ-иу йæхи, цы йæ фæндыди, уый фестын кодта. Фæлæ ацы сыгъзæрин кадæг чи ʻрхъуыды кодта, уыцы рагон куырыхон лæг Сосланæн æрмæст йæ мæлæты хабар радзурынмæ куы хъавыдаид, уæд ын сисын кодтаид, фыццагдæр йæ фæндагыл цæуыл сæмбæлд, уый – сыгъзæрины кæри. Фæлæ йæ кадæггæнæг ууыл нæ ныууагъта, йæ мæлæтыл ын сбаста йæ худинаг дæр – лæджы хуызæн лæг йæ сæрмæ куыд æрхæсдзæн цыдæр бызгъуырмæ бабæллын?

Худæг дæр у æмæ худинаг дæр йæ ми. Зындгонд лæджы худинаг та адæмы ʻхсæн бирæ цæры, æмæ кадæггæнæг, йæ таурæгъ нывæндгæйæ, æвæццæгæн, ууыл хъуыды кодта, цæмæй фæстагæттæ Сосланы мæлæт æмæ худинаг сæ зæрдыл дарой æмæ, сæ фæндагыл цæугæйæ, – цард фæндаг у, æндæр цы у – сæ мондæгты коммæ ма кæсой. Бирæ цæмæдæрты бабæллы лæг, фæлæ фыдæлты фарныл нæ къух куы

ауигъæм, Сослан мард уды фæдзæхстыл йæ къух куыд ауыгъта, афтæ, уæд не сæфт æрцыд. Фыдцъылыз, æнæфсарм, æнæгъдау хъуыддæгтæ Сырдонау сæхи фестын кæнынц сыгъзæрин, зынаргъ дзаумæттæ... Куы сæ сисай, уæд та дæ къухы фестдзысты худинаджы худы хæррæгъ... Афтæ загътон нæ лæгæн, æмæ мемæ сразы.

Сурме йæ сæрыл хæрдмæ схæцыд æмæ нымдзаст Аслæмбегмæ. Æнафоны уазæг уьцы æндзыгæй бадти æмæ тарстæй æнхъæлмæ касти, дарддæр цы уыдзæн, уымæ. Йæ бакаст уыди, нырма ныртæккæ йæ мæлæты тæрхон чи фехъуыста, фæлæ йе 'вирхъау мидис дзæбæх кæмæ нæма бахъардта, ахæм адæймаджы хуызæн. «Цæттæ у ныр»,– æхсызгонæй сулæфыд Сурме, йæ мидæнтъыснæг фæрогдæр, фæлæ уыйхыгъд æвиппайды йæ зæрдæ æрбауынгæг, йæ цæстытæ донæй айдзаг сты, афтæ фæтæригъæд кодта Аслæмбегæн. Йæ цæстытæ бахгæдта æмæ скуыдта. Куы ракаст, уæд йæ тæккæ роцъойы бын федта донæйдзаг алюмини кружкæ – Аслæмбег ыл ризгæ къухæй хæцыди. Райста кружкæ, фæлæ дзы хуыпп дæр не скодта, пецы кæрон æй тигъыл æрæвæрдта.

– Цу, мæ боны рад, мауал бад, ныр æнафон у... Цы зæгъдзысты уæхимæ?..

Фæлæ йын Аслæмбег нæ фехъуыста йæ ныхæстæ. Фæстæмæ сбадти йæ бынаты.

– Сурме, – йæ мидуавæр йæ ныхасы уагæй æмбæхсыныл архайгæйæ, загъта, – цыдæр дæ фæндыди... мæнæн дæ цыдæр хабар зæгъын фæндыди...

Сурме йын дзæвгар рæстæг дзуапп нæ радта, бадти, æдзух куыд фæбады, афтæ – йæ галиу уæхскмæ иучысыл йæ сæр æркъул ис æмæ йæ зына-нæзына тылдта дыууæрдæм. Æрæджиау загъта:

– Цы зæгъинаг дын уыдтæн, уый бамбæрстай. Ныртæккæ мæнæй цы фехъуыстай, уый дын мин хатты дзырдта де 'фсарм. Гъе, гъе, уымæн хъизæмар кæныс. Гъе, гъе, уымæн бахауд зындоны цадмæ дæ уд. Æмæ цæй тыххæй? Дæхи кæй нæ баурæдтай... Дæу фæндагыл дæр чысыл нæ уыди цæстсайæнтæ æмæ зæрдæсайæнтæ. Дæхи уд де 'вдисæн – цалæй дзы загътай дæхицæн «нæ»... Уыдон мидæг та æмбæхстæй бадти хæйрæджы мæнгард уд æмæ дын де 'фсарм сындæггай æхсыдта, бæласы цъæх сыфтæрты калм куыд фехсыны, афтæ... «Ничи ницы фендзæн, ничи ницы базондзæн, батайдзæн

дын...» – уыдæттæ дын хæйрæг дзырдта, хæйрæг. Æмæ æппынфæстаг æрцыдтæ, æрцæуинаг цæмæ уыдтæ, уымæ. Хæйрæг дын фæстаг къæппæг авæрдта дæ фæндагыл, æмæ дзы бахаудтæ... Адæмы фарн дæ йæ маст исы, царды æцæгæй цы кодтай, канд уый тыххæй нæ, фæлæ дæ хъуыдыты цæмæ бæллыдтæ, уый тыххæй дæр. Уыцы къæппæг дын хæйрæг дæ разы æрæвæрдта чызджы буары хуызы... Æмæ дзы нæ алыгъдтæ... Дæхæдæг æм бацыдтæ... Æмæ чызг хуымæтæджы чызг куы уыдаид, стыр Хуыцау, дунейы фарн... мæ урс дзыккутæ бындзыггай ныттоныны хъару мын ратт... Иу туг, иу стæг... Уыцы æвирхъау ми æвирхъаудæр у цыфæнды мæлæтæй дæр, уымæн æмæ дунейыл йæ худинагæй æнæуагдæр, æнæфсармдæр, фыдгæнддæр хъуыддаг нæма ‘рцыди зæххыл.

Уыцы уысм Сурме Аслæмбегмæ куы фæкастаид, уæд фыр тæссæй, чи зоны, ныцъцъæхахст кодтаид: мард лæджы мидбылхудт ныззылын кодта уазæджы былтæ, йæ цæстытæ æбуалгъ æрттывд кодтой, йе знагыл йæхи ныццæвынмæ йæхи чи ‘рцæттæ кæны, ахæм сырды цæстытау. Йæ бынатæй фæгæпп ласта, фелвæста бандон æмæ дзы йæ тых-йæ бонæй стъол æрцавта.

– А, мæнгард хингæнæг!!! Ныртæккæ дын дæ сæр ныппырх кæндзынæн! – Æмæ та йæ тых-йæ бонæй стъол æрцавта бандонæй: ацы хатт бандоны къах – фыййаулæдзæджы стæвдæн – асаст, фесхъиудта æмæ пъолыл йæ тъæпп фæцыд. Аслæмбег æй къахæй скъуырдта, æмæ уый дæр Сурмейы хъæбысы смидæг, уырдыгæй æрхауд йæ къæхты бынмæ æмæ уым банцад йæ дæрæгъдзæгæй. Зæронд ус, æнæуынгæ стыр пуртийыл хæцæгау, йæ къухтæ йæ цæсгоммæ систа, йæ дзых бахæлиу, æмæ афтæмæй цавддур фестад.

– Исты ма дæ фехъуыстон...– куы ‘рсабыр, уæд загъта Аслæмбег. Сурмемæ нæ касти, нымдзаст, æрдæбон йæ бандон кæм лæууыд, уырдæм, дзырдта йæхицæн дзурæгау ныллæг хъæлæсæй, æмæ хæстулæфт куы нæ кодтаид, уæд ыл ницæмæй фæгуырысхо уæвæн уыди, – исты ма дæ фехъуыстон – хъаст ма ракæ, нæ бацауæрддзынæн... нæ бацауæрддзынæн... Фысы ‘ргæвст акæндзынæн кæйфæнды дæр, уæлдай мын нæу. Хъусыс, Сурме, искæмæн исты загътай... Дзуапп нæ дæттын...

– Æз никæмæн ницы зæгъдзынæн... Дæхæдæг... Хуыздæр уыдзæн, дæхæдæг...

– Æ, зæронд бирæгъ! – ныууынæргъыдта Аслæмбег.

Ацы æлгъыст зæронд усы фæлмæн æгоммæгæсдзинадæй бынтондæр сырд фестади, йæхи йыл баскъæрдта, йæ аркъауы хуызæн тыхджын æнгуылдзтæй йын ацахста йæ хурх. Сурмейæн ма бантыст ныхъхъæр кæнын, фæлæ æвиппайды банкъардта æнахуыр цин – йæ цард кæмæн сæнад, уымæ ма фæзыны ахæм цин, йæ мæлæты ‘рцыд куы базоны, уæд. Æдæппæт цæстыфæныкъуылды бæрц рæстæг, æмæ фервæзтæ зæххы æмуæз хæссинаг уаргъæй, дæ фыдфынтæй, дæ æнæнымæц сагъæстæй, дæ зæрдæмарæг æрхуымæй, кæйдæр бæсты æгъдау æмæ фарнып хъуыды кæнына хæсæй. Бабыхс, удисынæн цас рæстæг хъæуы? – бафæраз. Аслæмбег ын йæ хурхмæ куы фæлæбурдта, уæд ын уый дæр фырадæргæй йæ тæрттæ ацахста, ныр æвиппайды йæ къухтæ йæ хъæбысмæ ‘рхаудысты, йæхи хæр-хæр ма йæм кæцæйдæр ‘рбайхъуыст æмæ цыдæр æрбаци. Куы ‘рчъицыдта, уæд фыццаджыдæр банкъардта, уæлдæф ын кæй нæ фаг кæны æмæ тыхулæфт кæй кæны. Бирæ рæстæг нæ рацыд, цалынмæ йæ чемы цыди, уæдмæ. Йæ цæстытæ куы байтом кодта, уæд федта: Аслæмбег бадти пъолыл, йæ къæхты цур, æмæ богъ-богъæй куыдта. Йæ буар æнæхъæнæй дæр уæззау куыдæй стъæлфыди.

– Мад дæ, мад, Сурме, – богъ-богъгæнгæ дзырдта,– не ‘ппæты мад дæ, куыд дæ амарон?

– Æмæ мæ кæд мад хонут, – кæуынхъæлæсæй рæвдаугæ дзырдта Сурме, – кæд уын мад дæн, уæд сымах мæ сывæллæттæ не стут; æмæ йæ сывæллæтты чи нæ уарзы, уый цæй мад у?

Аслæмбег дзæвгар рæстæг фæкуыдта, стæй басабыр. Бирæ рæстæг ма фæбадти пъолыл сæргуыбырæй. Стæй загъта:

– О, фæлæ дæуæн дæхицæн сывæллæттæ ис.

– Ис...– йæ сæр батылдта Сурме.

– Кæрцæй хæдон – хæстæгдæр... Дæу афтæ фæнды, æмæ æз Цæрæджы бæсты сбадон? Лæгыл фыдбон куы акæны, уæд уарзынтæ æмæ нæуарзынтæй нал фæхъазы – хи царм зынаргъ у.– Аслæмбег скасти Сурмемæ – йæ цæстытæ сырды æррадзинадæй ногæй æрттывтой, фæлæ ацы хатт уыцы æрттывды уыди хин дæр, æмæ йæ цæсгом кодта худæндзаст.

– Цæрæджы бæсты æз цæмæн сбадон? Иуы амонд, дам, иннæйы æнамонддзинадыл арæзтæуы. Мæ мæгуыр сæр мын амæттагæн цæмæн æмæ кæмæн хæссыс? Хъæбулау мæ кæй уарзыс, уый тыххæй?

Уый, ай-гъай, кæуылты хорзæх у мæнæн, фæлæ уæддæр уыйас стыр нæу, æмæ мæхи нывондæн æрхæссон. Хъус-ма, Сурме! Дæ хистæр фырты дын фервæзын кодтон! Æмæ æгъгъæд фæуæд мæнырдыгæй! Цæрæджы тыххæй дзуапдæттæг нæ дæн. Олимпиадæ йæхæдæг загъта, йæхæдæг æм бацамыдта. Уæдæ æвдисæнтæ дæр ис. Цы бачындæуа? Цы сыгъзæринтæ æмæ къæдзилты кой кодтай, уыдон дæ фырты дæр...

Аслæмбег йæ ныхас кæронмæ нал фæци. Йæ цæстытæ уæрæх байгом кодта æмæ зондцухау ныккасти Сурмемæ. Стæй йæ бынатæй фæгæпп кодта:

– Хингæнæг! – райхъуыст æлхъывд дæндæгты ʻхсæнæй,– хингæнæг! Цæмæй йæ зоныс? Цы зæгъынмæ хъавыдтæ, Олимпиадæйы кой куы ракодтай, уæд?

– Олимпиадæйы кой æз нæ ракодтон.

Марды мидбылхудт та ныззылын кодта Аслæмбеджы былтæ:

– Мæнæ диссæгтæ! Судзины хуынчъы мæ æндахæн фелвæстай. Æнхъæлдæн мын хинтæ скодтай! Цыдæриддæр дæ фæндыд, уый мын дзурын æмæ кæнын кодтай. Гипноз! Мæнæ диссæгтæ! Ныр дзурдзынæ: йæхæдæг басасти, цы митæ мын бакодтай, цы мын бадардтай? Ау, ахæм лæмæгъ дæн, æмæ мыл дæ хинтæ схитыдтой? Дæ къухы сывæллоны хъазæн куы фестадтæн! Ницыуал хъуыды кæнын... Æрдзæй дæм, æнæмæнг, цыдæр ис... Хъус-ма, Сурме, милицæйы фыст дæ? Гипнозы тых кæмæ ис, уыдон милицæйы сæрмагонд номхыгъды фыст сты. Тæккæ райсом – дохтыртæм. Хуыцау йæ зонæг, ныронг дæр адæмæн цы фыдбылызтæ сарæзтай дæ рувасы митæй. Ныр бамбæрстон, Сырдоны худтæ, сыгъзæринтæ, хæрæджы къæдзилтæ дæ цæмæн бахъуыдысты, – уый дæ куысты метод у, дæ куысты. Ма ʻфсæрмы кæн, зæгъ, Олимпиадæйы кой цæмæн ракодтай?

– Олимпиадæйы тыххæй æз иунæг ныхас дæр нæма загътон. Хуыздæр уаид, дæхæдæг куы зæгъис...

– Æмæ æз цы зæгъон, – нырдиаг кодта Аслæмбег, – гъа, райдай та дæ таурæгътæ, дæ уыци-уыцитæ хæрджытæ ʻмæ рувæсты къæдзилты тыххæй, дæ гипнозæй мын калмы ʻвзагау мæ сæрымагъз адау, фæсур та мæ кæн, æмæ дын зæгъон: «Æз, Æдарцты Аслæмбег, мæ хо Олимпиадæйæ сыгъдæг нæ дæн, Цæрæджы та, мæгуыр йæ бон, Хуыцауы рæстæй æрцахстой!» Цæмæй тæрхондоны афтæ зæгъон, уый дæ фæнды? Мæ цотæй дын ард хæрын – уыдонæй зынаргъдæр мæнæн

а зæххыл ничи ис – уыцы ныхæстæ мæ нæ фехъусдзынæ, дунейыл æппæт магтæ æмæ йогты сæрдар куы фестай, уæддæр. Фыдгæнд чи ракодта, дзуапп дæр ыл уый дæттæд закъоны цур. Уый дын мæ фæстаг ныхас!

Сурме сыгъдæг тымбыл цæстытæй касти йæ размæ æмæ уыдта Аслæмбеджы тарбынцъæх пинджакæй гæппæл дыууæ æнæвæрд сæхтæгимæ.

– Ацу, дæ хорзæхæй, ацу, – загъта ныллæг, фæлæ фидар хъæлæсæй, – ацу, æмæ дæ къах мауал æрбавæр ацы къæсæрæй.

–Ацæудзынæн, – бустæхуызæй дзуапп радта Аслæмбег,– дæ хæдзармæ дын, мыййаг, лæбургæ куы не 'рбакодтон, фæдзырдтай мæм æмæ 'рбацыдтæн. Цæуын. Не 'хсæн ницы ныхас рауад. Æппындæр ницы! Фехъуыстай?

Кæцæйдæр æм зæххы бынæй фехъуыст Сурмейы лæмæгъ хъæлæс:

– Хорз. Кæд дæхæдæг афтæ нымайыс, уæд фæуæд афтæ.

Сурмейы цæстыты разæй тарцъæх хъуымацы гæппæл дыууæ æнæвæрд сæхтæгимæ æрбайсæфт æмæ федта скъаппы фæстæ ныллæг табуреткæйыл донæй дзаг цинк бедра. Бедра æвиппайды фестади Зæринæйы худæндзаст цæсгом, æмæ Сурмейы зæрдыл æрлæууыд уыцы дард æнæраздæхгæ изæр, Цæрæг уазджытимæ горæтæй куы 'рцыди. Уæд мæнæ ацы бедрамæ дыгъта æхсыр Зæринæ, хъуг æй фæсайдта, хайуан дæр хин у адæймагау, уæдæ цы, йе 'хсырæй йын бирæ нæ радта, родæн æй ауæрста. Йæ хъæбулы чи нæ уарзы?

Карз æрхуым бынтон æрлæмæгъ кодта Сурмейы, йæ уæнгтæ 'ркалдысты, æмæ йæхиуыл схæцыны фæнд дæр нал кодта – цы уыди, уымæй йæхи бакодта йæ адджын зæрдæсæттæн мысинæгты 'вджид. Нал фехъуыста, Аслæмбег æм къæсæрæй куыд æрбахъæр кодта «хæрзæхсæв», зæгъгæ, уый дæр, дуар йæ фæдыл куыд ныггуыпп кодта, уый дæр. Æрбайсæфт цинк бедра дæр йæ цæстыты разæй, цыдæр æрбаци Зæринæйы райгонд цæсгом. Уыдта бирæ цæсгæмттæ йæ алфамблай – разæй дæр, йæ фæрстæм дæр, йæ фæстæ дæр – бæлвырдæй сын н' ахста сæ кæндтытæ, фæлæ сæ цыдæр æгъдауæй зыдта, сæ алкæйы дæр фæсмæрдта. Уыдон æмхъæлæсæй дзырдтой, сæ дзолгъо-молгъойы Сурме ахста сæ алкæйы хъæлæс дæр хицæнæй, кæд сын сæ ныхæстæй иунæг дзырд дæр, хицæнæй райсгæйæ, не 'взæрста, уæддæр цæуыл дзырдтой, уый æмбæрста. Æмæ уыцы

цæсгæмттæ, уыцы хъæлæстæ сиу сты æмæ тыхджын зилгæ дымгæйау зылдысты, сæ астæу – Сурме, æмæ йæ хастой пакъуыйы хуызæн рогæй кæдæмдæр. Сурме æмбæрста: мысы уыцы диссаджы изæр, йæ царды амондджындæр изæртæй иу: Цæрæг уазджытимæ ‘рцыди горæтæй, Зæринæ уæд фыццаг хатт æфсиниуæг кодта йæ хæдзары – дыгъта хъуг; фæлæ йын ацы хатт мысинæгтæ, раздæр-иу куыд уыди, афтæ адджын зæрдæнцой нал хастой: уыцы дард, æдзух уыцы дард изæрæй цы ‘мбисонды рухс калди, уый ныр цыдæр хуызы хъæлæстæ æмæ цæсгæмтты æмтъеры æмзилдухы фестад зæрдæниз, арфдæр æмæ йын карздæр кодта йе ‘рхуым. Сурме æмбæрста, рынчын у æмæ йæ сынтæг йæхимæ ‘лвасы, фæлæ йæ бон сыстын нæ уыди. Йæхи ‘лгъыста, Зæринæйы кæй арвыста, стæй Аслæмбегмæ кæй фæдзырдта, уый тыххæй, зыдта, рæстæг æмбисæхсæвæй фæивгъуыдта – цырагъ ахуысын кæнын хъæуы, науæд адæмы цæст уынаг у, сыхæгтæй исчи, йе та æнафоны цæуæг йæ цæст куы ‘рывæра ацы Хуыцауæй æмæ адæмæй æлгъыст хæдзары рудзынджы рухсыл, уæд истæуыл фæгуырысхо уыдзæн, æмæ хъæубæсты сусу-бусуйæ ничиуал бауромдзæн, фæлæ иуæй сыстын йæ бон нæ уыди, иннæмæй та тæрсгæ кодта æгуыппæг мæйдарæй, зымæгон даргъ æхсæвты ацы хæдзары паддзахиуæг чи кæны, йæ хуылфы зонгæтæ æмæ æнæзонгæты, мæрдтæ æмæ æгæсты æндæргты æмбæхстæй чи дары, уыцы саудалынгæй. Нæ сæ уыдта ныртæккæ уыцы ‘ндæргты, фæлæ æнкъардта, ам кæй сты, йæ алыварс зылдæгæй кæй лæууынц æмæ та ныртæккæ кæй базмæлдзысты, кæй схор-хор кæндзысты; тарсти сæ, кæд йæхи, æцæг царды ахæмæй ницы ис, зæгъгæ, ууыл æууæндын кодта, уæддæр. Дунейыл æнæрцæугæ диссæгтæ кæй нæ вæййы, уый тыххæй арæх дзырдта йæ лæг Георги, йæхæдæг дæр уыйас тынг не ‘ууæндыди, адæмы ‘хсæн цы ‘мбисонд æмæ алæмæты хабæрттæ хъуыста, уыдоныл. Дзæбæх æй нæ уырныдта, æрдзы фæлдисонды уæле ма æндæр тыхтæ ис, уый, хæйрæджытæ æмæ дæлимонты йæхи цæстæй чи федта, уыдоны ныхæстыл дæр тынг не ‘ууæндыд. Кæддæр, чысыл чызг ма уыди, афтæмæй йæ фыдыфыд Саулæгæй – хъæуы умæй нымаддæр лæг нæ уыди – фехъуыста, йе ‘вæлтæрд сабиуд ын бындзарæй чи сæнкъуысын кодта, ахæм æгъуыстаг хабар. Æмæ уæдæй, суанг чындздзон чызг куы сси, уæды онг æй æнцой нæ уагъта Саулæджы таурæгъ. Уыдис-иу ахæм æхсæвтæ,

боныцъæхтæм-иу фыртæссæй куы нæ бафынæй, хъæццулы бын-иу йæхи ныннорста æмæ-иу йæ зыр-зырæй не ‘рæнцад. Цыбырдзырдæй, Саулæг ракодта, хæйрæгимæ куыд фембæлд, уый хабар. Йæ ныхас æцæг кæй уыди, ууыл гуырысхо ничи кодта, дзырддзæугæ зонджын лæгыл хъæубæсты мидæг никуы ничи фæгуырысхо, йæ рæстдзинад ын æвдисæн æмæ дæнцæн хастой. Æмæ йыл адæм афтæ тынг кæй æуууæндыдысты, уый йæ хъуыддаг бакодта. Цы цау ыл æрцыд, уый сси адæмон царды æцæгдзинад, йæ кой райхъуыст æппæт хъæутыл дæр, æмæ хохæгты ноджы тынгдæр уырнын райдыдта, хæйрæджытæ æмæ дæлимонтæ кæй ис, уый.

Хъуыддаг уыди афтæ. Саулæг иунæгæй баззад уæтæры. Дзæбæх æрталынг, арт æрмынæг, æмæ йын Саулæг йæ цæхæр фæнычы бын банорста, зынджы цæст райсоммæ куыд нæ ахуысса. Æвиппайды йæм чидæр йæ номæй æрбадзырдта. Фыййау бадис кодта: ацафон уæтæрмæ чи ‘рбафтыдаид, хъæу – дард, къахфæндаг ардæм тæккæ сæрсæфæны былгæрæттыл цæуы, æмæ йыл мæйдары цæуынмæ йæ ныфс чи бахаста? Æмæ кæд иунæг нæу? Кæд абырджытæ кæнæ къæрныхтæ сты æмæ йын йæ фос атæрынмæ хъавынц? Ахæм гуырысхотæй йæ зæрдæ фезнæт, мусонгмæ бауади, йæ хъыримаг радавта æмæ йæхи ‘рцæттæ кодта «уазджытыл» сæмбæлынмæ. Фæлæ тæккæ уыцы уысм йæ хæд фæстæ райхъуыст кæйдæр фæлмæн хъæлæс: «Æ, лæппу, фætарстæ? Æз та ма мæхицæн дæуæй февæрын ныфсытæ, мæ зæронд мын, зæгъын, æгады бынатмæ не ‘руадздзæн!» Саулæг фæстæмæ фæзылд, лыстæг ныккасти дзурæгмæ æмæ базыдта йæ зæронд фыды.

– Баба! – йæ фырдис æмæ тæмæсæй фæхъæр кодта Саулæг,– куыд æгъдауæй æрцыдтæ ардæм ахæм мæйдары? Лæгæн йæ цæст куы акъахай, уæд æй куы нæ фендзæн.

– Ау,– бахудти зæронд лæг, – ферох дæ, æз æхсæвыгон дæр бонау кæй уынын? «Æмæ æвиппайды, – дзырдта Саулæг,– мæнмæ афтæ фæкасти, цыма æцæгæйдæр мæ фыд æхсæвыгон дæр цæстæй хорз уыны, цыма мæнæй ацы хабар æрбайрох, æмæ мæхиуыл æрхудтæн».

– Æмæ цы ‘рцыди, æхсæвыгон ардæм æрцæуын цæмæн сфæнд кодтай? – бафарста Саулæг.

– Лæппу, рох дæ фæци, æви? – бадис кодта фыд,– мах афтæ куы баныхас кодтам, дæ мадмæ уæлмæрдмæ ныууайæм, зæгъгæ. Æнхъæлмæ нæм кæсы.

Саулæгмæ та æвиппайды афтæ фæкасти, цыма се ‘хсæн æцæгæйдæр ахæм ныхас уыди, æрбайрох дзы, фæлæ ныр йæ зæрдыл æрбалæууыд.

– Æмæ фыстæ та? Бирæгъты амæттаг нын нæ фæуыдзысты?

– Ма тæрс,– дзуры зæронд лæг,– ардæм куы цыдтæн, уæд мæ басылыхъæй фидар ныббастон нæ фæрæты ком, æмæ бирæгъæн йе ‘фсæртæ бахæлиу кæнын йæ бон нал бауыдзæн.

Æмæ уыйадыл фыд æмæ фырт араст сты уæлмæрдмæ – уым сæм æнхъæлмæ касти Саулæджы мад – куы амарди, уæд ма Саулæг хæрз чысыл лæппу уыди.

«Мæ фыд разæй цæуы, æз – йæ фæстæ,– дзырдта Саулæг,– згъорын, тыххæй-фыдтæй йæ ‘ййафын, лæппуйау ахæм цæрдæг æмæ рог сæпп кæй кæны, ууыл дис дæр нæ кæнын: уыцы рæстæджы, рухсаг уæд, сынтæгæй уæлæмæ дæр не стади, уæззау рынчын уыди. Æмæ хæйрæджытæ лæгæн цы нæ бакæндзысты? Цыбырдзырдæй, уæлмæрдмæ нæ фæхæццæ стæм м’ амондæн: иу Хуыцау мæ сæфта, иннæ мæ, табу йын уæд, фервæзын кодта. Хабар афтæ рауад. Мæ фыд «тагъддæр», «тагъддæр» кодта, чысыл æрулæфын дæр нæ уагъта, æмæ мæ фæздæг калди. Фæстагмæ нæ цыд дугъмæ рахызт. «Рæвдздæр змæл, – фæстæмæ мæм хъæр кодта мæ фыды зæронд,– дæ мады дын мæрдтæй æрмæст фыццаг кæркуасæнтæм рауагътой!» Бирæ нæ нал хъуыди уæлмæрдтæм, афтæ дын æваст хъæуы кæройнаг хæдзарæй уасæджы уасын куы райхъуысид! Æмæ хæйрæг æрбайсæфт. Уасджыты уасынæй, дам, куыд тæрсынц, афтæ ницæмæй...»

Гъе, гъе, ахæм хабар радзырдта Саулæг... Уыцы цауыл дыууæ боны рацыд, афтæ амарди йæ рынчын фыд. Æмæ адæмы ‘хсæн алыхуызон ныхæстæ ‘мæ койтæ сарæх сты. Саулæджы фыды уды, дам, йæ буары цæрын нал бафæндыд,– хæйрæг, дам, ын йæ хуыз радавта, спайда, дам, дзы кодта.

Чындзы куы ‘рцыди, ууыл мæй æви фылдæр рацыдаид, афтæ Сурме йæ мойæн басасти, йæ фыдыфыд æмæ хæйрæджы фембæлды хабар куы фехъуыста, уæдæй æхсæв иунæгæй дзæбæх кæй нал уæнды. Георги, Æрыдоны семинары ахуыр кæнгæйæ, бынтондæр атеист сси, æмæ, ай-гъай, нæ бауæндыд Саулæг æмæ хæйрæджы таурæгъыл. Æрдзы мидæг цы нæй, уыимæ куыд ис фембæлæн? Уый у адæмон фантази, æрымысæггаг хабар. Фæлæ Сурме къæрттæй цъула не ‘ппæрста.

– Раст цыма дæхæдæг дæр уым уыдтæ æмæ хæйрæджы дæхи цæстæй федтай, уый ныхæстæ кæныс,– худти Георги.

– Æз æй нæ федтон,– нæ састи Сурме,– фæлæ баба, рухсы бадæд, гæды ныхас кæй никуы ракодта, ууыл мæ сæр лыгмæ дæттын.

– Чи зоны... – хъуыдыты аныгъуылд Георги,– чи зоны, гæды ныхæстæ нæ кодта. – Æвæццæгæн, æцæгæйдæр фембæлд хæйрæгимæ. Фæлæ цы уыдта, уый æцæг нæ уыди. Уый галлюцинаци хуыйны. Æнæниз адæймаг фынтæ куыд уыны, афтæ уыцы низæй сæйæг адæм хъал уæвгæйæ дæр фæуынынц, се 'мгæрон дæр чи нæ вæййы, ахæм алыхуызон адæймæгты, цæрæгойты, сæ рынчын сæрымагъзы райгуырынц æнахуыр нывтæ æмæ сурæттæ, алæмæты диссæгтæ, хъусынц сын сæ хъæлæстæ æмæ сæм афтæ фæкæсы, цыма æцæг сты.

Ацы уæлæуыл дунейы æгъуыстиаг сусæгдзинад ахæм хуымæтæг æмæ æнцон æмбарæн разындзæн, уый æнхъæл йæ фыны дæр никуы уыди Сурме. Георгийы ныхæстæ йæм цы дис сæвзæрын кодтой, уый ахæм стыр æмæ æнахуыр уыди, æмæ дзæвгар рæстæг сдзурынхъом нал сси, джиххуызæй дзæгъæл каст кодта йæ уарзон лæгмæ. Йæ фыдыфыд æмæ хæйрæджы фембæлд, æнæхъæн комы адæмы стырæй-чысылæй чи сызмæлын кодта, уыйбæрц зæрдæты сусæг тасы дзæмбыты чи дардта, уыцы хабар, рацæй-рабон, æмæ разынди дæлæмæдæр-уæлæмæдæр иу адæймаджы рынчын сæрымагъзы сæнтты цъата. Саулæджы таурæгъыл баст хъуыдытæ æмæ тасæй кæй фæуæгъд, уымæй фыццаг банкъардта æхсызгон æнцойдзинад, цыма, ныронг дзæгъæлы кæй фæхаста, уыцы уаргъ йæ рагъæй раппæрста. Фæлæ уый фæстæ æрæнкъард. Цалдæр боны йæ дзыхæй ныхас нæ хаудта, йæхимæ хъуыста, æмæ кæд хæдзары куыстытæ кодта раздæрау æназым æмæ лæмбынæгæй, – чи зоны, уыцы бонты ноджы разæнгарддæр, ноджы рæвдздæр уыди, йе 'внæлд, – уæддæр Сурмейы бон нæ баци йæ мидуавæр йæ лæджы лæмбынæг цæстæй бафæсфæд кæнын – хæдзары зилæнты-иу куы бацыд, уæд-иу дзы айрох, исчи йæм кæсы, уый æмæ-иу арæх, кæдæмдæр дзæгъæлгастгæнгæ, джихæй аззад. Георги йæхирдыгонау 'мбæрста йе 'рыгон бинойнаджы зæрдæйыуаг æмæ йæ иуахæмы бафарста, цавæр сусæг сагъæс дын æвдæрзы дæ уд, цæуыл æрæнкъард дæ, зæгъгæ. Ног чындз йæхи хъæлдзæгæй æвдыста, мæ зæрдæ æнæмигъ арвæй сыгъдæгдæр у, зæгъгæ, мæ сæрыхицауæй цы бамбæхсон, а дунейыл ахæмæй ницы ис æмæ ницы уыдзæн. Фæлæ йыл Георги нæ бауæндыд.

Дыккаг бон ын загъта, æмбал æмбалæн куыд фæзæгъы, афтæ – йæ ныхасы ницы домæн уыди, раст цыма дзуапмæ дæр не ‘нхъæлмæ каст:

– Цы дæ тыхсын кæны, уый зæгъ, æмæ дын фенцондæр уыдзæн.

Йæ бæллæх дæр уый мидæг уыди, æмæ, Сурмейыл цы ‘рцыди, уый йæхæдæг дæр нæ зыдта. Бирæ æнахуыр, æнæзонгæ, æнæном æнкъарæнтæ сиу сты йæ зæрдæйы, æмæ уыдон искæмæн цы ‘взагæй радзура, кæм ссара ахæм ныхæстæ? Сурме тæригъæд кодта йæ фыдыфыдæн – уый, мæгуыр, рынчын уыди, хæхбæсты йæ кой дæр кæмæн никуы фехъуыстой, уыцы æвирхъау низæй, æмæ йæ иу æмбарæг нæ уыди, иу фæкæсæг йæ уæлхъус не ‘рбалæууыд. Сурме тæригъæд кæнын райдыдта, æппæты тынгдæр кæмæй тарсти, уыдонæн дæр – хæйрæджытæн, тæригъæд сын кодта, а дунейыл æцæгæй кæй не сты, уый тыххæй. Фæлæ йæ зонынджын зæрдæ æппæтæй тынгдæр рысти, зондæй дзæбæх бамбарын кæй нæ фæрæзта, кæронмæ йæхи чи не ‘вдыста, ахæм æнахуыр æнкъарæнæй – цыма æвиппайды йæхæдæг дæр, Георги дæр, адæм се ‘ппæт, дуне æнæхъæнæй мæгуырдæр, сидзæрхуыздæр фесты, афтæ йæм касти. Бирæ нæ ахаста йе ‘рхуым ног чындзæн, уыцы хъуыдыйыл уайтагъд фæуæлахиз æрыгон туг æмæ сыгъдæг уарзондзинады стыр амонд. Æмæ чындзæн йæ зыланггæнаг хъæлæс, йæ худын ногæй райхъуыстысты хæдзарæй. Фæлæ дзы никуыуал ферох уыцы æвирхъау дзырд «галлюцинаци». Сурмемæ дзырд йæхæдæг дæр цыдæр æнахуыр, æнахъинон цæрæгойы хуызæн касти, хæйрæгæй дæр тæссагдæр æмæ фæлывддæр чи у, ахæм. Уыцы æвирхъау «цæрæгойæн» суанг йæ кой дæр æвзонг сылгоймаджы карды цæфы хуызæн нос ныууагъта. Гъе, уымæн ма йæ хъуыды кæны Сурме абоны онг дæр.

Йæ зæрдыл та йæ афтæ бадардта уыцы зындзурæн æцæгæлон дзырд, Георги «галлюцинаци», зæгъгæ, куы загъта, уæд йæ цæстыты раз æваст фестадысты дыууæ адæймаджы фæрсæй-фæрстæм: сæ иу уыди фыдхуыз, кæрдæджы хус халæй тæнæгдæр бурдзыкку, дыууадæсаздзыд чызг – кæддæры тыхджын тарст йæ цъæх хъоппæг цæстыты æндзыгæй баззад; иннæ уыди уæйыг лæппулæг, æнæдаст, йæ къæбæлдзыг сау сæрыхъуынты, æвæццæгæн, бæх похци нæ аластаид, æлвыд ын куыд никуы уыдысты, афтæ сæрвасæнæй фаст дæр никуы ‘рцыдысты. Чызджы хуыдтой Галя, нæлгоймаджы – Цинадзе. Галя йæ фыдимæ хæхбæстæм æрбафтыд, мидхæст æххæст нæма банцад,

афтæ. Сыдæй амæлынæй æндæр хос сын нал уыди, æмæ сæ райгуырæн Уæрæсейæ сыстадысты, къæбæрагур цæуынтæ райдыдтой, æмæ сæ сæ удирвæзынгæнæг фæндаг мах коммæ æрбахаста. Чызджы фыд, цыбыр, къæсхуыр къуылых лæг, йæ риу мидæмæ бахаудта низæфхæрд æмæ æххормагæй, бирæ нал ацард хæхбæсты – чехоткæйæ амарди æртхъирæны мæйы хъызт æхсæвтæй иуы. Хъæубæстæ йæ, ирон æгъдаумæ гæсгæ, уæлмæрдгæрон бавæрдтой, æхсæны хист ын скодтой æмæ йын рухсаг загътой. Йæ мæгуыр сидзæр чызджы йын сæхимæ цæрынмæ ахуыдта зæронд Пæсæ – йæ иунæг фырты йын урс хъазахъхъ æрцауыгътой, æмæ уæдæй йæ царды фæстаг бонмæ (цæргæ та бирæ фæкодта), йæ саутæ нал систа. Йæ хæстæджытæ æрцыдысты Пæсæмæ æмæ йын алывыд фæкалдтой, йæ хæдзармæ йæ туджджынты къалиу кæй бауагъта, уый фæдыл. Пæсæ сæм ницы дзырдта, хæдзары астæу æнцад лæууыди æмæ бынмæ касти.Хæстæджытæ бамбæрстой, ком нæ ратдзæн, уый æмæ йæм æртхъирæнтæ кæнын райдыдтой, хъоды дын бакæндзыстæм дæхиуыл дæр, дæ хæдзарыл дæр, зæгъгæ. «Пæсæ, цы ми кæныс, ууыл ахъуыды кæн, – дзырдтой мыггаджы хистæртæ, – нæ мæрдтæ дæ ралгъитдзысты, дæхи иунæг хъæбул дæ ралгъитдзæн æппæты фыццаг, дæ удмæ ахæм тæригъæд кæй исыс, уый тыххæй. Нæ мыггаг нын заринаг ма фæкæ, адæмы астæу цæрæм – не ‘фсымæры нын чи амардта, уыдоны цъаммар тугæй гуырд у, дæхицæн чызгæн кæй райстай, уыцы куыдзы къæбыла дæр!» Пæсæ йæ дзыккутæм фæлæбурдта, бындзыггай сæ тонын райдыдта, йæ цæссыгæйсыгъд уадултыл йæ ныхтæ æруагъта, тугхуымтæ дзы бакодта, стæй йæ уæлæдарæс скъуыдтæ æмæ фæрчытæ кæнын райдыдта. Уый фæстæ æрхауд æмæ зæххыл йæхи хоста, йæ цъæхахст, йе ‘рдиаг, йæ богъ-богъæй хæдзары къултæ рызтысты. Сылгоймæгтæ йæм февнæлдтой, фæлæ сæ бон куы нæ баци йæ басабыр кæнын, уæд ын нæлгоймæгтæ цалдæрæй йæ къухтæ ацахстой, фæлæ уыдон дæр фæйнæрдæм аппæрста йе ‘рра тыхæй, æмæ йæ уæд ныууагътой йæхи бар. Цас ахастаид, чи зоны, йæ агъуыды рæстæг, фæлæ йæ уды æнæбын хъыг йæ буары рыстæй, йæ уадулты дудгæ тугæрхæмттæй, йе ‘рдиаг, йæ богъ-богъæй куы фæрогдæр кодта, уæд æрсабыр æмæ йæ хæстæджытæн сабыргай загъта: «Фарн уæм бадзурæд, мыггаджы хистæртæ, уе ‘нахъом æфсымæр уæ бузныг у мæрдтæм, æгъдау ын радтат йæ фæстаг фæндагыл, абон дæр ын йæ ном нæ рох кæнут. Уе

‘хсæн фæцардтæн, мæ зæронды бонтæм комкоммæ уæ никуы никæмæ бакастæн, фæстæмæ дæр уæ никуы никæмæ сдзырдтон, фæлæ уæ абон фæрсын: ирон ироны никуы амардта? Æмæ искуы исчи уыйадыл æнæхъæн адæмы йæхицæн туджджын рахуыдта? Лæппуйы уырыссаг тугрaсыг салдæттæ бабын кодтой, фæлæ сæ хицау нæхирдыгон уыди, уый дзырдæй йын бакодтой ахæм æнæрцæугæ митæ. Уый уæхæдæг нæ зонут? Ныр мын зæгъут: нæ туджджын чи у, прикъаз сын чи кодта, уый æви уыцы прикъаз чи æххæст кодта, уый? Ма ‘вналут сидзæр чызгмæ, ницæмæй аххосджын у, йæхи мæгуырбон йæ фаг у...» Афтæ сын загъта, æмæ хæстæджытæ ацыдысты сæ хæдзæрттæм, хъыпп-сыпп сæ никæмæйуал схауд. Дыккаг бон изæрæй ногæй æрæмбырд сты Пæсæйы хæдзармæ, семæ æрбаластой дзæбæх уæрыкк – уыцы æххормаг азты уый кæуылты æгъдау уыди – акусарт æй кодтой, æртæ чъиришы дæр куыннæ скодтаиккой, фæдзырдтой, кæмæ ‘мбæлди, уыдонмæ æмæ загътой: «Мæнæ ацы хæдзары къæсæрæй сидзæр чызг йæ къах æрбавæрдта, нæ мыггагыл ног адæймаг бафтыди, Пæсæйæн – кæнгæ чызг, махæн хо-æфсымæр, æмæ ацы æртæ чъирийæ Хуыцаумæ бакувæм, цæмæй нып уыцы хъуыддаг рæсугъдæй бафидауа, мах дæр дзы зæрдæрайгæ куыд фæуæм, уый дæр нæ хи мыггагау куыд бауарза».

Сурме бахæлар Галяимæ – æмгæрттæ уыдысты,– бауарзта йын йæ диссаджы зарджытæ – сæ ныхæстæ сын æппæт кæм æмбæрста, фæлæиу сæ рæсугъд азæлды æнахуыр æрхуым æмæ æнкъарддзинадæй йæ зæрдæ суынгæг... Уый фæстæ Галя горæтмæ ахуыр кæнынмæ ацыди æмæ хæхбæсты нал фæзынд. Цы фæци, уый Сурме абон дæр нæ зоны... Цинадзе та уыди Рацъæй, гуырымыхъ, фæлæ хæларзæрдæ, цалдæр гуырдзиагимæ æхххуырсты куыстой хъæубæсты, даргъ хырхытæй нæзы хъæдтæ дæргъмæ фастой фæйнæгæн. Гъе, æмæ уыцы дыууæ бынтон фæйнæхуызон адæймаджы, фæрсæй-фæрстæм лæугæйæ, Сурмейы цæстытыл куы ауайынц, уæд цыдæр æгъдауæй фесты уыцы æвирхъау дзырд – галлюцинаци. Сурме ницæй тыххæй сразы уаид ацы дзырд искæмæн зæгъыныл, фæлæ йæ хъæрæй куы сдзурид, уæд дзы рауаид «галя–цинадзе» – йæ рагон дыууæ зонгæйы нæмттæ кæрæдзийыл бастæй. Мæнæ ныртæккæ дæр йæ цæстытыл уайынц сидзæр уырыссаг чызг æмæ уæйыг гуырдзиаг лæппулæг, фæлæ Сурме архайы æндæр низы ном æрхъуыды кæныныл. Кæд уыцы низæй рынчынты, Аслæмбег куыд зæгъы, афтæ æцæгдæр милицæйы чиныджы фыссынц, уæд уый

цы хъылма уыдзæн, æви ма галлюцинацийæ дæр тæссагдæр низ ис, уæвгæ, æвирхъаудзинады къæпхæнтыл банымайæн куыд нæй. Æмæ кæд, æцæгæйдæр, Аслæмбег раст дзуры – ахуыргонд адæм хъуыддæгтæ хуыздæр æмбарынц – уæд, æцæгæйдæр, рынчын у, æмæ йæ йæхæдæг не ‘мбары. Мæгуыр бабайæн дæр йæхимæ йæ зæрдæ никуы ницæмæй ‘хсайдта, хъæубæстæ дæр ыл никуы ницæмæй фæгуырысхо сты, се ‘хсæн уынаффæйы лæгæй кад æмæ радимæ фæцарди. Æмæ кæд хæйрæг нæй ацы æцæг дунейыл, – æппæт ахуыргонд адæм дæр афтæ зæгъынц, чингуыты дæр æй фыссынц, скъоладзауты дæр ууыл ахуыр кæнынц, – уæд, æвæццæгæн, хæйрæджытæн уыцы æвирхъау низ у сæ мад, ныййарысæ, йæ цæхæры кæй сфыцы, уыцы сæнттæцæгъдæг сæрымагъзы... Æндæр кæцæй фæзынынц?

Сурмейы сæрымагъз хъизæмары бахауд, æрдæбон Аслæмбег цы ног низы кой кодта, уый ном æрхъуыды кæнынил, фæлæ йын, й’ аууонил дæр нæ хæст кодта: ирон æвзаджы уыцы дзырды ‘нгæс чи уыдаид, ахæмæй ницы зыдта зæронд ус. Æмæ æрцахсын кæй нæ фæрæзта, уыцы сау дзырдæй, æвирхъау сырдæй лидзæгау, лыгъди йæ мидхъуыдыты, лыгъди йæ аргъæутты мæсыгмæ – йæ рухсдæр, йæ адджындæр мысинæгтæй конд бæстæмæ, уыцы æнæраздæхгæ изæрмæ, Цæрæг горæтæй уазджытимæ куы ‘рцыди, Зæринæ та хъуг куы дыгъта... Фæлæ ирвæзынгæнæг мæсыгмæ æххæст нæ хæццæ кодта, нæ йæ уагъта мидæмæ бахизын æмæ йæхи бамбæхсын, æвирхъау низы ном æрхъуыды кæнынил цы хъизæмар кодта, уый. Ноджы æмбæрста, йæ зонд дзæгъæл фыдæбон кæй кæны, уыцы æнæхайыры дзырдæн йæ фæд дæр кæй не ссардзæн, æмæ уымæй йæ удхар кодта карздæр æмæ æгъатырдæр.

Æвиппайды дуар æрбахостæуыд, æмæ фестъæлфыд, фыртæссæй райхъуыст йæ зæрдæйы гуыпп-гуыпп... Фæлæ уыцы уысм кæмдæр йæ зæрдæйы арфы ныййазæлыд хæрзæггурæггаджы хъæры хуызæн хъæлæс: «Уый уыдзæн!».

«Æнхъæлдæн та ацы ‘хсæв дæр фервæзтæн», зæгъгæ, куыд ахъуыды кодта, афтæ къæсæрæй æрбахызт Зæринæ. Тарвазы фæлгæт дуары æрбайгомимæ фæрухс – бон цъæхтæ кодта.

# МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ

● **27.06.2019.** Хуссар Ирыстоны кадджын уавæры байгом кодтой Кавказы литературæйы пехуымпар, поэт, прозаик, драматург, публицист, ахуыргонд, академик, Ирыстоны иузæрдион хъæбул Джусойты Нафийы цыртдзæвæн. Архайдтой дзы Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны интеллигенци, Парламентты минæвæрттæ, ирон дзыллæ. Сарæзта йæ скульптор Бекъойты Алан.




● **02.07.2019.** Хетæгкаты Къостайы 160 азы юбилейы фæдыл РЦИ-Аланийы Фысджыты цæдисы сæрдар Агънаты Гæстæн фысджытимæ фембæлдысты Хъæрæсейы цæрæг ирæттимæ. Сарæзтой литературон изæр.

● Мыхуырæй рацыдысты поэт Брытъиаты Аслæнбеджы чингуытæ сывæллæттæн: «Хуры тынтæ» æмæ «Гимн рассвету».

* * *

*Шеф-редактор* М.Б. БУТАЕВА
*Корректор* А.К. КАРГАЕВА
*Дизайн, верстка* М.Т. БАГАЕВ

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алания.

Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна, уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ лæвæрд цæуынц, уыдон редакци рецензи нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ нæ дæтты.

Учредитель: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО–Алания 362003. г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

*Адрес редакции: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста 11.*
*E-mail редакции: mahdug@mail.ru; http: // www.mahdug@mail.ru.*
*Тел.: гл. редактор – 25-09-64;*
*отдел поэзии, корректор – 25-09-74; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47.*

Подписано к печати 15.07.2019 г. Формат издания 60х84 1/16. Бум. офсет. №1.
Гарнитура шрифта Times New Iron.
Печать офсетная. Усл. п. л. 8,37. Учетно-изд. л. 8,43. Тираж 1000 экз.
Заказ №365. Цена свободная. Выход из печати 25 июля 2019 г.

Отпечатано в ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.